Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

## Шамил имам - Кавказалъул бахIарчи



6/2022
ноябрь - декабрь




225-летие со дня рождения
Имама Шамиля



# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана
1952 соналда
Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**6**

**2022**

**ноябрь - декабрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**



**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева.



Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

Шамилил цIар кьураб танказул къокъа.........................................................................3

**ШАМИЛ ИМАМАС 225 ТIУБАЯЛДЕ**

**Инхоса ГIали-хIажи.** Шамилиде ..................................................................................4

**МИСКИН ХАЛКЪАЛЪЕ ГIОЛО**
**ХВАЛЧЕН КЪВАТIИБ БАХЪУЛА**

**ЦIадаса ХIамзат.** Шамил…........................................................................................ 7

**ДИР ТIЕРХЬУНАРЕБ ЦIВА АХIУЛГОХIАЛДА**

**Расул ХIамзатов.** ЩулалъулгохIалъул лъукъарал ганчIал ........................................8

**ШАМИЛ ИМАМ – КАВКАЗАЛЪУЛ БАХIАРЧИ**

**МухIамад АхIмадов**. Имам Шамил..........................................................................15

**КАВКАЗАЛЪУЛ ГЬАЛДОЛЕЛ КЪОЯЗУЛ КЪИСА**

**МахсутI ЗайнулгIабидов.** Генералиссимус Генуса Шамил…........................................22

**КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…**

**МухIамад МухIамадов.** Баху-меседо Расуловалъул хвел гьечIел шигIриял жугьаби..49

**ЗАМАНАЯЛЪУЛ ГЬОКО**

**МухIамад МухIамадов.** Къелеса ГIали – Къудукьа Мусаласул мугIалим..................57

**МАШИДАТ ГЪАЙИРБЕГОВАЛЪ 95 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**ТубхIат Зургьалова.** Халкъалъ халкъияб цIар кьурай шагIир…...................................61

**ЦIИЯЛ ЦIАРАЛ**

**ХIабиб Мусаев.** Рогьалил гIужда хадуб хабар щибдай рагIилеб…...............................67

**Патимат МухIамадова.** Зобал гъугъалелъул, тIох цIехоларел…...................................79

**ПРОЗА**

**ХIайдар ХIажиев.** Харбал…........................................................................................88


---


*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №6 2022 г.**
*ноябрь - декабрь*
*На аварском языке*

Подписано в печать 16.12. 2022 г.
Выход в свет 17.12.2022 г.
Тираж 697 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл. печ. л. 8,75 Усл. изд. л. 7,15 Физ .печ.л. 6,25
Заказ № 1319 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# *Редакторасул калам*

## ШАМИЛИЛ ЦIАР КЬУРАБ ТАНКАЗУЛ КЪОКЪА

*Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! РагIалде бахъана 2022 сон. ЛъагIалил хIасилал гьаруни, гьаб сон бигьаяб букIанилан абизе лъидаго бажариларо. Цо-цояз хъвалеб буго 2022 соналда Лъабабилеб дунялалъул рагъ байбихьанилан. Россиялъ Украинаялда гьабулеб буго хасаб рагъулаб операция. НАТОялъ бальго кумекги гьабун, Киев кверде босарал неофашистаз ракълилал гIадамал чIвалел руго. Гьединаб къварилъиялда ругел чагIазе кумек гьабулеб буго Россиялъ. Гьеб операциялда гIахьаллъи гьабулеб буго дагъистаниязги. Къадаралде щваразул Аллагьас мунагьал чураги, нахъе ругезе гIумру кьеги.*

*Литературияб гIумру Дагъистаналда чIун гьечIо. 2022 соналда Москваялдаги, Махачхъалаялдаги, Дагъистаналъул цоги шагьараздаги росабальги тIоритIана республикаялъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъ 90 сон тIубаялде тадбирал. Хунзахъ росулъ гьелъие памятник рагьана. ТIасияб соналда дунялалъго кIодо гьабизе буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовас 100 сон тIубайги.*

*Ноябралда Москваялда тIобитIана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв поэт МухIамад АхIмадовасул асаразул сордо. 7-абилеб декабралда МахIачхъалаялда, Пачалихъияб шигIрияб театралда, тIобитIана «Гьудуллъи» журналалъ ва «Гумбет» басмаялъ 70 сон тIубаялде гIуцIараб «Бакъул улкаялъул тарих» абураб магIарул мацIалъул ва маданияталъул фестиваль. Гьениб Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул ХIурматалъул грамота кьуна гьал мухъазул авторасе. КIудияб баркала буго гьеб тадбир бачарав Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасе ва киналго гьелда гIахьаллъи гьабуразе. Гьединго кIудияб баркала загьир гьабула журнал цIалулезе, «Гьудуллъиялъул» гьудулзабазе, нужер щивасе. Бокьила бачIунеб 2023 соналдаги нуж журнал хъвалезул ва цIалулезул кьерда ратизе. Баркула тIаде бачIунеб сонги, балагьаздаса цIунараб, рекъел ва парахалъи даимаб сон букIа абе гьеб.*

*2022 соналда 225 сон тIубана Кавказалъул бахIарчи имам Шамил гьавуралдаса. Дагъистаналъул районазда ва шагьаразда лъагIалицаго гьаруна гьеб хIужаялда хурхарал мажлисал ва цоги тадбирал. «Гьудуллъи» номералъул гьаб номералда нижеца кьолел руго магIарул классиказ ва гьанжесел шагIирзабаз, Шамил имамасул сипат гьабун, хъварал асарал.*

*Шамилил цIар кьураб танказул къокъа*

***Шамилил цIар кьураб танказул къокъа***
***Къеркьана, халкъ цIунун, гIураб***
***ракь цIунун.***
***ГIасияв тушманас шущазарурал***
***Шагьарал, росаби гьаруна эркен.***

***Шамилил цIар кьураб танказул къокъа***
***Къойил, лъалхъичIого, къокъунеб буго.***
***Шамилил цIар кьураб танказул къокъа,***
***Къарнаби аниги, къуркьизе гьечIо.***

***Гьал чармил чуязул тIикъвабазул лъалкI***
***ТIагIинаро даим, сонал аниги.***
***Нужер тIикъвабазул гьаракь рагIидал,***
***МагIил сас бахъула квешаб къавмалъул.***

***Шамилил цIар кьураб танказул къокъа***
***ЗулмучагIазе хоб бухъулеб буго.***
***Шамилил цIар кьураб танказул къокъа***
***ТIекълъиялда данде рагъ балеб буго.***

*Аллагьас Шамил имамасул баракатги шапагIатги камун тогеги нилъ. Амин.*



**ИНХОСА ГӀали-хӀажи**

## ШАМИЛИДЕ

**Гьаб Дагъистаналъул гъажалда лъурал,
Рагъул чинал руго чидай щоларел.
Чанги магӀна бугев магӀаруласул,
МугӀрузде биччараб чӀухӀи бихьулищ?**

**ЧӀван хвейги гӀид буго гӀолохъабазе,
ГӀалам урхъараб цӀар нахъе бугони.
Берал къанщунилан, къадру холаро,
Халкъ бахилаб гьунар бицаде тани.**

**Балагьалъул къояз къирарал цаби
Къалмаллъун рахъуна нахъе ругезе.
Рагъда гьунар тӀокӀал гьудулзабаца
Гьал мугӀрузда чӀвана чӀухӀун байрахъал.**

**Бидул ретӀел чури ничдай букӀараб,
Рачел къанго анин къоло щуго сон.
Щвараб ругънал ригъин гӀайибдай бугеб,
МагӀида ярагъ бан гӀодор рукӀинчӀин.**

**Дир каранзул бухӀи бахӀарчиясухъ,
ХӀалай чи гьечӀого, чудкаца чӀварав.
Черхалъулго сорой сордо-къоялъухъ,
Къадруяб гьурмада гьури речӀчӀараб.**

**Ралъдалъ гама гӀадав гуч бугев имам,
Гендерил къварилъухъ къокълъун рагӀула.
Къоязда нур барав багьадурасе,
Балагье, щвараб хвел росдал рагӀалда.**

**МагӀарул халкъ цӀунун цӀадаве лъвиндал,
Лълъарал къвакӀи лъана къираласда дур.
Дурго ватӀаналъухъ тӀураб бидуца,
Дур шужагӀаталъе нугӀлъи гьабуна.**

**Лъабго гІун лъагІелалъ лъураб гІадлуялъ**
**ГІатІидаб ракІ гъуна гъазизабазда.**
**Гъазават лъаларел лъелал гІадамал**
**ЛъикІаб къиматалъе къачІан лъугьана.**

**Нилъер умумузул имамул агІзам,**
**Ана дуниял тун ГъазимухІаммад.**
**Гъузаталъул къолден бахъулеб къоялъ,**
**Апакъал багІарлъи бицун рагІана.**

**МагІарул чІаголъи чІвазе щванилан,**
**Тушбабазул боял рохун ратила.**
**Маххул сангаралда сверухъ лъванилан,**
**Сардарасул аскар чІухІун батила.**

**ЧІа, нуж гІедегІуге, гІела гъурарал,**
**ГІарцухъ рачаразул чамали сотни.**
**Сабруялда рукІа кІиабилесул,**
**КІудияб гьир бугин нужеда лъезе.**

**ЛъагІел кІиго инчІеб амирлъиялъухъ,**
**Умурал хІалтІана ХІамзатил кодор.**
**Бидул гьан рекІарав гьоболги вачІун,**
**Гьабзазул кеп хвана залимзабазул.**

**Зулмуялъул цІаялъ цІун бугеб улка,**
**Эркен гьабун хвезе гьабуна хиял.**
**Ханзабаз чурхъараб рагІияталда,**
**Рагъул къуватазул къолден ретІана.**

**Рахъ цІунараб кьалул кьучІлъун рукІарал**
**Кьалбалъа рахъана, нахъе рехана.**
**Мухъилъ рекъоларел къабаилазе,**
**Балагьун бер гІолев гІалим вукІана.**

**ГІадлу-низам гьечІеб залимаб къокъа**
**Зарукье бачунев лачен вукІана.**
**Чаранги биунеб балагьалъул къо,**
**БачІун тІаде щвана, щунгъар бегана.**

**Балъго жанир ургъун, бугъатаца чІван,**
**ГъалбацІ шагьидлъана цо масжидалъув.**
**Имам ХІамзат хведал, хараблъараб ракь,**
**Хвалчаца чуризе чи къваригІана.**

**Рагъда къо хІехьолев, хІалхьи лъаларев,**
**ХІал-зулму рихарав, хвалчен лебалав,**
**Гьал шурутІал чІарав щулияб кьуру,**
**Шамил имам тезе тасдикъ гьавуна.**

**Тушбабазул рагъаз ругънал гьарураб,**
**Дагъистан къачІазе къотІи босана.**

Къо ккедал, ратулел абтIалал рачун,
Рагъул ирс бикьана, гьоркьобеги бан.

Биялъухь къечарав чанги рагъухъан,
Гъажалда гIужал лъун, наиб гьавуна.
Гьунар тIокIав вихьун, тIадеги ахIун,
РухIалда битIараб бетIерлъи кьуна.

ТIобитIана нухде ватIаналъул халкъ,
ВитIарасе – салам, тIекъасе – гIаштIи.
Къана улкаялда инкаралъул нух,
ЛъикIасе – чIаголъи, чIунтарасе – хвел.

ЧIухIдае перхолеб питнаялъул накIкI,
ТункIил гьури бахъун, нахъехун цIана.
ЦIаруе гъугъалеб гъараялъул зоб,
Лъадай биял тIедал, тIуртIузе лъвана.

ВатIан гьитIинасе, гьунар тIокIасе,
ТIолго улкабазул баркала щвана.
Шавкат кутакасе, кумек дагьасе
Дандиял къулулел къиматал щвана.

МагIарул чияли чанги вагъарав,
Чол кьолода жаниб жемун мусругун.
Чанги бахIарзаца рухIал ричарал,
Чорокаб къавмалде дандеги рагъун.

Рагъул байданалде тIадеги хьвадун,
КIал гьикъун, босана васаца алжан.
Кьалда бахIарзазул хIухьел къотIидал,
Къана имамасул анкьабго талихI.

Кьалул къо бигъараб Гъуниб магIарда,
ГъалбацIал камунищ кверде мун арав?
Мисри-хIарам гIадаб махIалаялда,
БахIарзал тIагIунищ тIаде риччарал?

Икъбал цадахъ хьвадун хьвагIараб хвалчен
Хьулалде щвечIелъул, щибилан ккараб?
Щвараб гIор нечараб черхалъул гьунар,
Гьалмагълъи чарлъунищ бахчизе ккараб?

Зоб-ракь гьаргьадулеб бергьараб шавкат
Багьана щиб ккундай нахъе буссараб?
Бакъ-моцI сородулеб сиясияб гуч,
СанагIат къосундай дудаса араб?

Тушман гIемерлъидал, гIадлу бихxидал,
Маххул сангар талхин тамаша гуро.
Рагъул дангъва чIвараб Дагъистаналъул
Салам бугин абе имамасдехун.

# Мискин халкъалъе гІоло Хвалчен къватІиб бахъула



**ЦІАДАСА ХІамзат**

## ШАМИЛ

*(Поэмаялъул кесек)*

**…Гьанже ХІамзат чІван хадуб,**
**ЛъагІел данде щвелалде,**
**Дагъистаналъул шарип**
**Шамил имамлъун тола.**

**Шамилица жиндирго**
**Аслияб мурадалда**
**Дагъистаналъул агьлу**
**Эркенлъиялде цІала.**

**…ВатІан эркен гьабизе**
**Кинабго рес рехула,**
**Мискин халкъалъе гІоло**
**Хвалчен къватІиб бахъула.**

**Ханлъи-лагълъиялдалъун**
**ЛъалкІахараб Дагъистан**
**Дугъ битІизе гьабизе**
**БетІералде босула.**





**Расул ХIАМЗАТОВ**

## ДУР ГЬИТIИНАБ ЗАНИ ЗАНАЗУЛ РОХЬОБ…

**Дур гьитIинаб зани заназул рохьоб**
**Бихьула рикIкIада Мадинаялда.**
**Зонода бикIараб цIар гьечIониги,**
**ЦIалула СагIудил гIарабалъ дица.**

**Мун довайищ вугев, магIарул имам,**
**Инсул тIалъиялъул тIабгIалъул бутIа? —**
**ТIаде вахъун, Шамил вачIуна дихъе, —**
**Дун дова гьечIилан, дун гьанив вугин;**

**Дора ракьулъ ругин янгъизал рукьби,**
**Рокьи, хIасрат танин Дагъистаналда;**
**Доба — къеркьеялъул къанщарал берал,**
**Къо гьалдараб гъугъай — Ичкерил рохьалъ;**

**Доба би бетараб чалма хутIанин,**
**Хвалчабаз суссунин мугIрул сухъмахъал;**
**Доба салулъ къанин чияр варани,**
**Чодул пунхъи бугин СалтIагун Хьаргаб.**

**Доба — холесул как, гьаниб — кечIгин цIар,**
**Дир тIерхьунареб цIва АхIулгохIалда.**
**Доба — дир жаназа, амма жигар, гуч:**
**Генубги, Гъунибги, ГIандибгун Даргъоб.**

**Дова — мусруялъулъ Аллагьасул лагъ,**
**Гьаниб — эркенлъиян гурарал гъуждул.**
**Доба — бецIаб лахIту... Дир рухIгин канлъи —**
**Кинабго хутIана хучдузул тIогьиб.**

**Дун гIарабалъ гьечIо... Гьалдолеб къарну**
**МугIрул къеркьеялъул къисабалъ буго.**
**Къоно чIваляреб ракI, чIагояб бетIер**
**Ункъо Гъойсуялъул гъулдулъ хъудана...**

**Лъала, дир доб гIумру цIиял гIаршиназ**
**ГIемерал гIоркьилаз борцуна гьанже, —**
**Дирги дагIба гьечIо, югалъул сиялъ**
**Севералъул махил гъутIби чIухIунин;**

**Чанги чу гьекъараб некIсияб ЧIикIаб**
**Дагъистан борхизе тIиналде унин...**
**Разилъи буго дилъ къо щвараб мехалъ,**
**Шинелалъ рагъарал наслабаздаса.**

**Амма кьал лъугIигун, кинабго кIочон,**
**КIалъалезда дица мухIкан абила:**
**- ГIезегIан сонаца чвахун цIад банин,**
**Чаран кьурул гьецIо цохIо кьуричIин;**

**Чанги горо щвараб Генуб кIкIалахъ гъветI,**
**Гъолъул цIакъ гъваридал кьалбал рукIанин;**
**Каранда къараб хеч кьурун бахъарав**
**Кьвагьидахъ, бихъ чIалгIун вахъун вукIинчIин.**

**Кибго хъвачIониги, цIалила дир цIар**
**ЦIолбол гъабу барал гъулдузул васаз.**
**Биччай рахIат, унго, хабалъгIаги дий,**
**ХвезегIан гIумруялъ цо къоялъ лъачIеб.**

**... Йохъ, дун дова гьечIо, дора - дир чIумал,**
**ЧIалгIарал, рукIкIарал сагIтал рикIкIарал.**
**ЧIаголъи хутIана дир Кавказалда,**
**Киналго рагъалги ругъналги гьанир.**

## ВАЙ, ДИР МАГIАРУЛАЛ

**Вай, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –**
**Шамил абиларо, гьев батIияв чи…**
**Шамилил роль хIазе театралъе**
**Лага черхцин гьечIо, чияли кисса!**

**Цинги ХIажимурад цIияб векалда**
**ЦIехола, «кив вугев кинодуйгIаги».**

**ЦIоралъул режиссер, американалълъ**
**Аваразул наиб валагьулев мун.**

**Огь, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –**
**Щив АхIулгохIалде гьанже вахинев?..**
**Ахъбердил МухIамад, борхалъи гуро,**
**Ахалъи бищана дур наслабаца…**

**Чуял рокIине щиб, гьел кьолозецин**
**Кьерилазда гьанже кIочон тун буго.**
**ГЭСал цIикIкIанагIан мугIрул росабалъ**
**Намусалъул канлъи суну неб буго.**

**Вай, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –**
**«Щолеб жоян» буго жиранщинаб кIал.**
**Муил чохтIо къалеб къагIида бихьун,**
**КъвакIан мугъ бекулел некIого гьечIо.**

**Рокьиги рокьийищ, кочIолъе инчIеб,**
**КучIдулги кучIдулищ, рокьул цIа гьечIел?**
**Гьал микрофоназда кутузул гьаркьал**
**Дол хур бекьулезе рокьилищ, унго!**

**Вай, дир магIаруллъи, дуе ккараб щиб? –**
**Дун духъ валагьула пашманал къасдалълъ.**
**Добе космосалде бахананиги,**
**Ахада хутIана дур хиялгун цIва.**

**Гьикъе лъималазда лъил щал нужилан, –**
**Лъалеб батуларо миллаталъул мацI.**
**БахIарчияв инсухъ гьанже васаца**
**Босуларо къисас, – хисана къисмат.**

**Вай, дир магIаруллъи, дуе ккараб щиб,**
**Кибе мун бачунеб бугеб гьакица?..**
**Дица бетIер ккола, кверал квашула –**
**Шляпа, тIарс гIадин, дирго ботIрода!**

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ РОХЬАЛ КЪОТIАРАЛ ЧАБХЪАДУЛАЗДЕ

**Гьегьал Ермоловаз рухIарал рохьал**
**Рихьараб мехалда, Шамил имамас**
**Абун буго, гучаб кьурдеги вахун,**
**Гьелъ кьурулеб гамачI гурин Дагъистан.**

**КъотIарал гъутIбузул гьансито бихьун,**
**Гъулдулъ ХIажимурад — наиб кIалъана:**

- Гьаб рохьо цIунеян, нахъе лъутулел
Тушбабазда хадуб базе букIине.

Васаца машгьураб амру тIубана,
Аза-азар тушман щущазавуна.
Щобдасан баккулеб багIарбакъуца
МагIарул мацIалда гьезда абуна:

«Ва, рохьал рухIулел, рохьал рухIулел,
Рохьоб бахчараб чан гуро Дагьистан.
Гьаниб чилъи буго чодул кьолода,
Гьаниб кьвари буго кьурул сиялда.

Ва, гъутIби къотIулел, гъутIби къотIулел,
ГъотIода бижичIо мугIрул лебаллъи.
Гьелъул кьалбал руго цIакъго гъваридал,
Гьелъул цIарги буго цIваби бахилаб.

ЦIадуца кигIан цIакъ ракь бухIаниги,
Рокьи бухIуларо, яхI бухIуларо.
Щуго миллиард сон — дуниял бижун,
Дагъистаналъулги гьебго ригь буго».

Гьелдасаги цIикIкIун жеги букIинин
Жакъа щибаб чIваялъ бакъан бачуна.

## ЩУЛАЛЪУЛГОХIАЛЪУЛ ЛЪУКЪАРАЛ ГАНЧIАЛ

Кидаго вукIинчIо гьадин гьитIинго,
Гьаб АхIулгохIалда аскIой ккезегIан, —
Гьалъ дие рицарал къисаби, харбал...
Хабалъа бахъараб дир магIаруллъи...

Дида кIочон тана къецги дагIбаги,
Дун къварид гьавурал гьудулзабиги.
Сон дида абурал квешал рагIаби,
Киналго, киналго тана рукIайин.

Гьоркьехун хъудулеб бидулаб Гьойсу
Гьеб киналдаго тIад белъулеб буто.
ЩулалъулгохIалъул лъукъарал ганчIал,
Гаргазе жал теян, ралагьун руго.

**Абураб, рагIараб, бихьараб, лъараб...**
**Бицун щай, кинабго къулчIараб дунял.**
**КъулчIичIони, цохIо къулчIуге абе —**
**Къварид ракьгин рокьи гьабулеб гIазаб.**

**... Кидаго вукIинчIо гьадин кIодого,**
**Гьаб АхIулгохIалда аскIов кинигин.**
**НакIкIал гъора аххад. Доб борхалъуда**
**Эхетун, валагьун мугIрузде инсан.**

## ДИР РАКI МУГIРУЗДА БУГО

***(Поэмаялъул кесек)***

**…Буго дир каранда кутакаб ругъун –**
**КигIан мех баниги, гьеб лъилъиларо.**

**…ГьитIинго рагIараб магIарул чIухIи,**
**БахIарчилъиялъул мисалги цIарги, –**
**ЦIигьулдерил тIохахъ къаси рицунел**
**Къисабалъ, маргьабалъ вукIунаан гьев.**

**…ХъахIаб чалмаялъулъ, чергесаб ратIлилъ,**
**Чарамул хвалчада квегIаб кверги лъун,**
**Херав имамасул гIагараб сурат**
**Сонаца букIана нижер рокъоб бан.**

**ХъахIаб къададасан къадруяб гьумер**
**Къойил дун ворчIигун, балагьулаан.**
**Хадуб кIочонареб цо рогьалида**
**Рагъде тIовитIана гьес дир кIиго вац.**

**Гьесул танкабазе, квердаса рахъун,**
**Курхьаби, баргъичал кьуна ясаца.**
**Кьалда дир мугIрузул гIолохъабазда**
**ГIемерав ракIалде вачIана Шамил.**

**КIудияв багьадур! Гьесул хIакъалъулъ**
**Чан хIайранаб назму хъвараб инсуца!**
**Амма ахирияб гьесде гьабураб**
**Поэма бахъичIо, нахъе бачIана.**

**…Гьеб хабар бачIиндал, унтана эмен,**
**Ургъалабаз къвал бан, къварилъиялъ цIун.**
**Къанщана гъос берал ахираб нухалъ,**
**Имам сверухъ кивго какулеб мехалъ.**

**Дирги гIайиб ккана, унтула керен,**
**Какана дицаги, уян ккун, Шамил:**
**- Англичаназул гьудул вугилан,**
**Гьайбатал мугIрузул тушман вугилан.**

**…Хинаялъ белъараб багIараб магжилъ**
**Гьанже щибаб сардилъ цеве чIола гьев –**
**Цин АхIулгохIалъул гучав рагъухъан,**
**Цин Гъуниб бакIалда кIудияв асир.**

**Хунжрузул, хучдузул анцIила ичIго**
**Унтарал ругъналги рихьизе гьарун,**
**Гьезухъ валагьула гIемераб мехалъ,**
**ГIайиб бугев дида абула гьадин:**

**– АнцIила ичIабго ругънада тIаде**
**Къоабилеб ругъун дуца лъунилан.**
**Къоло щуго соналъ рагъ гьабуниги,**
**Гьанже дуца гIадин, дун лъукъичIилан.**

**… ХIажимурад гIадин, тIаса лъугьаян,**
**ТIадвуссун вачIунев вуго гьесухъе.**
**Гучав имамасул чармилав наиб,**
**Чияр хьуцIилъе ккун, чIвана доб мехалъ.**

**Дир щибдай букIинеб? Шамилихъе дун**
**БатIияб чода тIад вуго вачIунев.**
**БатIияб мех буго, цIияб нух буго,**
**Бокьун гьечIо дие хьуцIилъе ккезе.**

**…Амма гьари буго, мугIрул гIадамал,**
**Дир гIайибалдаса нуж тIаса лъугьа!**
**Огь, тIадегIанаб халкъ, васас гуккарав**
**Эмен кинигин, мун дихъ балагьуге.**

**ГIицIал тIулбуздаги тIугьдул раккула,**
**ГIумрудул сонаца ругънал седола.**
**Дир унтараб керен ахIдолеб буго:**
**Бокьулин кьварараб Шамилил халкъан!**

## КЪОЛОХЪАНАСУЛ БЕТІЕР КЪОТІАРАБ ХАНЖАР

*(Поэмаялъул кесек)*

**МагІарухъ аби буго**
**АхІулгохІалде щвечІев**
**Аварав гьев жегиги**
**ТІубан аварав гурин.**

**Цогиги бицен буго**
**ГІешдерил Щулалъул гохІ**
**Щущалареб си бугин**
**Лебаллъи-гьунаралъул.**

**…АхІулгохІ босиялъул**
**Хасаб медаль букІана**
**Жеги гьеб босилалде**
**Сардарас хІадур гьабун.**

**Амма мугІрул гъулдузда**
**Гъаримал чурхдул хутІун,**
**Чан азар медаль кьураб**
**ГІодулел къоролахъе.**

**Яги къварид хутІарал**
**Мискинал бесдалахъе…**
**Москваялда гьудулас**
**Гьезул цояб дий кьуна:**

**«Дагъистаналъул кІкІалахъ**
**Къалъуда бакъукь чІварав**
**Дир кьолбол солдатасул**
**Сайгъат бугин гьабилан».**

**Медалалъухъ валагьун,**
**Берзукь цІилъун бачІана**
**ЩІадул вулкан гІадинаб**
**АхІулгохІалъул сурат…**





МухIамад АХIМАДОВ

## ИМАМ ШАМИЛ

Дихъ балагьун буго Шамилил сурат,
Шагьри моцI гIадинаб, къалъараб гьумер.
Нур БетIергьанасул босарал берал,
Берцинлъи меседлъун кенчIолеб мегеж.

Гьев бищун кIудияб мегIер вукIана
МугIрул улкаялда Дагъистаналда:
Гьесул хъахIаб чалма, бищун бацIцIадаб,
ЦIарги дунялалда, бищун хирияб.

Къоло щуго соналъ гьабураб рагъулъ
Къоло щуго ругъун черхалда лъурав;
ТIоцебе ракьалда эркенлъиялъул
Пачалихъ гIуцIарав, цIва тIадегIанав.

Гьев имам вукIана Имаматалъул,
Улкаялда лагълъи лъугIизабурав,
Аллагьасе гурел, какал раларев,
ВатIаналъе гуреб, бетIер къуличIев.

Гьев иман вукIана Дагъистаналъул,
Даимаб божилъи бижизабурав.
Вижараб ракьалда тарих тана гьес
ТалихIлъун гIасрабаз нилъей лъугьараб.

Дихъ балагьун буго Шамилил сурат,
Шагьаралда вукIа, магIарухъ вукIа.
РакI кIетIолеб буго: «имам, имамин»,
ХIухьел цIалеб буго «Шамил, Шамилин».

**Тушбабазул ракIал асир гьарурав,**
**ГIассияб рагъдаги лъикIлъи цIунарав.**
**ЦIияб заманалда щайих Шамилин**
**Щибаб пачалихъалъ такрар гьабулев.**

**Гьев Дагъистаналъул мугIруллъун вуго,**
**МагIарул халкъалъул иманлъун вуго…**
**МугIруца, кьурабаз хъат чIвалеб буго,**
**ЧIухIараб гьесул цIар рагIараб мехалъ.**

**ГIемер гIазу бала, гIемер цIад бала,**
**ГIадамал хисила, улка хисила…**
**Хисигун хвел гьечIеб буго ракьалда**
**Даимлъи босараб имамасул цIар.**

**Гьеб цIаралъ рухI кьола Дагъистаналъе,**
**Гьеб цIаралъ яхI кьола магIарулазе.**
**Нилъ гьелъ цIунун руго киналго мехаз**
**Хвел гьечIо, Дагъистан, дур имамасе.**

## БАРЯТИНСКИЙ

**Дун Гъуниб магIарде тIаде вахиндал,**
**ТIадегIанал зобал тIаде ртула.**
**Рорхатал мугIрузги магIарулазги,**
**МагIу гирун, гьаниб хIухьел угьула.**

**Гьаниб гIасрабаца цоцахъе кьола**
**Кьурабалъ багъулеб рагъул гъугъади.**
**Гъуниб эркенлъидул рагъ унеб буго,**
**Ругънал имамасул ссудулел руго.**

**Сухъмахъ тушбабазда бихьизабулеб**
**Бихьула халкъалъул хиянатчияс.**
**Хириябщиналъул пикруги гьабун,**
**Гьанир какал ралел руго муридал.**

**Ва сверухълъиялда рагIулеб буго**
**Барятинскиясул амру-буюрухъ:**
**«Шамилиде ишан босарав солдат**
**Дица, дирго квералъ, чIвазе вугилан».**

**Дица гьел рагIаби такрар гьарула,**
**Гьинал цо чIухIиги пикрабалъ рещтIун,**
**ЧIухIарав фельдмаршал гIадан вукIана,**
**ГIадада гуро гьев цеве вукIунев.**

**Пачаясул чукъа – рагъул генерал**
**Гъунив имамасда гуро гурхIарав,**
**ГурхIана жиндаго… Гьесда лъалаан,**
**Аллагьас цIунарав гьесул кIодолъи.**

**КIудияб рагъ унел захIматал соназ**
**АхIи бан букIана Барятинскияс:**
**«Тушбабазул ракIал кверде росизе**
**Кколин нужецайин, офицерзаби!»**

**Махил гъутIбуз буго Гъуниб магIарда**
**ГIурус солдатазда сардилъ абулеб:**
**«РикIкIада хутIараб Россиялдаги**
**Ругин махил гъутIби, нижго гIадинал.**

**Гьез ракълилал бакънал рачунел ругин,**
**Рокьи кканщиназул гъалалги гьурщун.**
**Щивасе хирияб бакI бугин ватIан,**
**ВатIан гьечIонани, букIунарин ракI».**

**Абун буго Гъуниб Барятинскияс**
**Имамасда, бальго гIиндеги къулун:**
**«ГIараб мацIалъ хъвайин дихъе кагъталин**
**Гьав мацIихъан-толмач тохлъизавизе».**

**Ругин дида цадахъ таржамачагIи**
**ГIараб мацI лъикI лъалел, дие ритIухъал,**
**Гьез щибниги хIилла гьабизе гьечIин,**
**Дуй хIажатабщинаб дида абейин».**

**Шамилил кагътазулъ бихьулеб буго**
**Барятинскиясда бугеб божилъи,**
**Гьелъин вижараб ракь – Гъуниб магIарда**
**Дие Барятинский тушман кколарев.**

**Гьев мунагьал гьечIев вукIанин гуро,**
**Амма гьев вукIинчIо, Ермолов гIадав.**
**ГIадада гуро гьес абун букIараб**
**РакIал асир гьаре тушбабазулин.**

## ЕРМОЛОВ

**Генерал Ермолов – ахIичIев гьобол,**
**РухIана дуца дир ганчIил росаби.**
**Росабазда сверухъ къотIана рохьал, -**
**Вихьигун, рихана мун дир халкъалда.**

**Мун дир ватIаналда, гIащтIиги босун,**
**ГIадамазда хадув лъугьун вукIана.**
**КIалъана: «Ахирав магIаруласул**
**ЧиякIо гьабилин музеялдайин».**

**Хадув, Шамилгун мун дандчIвараб мехалъ,**
**Херлъун холев вугев дуца абуна:**
**«Дие мун вихьизе бокьун букIанин», -**
**КIудиял мунагьал гьелъ дур чуричIо.**

**Памятник лъун буго дуй Кавказалда,**
**Даим горбоде кIичI рехун, биххулеб…**
**Рохел кьолеб гьечIо гьелъ, мех анагIан,**
**Мун хвараб къо тIаде бачIунеб гьечIо.**

**Дунялгун замана хисананиги,**
**ХисичIо халкъалъул дуде бугеб ццин,**
**Дур квешаб гIамалалъ лъун тарал ругънал**
**Дир ракьалда даим унтулел руго.**

**Дур гIасилъи лъарал магIарулаца**
**Гьабзазда цIар лъуна «Ярмулин» абун.**
**Яризе гьавизе бокьун буго дий**
**Мун гьинал рекIелъа… Бажаруларо.**

**Жакъа, Россиялде къо ккараб мехалъ,**
**КъватIире рахъуна дир магIарулал.**
**Мун Дагъистаналъул расалъияда**
**Рес къотIун хутIила, тIаде вахъани.**

**Генерал Ермолов – ахIичIев гьобол,**
**РухI асир гьабичIо дуца мугIрузул.**
**Мун Лермонтов гуро – балагьав гьобол,**
**ГьечIо киданиги дуй тIасалъугьин!**

## ШАГIИРГИ ИМАМГИ

***Поэма***

*Бокьула дий Кавказ.*
***М.Ю.Лермонтов***

**I**

**Рагъал гъугъалел руго,**
**Гъурулел васал руго,**
**Росаби кIкIуйдулъ руго,**
**КIкIалабахъ балагь буго.**
**«Аллагьу  акбарилан!»**
**АхIулеб гьаракь буго,**
**Гьаб ракьги гьаргьазабун,**
**Зобалазде боржунеб.**
**Боржуна божилъигун,**
**Боржуна кIодолъигун,**
**КIудияб рагъда буго,**
**Дагъистангун Россия.**
**Россиялъул шагIирал**
**Пачаясул амруялъ,**
**Аманат гьарун руго**
**Гьаб рагъул гъугъаялъе.**
**ГIолохъанав поручик**
**Гъажалда буртинагун,**
**Бартиялда кьили лъун,**
**Кьалде вахъунев вуго.**
**Нахъа тана тахшагьар,**
**ГьардечIо пачаясда,**
**Пачалихъалъул солдат**
**Сардарасухъе щвана.**
**Салам кьун бахъиналде**
**Вахъана сапаралде,**
**Чапун чода гIетIги бан,**
**ГIедегIана гьав рагъде.**
**Рагъулел руго васал,**
**Солдаталгун муридал,**
**Мурад – батIи-батIияб,**
**РитIухълъиги щивасул.**

**Цоял Дагъистан цIунун,**
**Гъулдузулъ холел руго,**
**Халкъалъе, Аллагьасе,**
**Гьез гIумру кьолеб буго.**
**Цогидал пачаясул,**
**Пачалихъияб чIухIи,**
**ЧIахIахатIалъ мугIрузда**
**Хъвалилан лъугьун руго.**
**Гьал Кавказалъул мугIрул,**
**Лъимерлъудаго лъарал,**
**Лъаларел гIадин руго,**
**ШагIирасухъ ралагьун.**
**Гьал Кавказалъул гIорал,**
**ГIолохъанго хъударал,**
**Дагьалъ лъалхъулел руго,**
**Бидул полопги тIад бан.**
**Гьасда ракIалде щвана:**
**Петербург, Пушкин, дуэль,**
**Дунялалда рагIана,**
**Гьасул «Поэтасул хвел».**
**ГIолохъанав поручик –**
**Чилъиялъул дуэлянт,**
**Дагъистаналъул щобда**
**Щиб гьабилеб лъаларев.**
**Кинан ишан босилеб**
**Росабазул васазде,**
**Сурарав пачаясул,**
**Солдаталгун рагъулел?**
**Ругъназда чIарталги чIван,**
**Рагъулел муридазги,**
**Маргьуяв шагIир лъани,**
**Ишан кинан босилеб.**

## II

Дагъистаналъул щобда,
ШагІир пикрабалъ вуго,
БагІарараб бакъукь гьав,
Бакъназ сверун ккун вуго.
Цаби къирщулел руго:
Къо-мех лъикІ, Россияйин,
Чороклъи чурулареб,
Чури халкъазе кьолеб.
Лагъзадерил ватІанин,
ТІадчагІазул улкайин,

ХъахІилал мундиралин,
Гьезий ритІухъаб халкъин.
Кавказалъул кьварарал,
Кьурабазул къададазда,
Нахъа вахчизе щвани,
ЦІунизе бегьулин дун.
Щибго рагІулел гІундул,
Щибго бихьулел берал,
Ругел пачабаздаса,
Пача, дур чукъбуздаса.

## III

Рагъ сасараб сагІаталъ,
СихІкъотІараб лахІзаталъ,
Сардил сагьвиллъиялъухъ,
ГІенеккун вуго Шамил.
Гьасухъ ралагьун руго
Зодихъ кенчІолел цІваби,
ЩІолбол цІадулал хьопал,
ЩІан рачІуна ракьалде.
Дунялалъул берцинлъи,
Борцунеб роцен гІадин,
РикІкІадасан рагІулеб
Буго гІажаибаб кечІ.
ГІурул добаб рагІалда,
ГІурусазул солдатас
Сорозабулеб буго
Сверухълъигун сихІкъотІи.
АхІулеб буго сарин,
Сардил гІужалъ солдатас,
Суал гІадин щола гьеб
Шамил вугеб рахъалде.
Гьас аскІове ахІана
Жиндирго таржамачи:
- Гьадаб кочІол магІна щиб,
МагІарул мацІалъ бице.
Бицуна асирлъуда
Асухъ вугев гІурусас:
- Дурус бицани, имам,
МагІна гьадинаб бугин:

«Нухде вахъунев вугин,
Цадахъ щивго гьечІого,
Сверухъ сихІкъотІун бугин,
Сверухълъи сасун бугин.
Аллагьасухъ гІенеккун,
ГІицІаб авлахъги бугин,
Ва цІваги цІваялдехун
КІалъай гьабулеб бугин.
Гьединаб лахІзаталда
Зодов Аллагь вихьулин».
Шамилица гьикъана:
«Лъица хъвараб кечІин гьеб?»
Таржамачи кІалъана:
«ШагІир Лермонтовасин».
«Щивлъун гьев вукІаравин?» -
КІалъана имам Шамил.
«ШагІирги офицерги,
Дуда данде вагъулев».
«Гьанже гьев кин вугевин», -
Гьикъана Шамилица.
«Гьев гьечІин, гьев чІванилан»,
Абуна имамасда.
«Щиб рагъда, лъица чІварав,
Нилъеразищ гьев чІварав?»
«Гуро, имам, гьев чІвана,
ГІурусаз – жидецаго».
Шамил гІенеккун чІана,
ГІодов къулун, лахІзаталъ…

**АхIулеб букIана кечI,**
**Гьас ахIизе гьукъараб.**
**Гьасда ракIалде ккана,**
**КечI гьукъи мекъаб бугин,**
**Балагьал кIочон тезе**
**Аллагьасе ахIулеб.**
**ЦIва гьаб ракьалде гIадин,**
**Зодосан валагьарав,**
**Гьадинав шагIир чIвайги**
**КIудияб такъсир бугин.**
**ГIурус миллаталъул гьеб**
**КIудияб гъалатI бугин,**
**ГьитIинаб миллаталда**
**Данде багъиго гIадаб.**
**Унтарал гIусал гIадин,**
**Лъугьун ругин гIурусал,**
**Рахъизе ресги гьечIел,**
**Унтиги къотIуларел.**
**Щиб цIар лъелеб лъаларин,**
**Гьединаб миллаталда,**
**Миллионалъа хъирщун,**
**Миллияб чIухIи чIвалеб.**
**Гьел цIакъго гIакъилалищ,**
**Я цIакъго гIадалалищ? –**
**ГIасрабаца гьеб суал,**
**Жаваб щвечIого буго.**





**МахсутI**
**ЗАЙНУЛГIАБИДОВ**

## ГЕНЕРАЛИССИМУС ГЕНУСА ШАМИЛ

### ЦЕБЕРАГIИ

Щибаб миллаталъул мурад цIунарал
ЦIар арал гIадамал гIемерал руго,
ГIасрабалъ свинчIого, кунчIун рихьула,
Хвел гьечIел цIвабилъун цIадулал ракIал.

ЦIоб гьечIев тушмангун, гурун гъуждулгун,
Вагъана Шамилги гъазаваталда.
Гъункизе гьаруна цо аскаралде
АнцI-анцI мацI батIиял багьадурзаби.

Щибизе гьесие гьерсилаб рецц-бакъ
Бугелдаса тIокIаб напс кIодо гьаби.
АхIана Марксица, аваразда сан
Эркенлъи бокьараз мисал босеян.

БукIинчIо, Европа малакьги мерхьун,
Парижалде щвараб армия гьесул,
Амма нусго нухалъ къадар дагьазги
Къадру цIунулеб куц бихьизабуна.

ЦихIингIаги ваха АхIулгохIалде,
ТIогьилаб ракь босе хъат кIун кодобе,

**Муридзабазулги солдатазулги**
**Ракьа буго бащдаб гьеб ракьуда гъорлъ.**

**Зирани росдаде тIаде къуларал**
**Кьурабахъ ралагье, Пасекил аскар,**
**Угьдулеб рагIизе, магIарул бояз**
**Балкан кванаялде ккезе гьарурал.**

**Огь, Хьаргаби росу! Сверун рухъарал**
**Орахъ паналъараб пасатаб аскар!**
**Гьенисан ворчIарав Воронцовасги**
**Рарал щукруялъул какал таманал.**

**КигIан бакъвараб чед букъизабичIеб**
**«КъечIеб» армиялда Ичкери рохьахъ?**
**Чан гIурус инарал ине гьавичIев**
**Пачаясе бараб гьа тIубачIого.**

**ТIабигIат вахIшияв Ермоловасда**
**Рохъо чам нухалда хадуб хьвагIараб.**
**Ереван чухIарав Пакевичасда**
**Пасалъи щибали бихьизабичIищ.**

**Байсунгъурил сурат борхе эхеде,**
**Багьадурзабазул гьунар бихьизе.**
**Квердего унарев Абакар-ХIажил**
**РухI ккечIо асирлъун Улу-хъаладухъ.**

**Гъуниб чучарабго Чернышевский**
**Рецц Бичасейилан вохун рагIула,**
**Аза-азар солдат мусру бант араб**
**Толоялъул къвачIа бакъвазабунин.**

**Къиралассе гIадаб гьоболлъиялда**
**Гьабуна пачаяс Шамилий дандчIвай.**
**Амма, император, дур рекIелъ бахчун**
**Буго хIалкIолареб хIалуцараб ццин.**

**Гьеб гъалбацIалдаса цо рас бортани**
**Щиб балагь бачIунеб лъалаан дуда! –**
**Цойги къоло щуго соналъ вагъизе**
**Гъира букIинчIо дур мугIрул цIумалгун.**

## ВАЦАЗЕ КУМЕКАЛЪЕ

Кавказалъул рагъазул
Гъугъай тIибитIилалде
Гъазаваталъул хуриб
Хьана гIурусаца хьон. –

Рохьазул чундул гIадин
Гъуризе байбихьана
Бахьикъосарав гиназ
Цициановас къавмал.

Пачаясе малъарал
Магъалабли кьечIони,
КьичIчIи бакъвазабилин
БачIана гьесул кагъат.

ЦIоргин Белоканалъул,
Кахетиялъул васал
Вацал – магIарулазда
Кумек гьарун кIалъана.

Аваразул нуцалас
Сапар буго бухьунеб
Боялги данде ахIун
Алазаналде ине.

«Аваразул хан гIадаб
РухIдакъаб тIотIодайищ
ГIурусазул яргъиде
Данде вахъине кIолеб.

ТункIикь херлъарав дие
ХIинкъи кьезехъинищ гьев?!» -
Абун Цициановас
Лъуна рагъде гуляков.

Гьес цIаги лъун ЦIоралъул
Рохъо лъугьинабула.
МагIарулазул къукъа
Къана ургъунго нахъе.

Къана Авар мугIрузде,
Рохьазул кIкIалабахъе,
Бисазул тIалабахъе,
ЦIумазул бусабазде.

БетIер гьечIев Гуляков
Гьезда хадув вортана,
Бергьинилан вукIарав
КIкIалал къоринив къана.

Кьураби рихxун гьезде
Гъогъол цIад балеб буго,
ГъоркьчIелазде тIаде ккун,
Солдат гъурулеб буго.

…Огь, гиназ Цицианов,
Мун гьечIелъул пайда щиб! –
Гьаб кIкIал цогояб хоблъун
Лъугьанин солдатазе.

Нуцаласул кIалденахъ
КIихIи хъвалхьун рехарав
Гуляков вугин хутIун
ТIутIалги тIаде руссун.

Дуе хабар бицине
Нахъе рорчIарал ккана
Воронцовгун Бенкендорф, -
Рай каранда киласал.

Инаро гIемераб мех,
Мунги ворлъила чIумлъун
Бакуялъул кавудахъ
Мирза-хнасул гуллид.

Габур къотIун дур бетIер
БитIила сапароалъ гьес
Бабахан-шагьасухъе
Тегерал-Ираналде.

## ТIАГЪУР

ГьитIинавго чи Шамил
ГIашилтIе витIун вуго,
Хурмадул гьагьалги цIун
ЦIоросаролъихъ кьезе.

Гьениб, живго гIадинал
ГIисинал лъималаца
ЛъикIалан хурма ана
Асул гьагьахъа хъамун.

Гьезухъ валагьун, гьимун,
Гьав вихxичIого чIана.
ГодекIанир рукIарал
Релъанхъизе лъугьана.

Амма, цо квешав тайпа,
Тохлъукье тIадги речIчIун,
Шамилил ботIродаса
ТIагъурги бахъун ана.

МугIрул чанлъун кIанцIун ун,
Ккуна Шамилица гьев,
Щват битIун гIодовги лъун
Лъуна горбода ханжар.

- Тавбу гьабе, хIалихьат,
Дурго рухI босилалде!
ТIагъур бахъун хIехьолеб
ХIара гурин дуе дун! –

ГIедегIана, хъудана
Хъолев вугилан лъимал,
ТIингъал рехун роpтана
Тейилан херал чагIи…

Гьедин хIикмат гьаруна
Шамилица тIоцере,
КIочон толареб куцалъ,
Эбелалъул росулъел.

ХIикмалъи гьабун гьесухъ
Ралагьун чIун рукIана,
Гьесул муридаллъун жал
Лъугьине ругел васал.

## ЕРМОЛОВ

Зубовасул цIалдохъан,
ЩIагун биялъул устар
АнцIила кIиабилелъ
ЩIар босарав бахIарчи.

Ермолов щолев вугин,
МукIурлъе, кавказилан,
КочIолъ Пушкиницацин
Гьунаралъул рехсарав.

Гьес квер чIарабщиналъуб,
Гали бахъанщиналъуб
Бидул лангал хутIана
ТIадегIанал мугIрузда.

Гiахъущ, Жунгут, Лавашаб,
Гъазанущиб, ГIаймакиб
ГIажал щвана гьесдалъун
Гьал кIкIалазул тIанчIазе.

ГIасилъи цIикIкIарабгIан
ЦIикIкIана мугIрузда ццин,
ГIарада ризлъарабгIан
ГIемерлъана бахIарзал.

Терекгин Сулахъалъул
ГIалам тIаде бахъана,
Владикавказалде
ТункIил кьвагьи рагIана.

Амма чамали росу
ГIурусаца бахъана,
Лисаневич, Греков
Иххлъун тIаде гьулчана.

Игитал нахъе къайдал
Къадарал генералаз
МукIурал росабазул
БутIрул данде ахIана.

Инжит гьаруна квешго
Жидей хилиплъанилан,
КIал гьикъана къабихIго
Щивасда, цеве ахIун.

Гьале, тIаде ирга щун
УчархIажи ахIулев:
- Ле! ВачIая, хIамил вас,
Вахъая мунги цеве!..

Цабзазул къирщи буго,
Къулун ун бетIер буго,
ХъахIаб чалмаялда гъоркь
Рас бахъун чIолеб буго.

- Ваче гьев жагьил, гьанив,
Бахъе тIаса ярагъги! –
Гьедин буюрухъ кьуна
Генерал Грековас.

УчархIажи, цIиркъ гIадин,
Цо кIанцIун гьесде щвана.
Ермоловасул чукъил,
Бакьал къватIире рана.

РекIетIа ратилалде,
Вортун аскIовеги ун,
Округалъул начальникI
Лисаневичги чIвана.

КIиявго генералас
Берал къанщараб мехалъ,
Гьалгъан хутIараб гIурус
ГIакълуялде бачIана.

Солдатаз хъалаялъул
Кавабазда хIос бана,
ХIакъал магIарулазги
Хунжрул къватIире цIана.

Къо бакъаниде кьурун,
Какие заман щвана,
Гъурараб ах кинигин,
Азбар чIваразул цIуна,

ЦIияб тушманлъиялде
Таваккалго лъугьана.

БичIчIана пачаясда
ГIаштIичиясул «гьунар»,
ХIакъир гьавун, кIал гьикъун,
Нахъе вачана «Ярмул».

## ГЬУДУЛ ЧIВАЙДАЛ

### 1

Имам ГъазимухIамад
Гьизляралде щун вугин,
Имам ГъазимухIамад
Дербенталде щун вугин.

Гьес Грозный бахъизе
Чабхъен ургъулеб бугин
БачIунеб буго ахIи
Пачаясухъе босун.

Бераца цIаги пирхун
Пача ахIделев вуго:
«Я тIагIине гьарел гьел,
Яги мукIур гьаре гьел!»

Цинги генерал Розен,
Полкалги цере къотIун,
Къавукъана Генуве
ГъазимухIамадитIе.

Гендерил росда цере
КIкIалги тIолго нухалги
Лъабго кьералда рарал
Сангараца къан руго.

**Рукъ щибав бетIергьанас
Жинцаго къачIан буго,
ГIурусазул топазул
Зарал мукъсанлъуледухъ.**

**Гьезул лъабнусавго чи
Вуго росулъ чармилав,
Чармида ххун гурони
Чармие къуркьуларел.**

**Руго руччаби, лъимал,
Херал рагъизе къачIан,
Анлънусабго цIараки
Гъункун зар лъугьун буго.**

**АнцIила анкьабилеб
Октябралъул рогьел,
Тарихаб лъебералда
КIиабилеб соналъул.**

**ГIарадабазул гуллбуз
Гуч бихьизе гьабуна,
Щулалъаби, хъалаби,
Рукъзал чучлъизаруна.**

**Къваридал къватIазухъе
Чорокаб ихх кинигин,
КIанцIана гIалхул боял
Хучдулги цере ритIун.**

**ХъахIаб ххамил тIагъралгун,
ТIад къарал тIажабигун,
Накабазде рахарл
ЧIегIерал чакмаялгун.**

**Гордухъан, тIохаздасан,
ТIулбухъан, бокьазухъан
Бана цин гьезде гулла,
Хадур тIаде кIанцIана.**

**Цоцалъ тункун дандчIвана
МагIарулал, гIурусал,
КIиго цоцаде данде
Биччараб гIор кинигин.**

**Тункулел руго хучдул,
Кьабулел руго хунжрул,
«Дица мун, я дуца дун» -
Гьедин буго щибаб рахъ.**

**Гьаркьазул цIуна росу
Хвалил ругънал щваразул,
Сорола ракI, бабаян
Лъимадул гIоди рагIун.**

**Мех щваниги къадекак
БачIо цохIо гIадамас,
Гьоркьоса къотIичIеб рагъ
Ана тIубараб къоялъ.**

**КъватIазухъе солдатал
ЛъугIел гьечIо гьунулел,
Жаназабазда тIасан
Ракьда хIетIе хъвачIого.**

**Бакъ, гIодобеги къулун,
Къваридго унеб буго,
АнцIила щуго гъази
Гьаругьин нахъе къана. –**

**ГъазимухIамад, Шамил,
МухIамадсултIан, ГIали
Ва цогидалги цIумал,
РецIцIулаго бидагун.**

**- балагьила цо гьанже
КигIан хираго чIолищ
Нилъер гIумру, дир вацал,
Нажасал тушбабазе.**

**Гьедин кIалъана имам
Диналъул вацаздехун,
Хасго кIваркьун, рокьигун
Шамилихъги валагьун. –**

**Гьудуб мегIер бихьулищ,
Гьаб кIкIалал кваранисa?
Добехун нух бахъизе
Къеркьела рагъуларо.**

**КIанцIизе руго хехго**
**Хадур-цере киналго,**
**ЦохIо лахIзатальгицин**
**Гьоркьов чи лъалхъинчIого.**

**ЧIвадаризеги руго,**
**РорчIаниги хвваниги,**
**Цоцаде мугъал рехун,**
**Горсвери гьабун, гъункун.**

**БецIлъизегIан чIанани**
**Нилъее лъикI букIуна,**
**Амма кватIун ккезегIан**
**Цере ккей мустахIикъаб.**

**Базин, дир гьудулзаби,**
**Исламалъул гъалбацIал,**
**Ахирисеблъун, хIакъаб,**
**Цо-цоязе кколеб как. –**

**Бакъанимехги щвана,**
**РуцIцIун чIун какал рана.**
**Цере квералги ритIун**
**Аллагьасда гьардана.**

**Шамилица гьарана**
**Гьудул чIаго тагиян,**
**ГъазимухIамадица –**
**Шамил чIаго тагиян…**

**Буцуралъул тIасияб**
**ТIалаялъухъ ралагьун**
**Релъанхъулел, кьвагьдолел**
**Руго гIурус солдатал.**

**Маххул нуцIа цинтIаго**
**ХанчIан рагьун бачIана,**
**Паркъолаго хвалчаби**
**Вархиялда кIанцIана.**

**АнцIила щуго цIиркъалъ**
**Биххизабуна солдат.**
**Гьез хьвагIулел хвалчаби –**
**Хер хъвалел харицелал.**

**Гурарал гъажабазул**
**Гор буго гIурус ралъдалъ,**
**Цин тIуризе журарал**
**Къана гьел хадур тIаде.**

**Огь, хIикматаб халкъилан**
**Лъукъараб гъеж къан ккуна,**
**Нахъе цIан цо ганчIикье**
**Лъугьун Окольничияс.**

**«Гъанкъизе кколаан гьав**
**Жеги кинbackgroundлдаго!» -**
**Пачаясул тарихчи**
**Хьанделев вуго гьедин.**

**2**

**РагIа-ракьан лъалареб**
**Россия – империя,**
**Огь, дур гьеб тарихалда**
**Дагъистаналъ чIвараб магI.**

**ЧIвана цояв, кIиговя,**
**Лъабгояв ва цогидал,**
**ЧIван ГъазимухIамад –**
**ЯхIгун гучалъул хIуби.**

**Бидул, жаназабазул**
**Горсверудаса рикIкIад**
**РекIун унеб буго цIа**
**Цо мухъккун «гIурус рохьоб».**

**Гьеб цIа бакулеб буго**
**Шамилил квегIаб кверalъ,**
**Киналго рикьизарун»,**
**Кьо лъун» унев вуго гьев.**

**Хечги тункун Шамилил**
**Керен борлъана цояс,**
**Цояб квералъ хечги цIан**
**ЧIвана гьев Шамилица.**

**Хвалчаца нухги бахъун –**
**Нахъа тана гьес гIурус,**
**Цо гъулдузулъе тIерхьун –**
**ТIагIана тушбабазе.**

**Ругъналги кIочон Шамил
Угьдана гIодовги ккун –
Гiазизав гьесул гьудул
ГъазимухIамад хвана.**

**ЦIадулъ босараб росу,
КъотIун рухIулел ахал,
Чуялги жанире гъун
Магъилъ бугеб пасалъи.**

**Регарал¸ дегIен чIарал
ГIассиял гIарадаби,
Имамасул жаназа
Балагьулел тушбаби.**

**Гьеб киналъго Шамилил
РакI тIутIун балеб буго,
Бакъ гIедегIун тIерхьана,
Цадахъ гьаб къоги бачун…**

## ИЦЦУХЪ

**Пулеб гьуригIан хехаб
Петербургалъул амру
Инарал Голвинил
Столалда тIад лъуна:**

**«Октябрь моцIалъул
Анлъабилеб къоялда
Дун – пача, духъ валагьун,
Тифлисалда вукIина.**

**Дир сапар битIи тIубан
Бараб буго цо дуда –
Цеве къотIун Шамилгун
Щвезе ккола мун тIаде!»**

**Гьединан хъвалеб буго
ХъачIав пачаяс кагъат,
Кинав инараласда
Гьесул гIамал лъалареб.**

**Лъида кIолеб абизе
Инкараб рагIи гьанже,
Инкар ккуни щибилеб
Шамилица дандчIвазе?**

**ЧIухIарал погоназул
ГIисинал симсал руго
Головинил гъуждузда
РахIатхун сородулел.**

**«СихIру кинаб ургъилеб?
Амру лъида тIад къалеб?
КъвакIиийищ, хIеренлъиийищ
ХIажалъулеб гьабсагIат?»**

**Фезел кагъат ана гьас
Пачаясухъе битIун,
Фезехъеги хъвана гьас
Гьадаб амру тIубаян.**

**Фезеца бетIер ккуна
Кагъат бачIараб мехалъ,
Малъкъосиялъ, хIинкъиялъ
Къвал бана пуланасда:**

**«Пикру гьабун бихье цо
Балагь тIаде щвварабкуц,
КигIан гIадалаб бетIер
БукIун бугеб, унго, дир!**

**Дун хехлъана, хехлъана!
Хвана гьанже кинабго.
Кин кIврааб дида хъазе
Шамил тамахлъун вугин?»**

**Ана сордо, гьалдолеб
Буго гьасул гIадалнах,
ЧIезе, ургъизе заман
ГьечIо Фезее хутIун.**

**Гьесда ракIалде щввана
Клюгенаул мунагь:
«Гьес хIукумат гIуцIизе
Рес кьуна Шамилие!**

**Гьес хIадур гаьве абе
Гьанже Шамил сапаралъ,
Лъазе биччанте гьесда
Досул «гьоболлъи» гьанже?»**

**Гьале щвана Шурабе
Щвараб гIорлъун буюрухъ,
Фон Клюгенауда
Кинабго жо бичIчIана:**

**«Хехлъи гьабизе ккола,
Сентябрь моцI щун буго,
Щиб ургъилеб? Рес гьечIо –
Дунго вахъине ккола!»**

**Надалда хIучч гIадинаб
Гендерил кьурдасан нух –
Нухлулав цIакъ хIалакун
Щолев вуго ЧIиркъатIе.**

**ЧIвана гьев мажгиталъул
КIалтIа имамгун данде,
Имамасул тилмачас
Кагъат рагъул цIалана.**

**- Дуда дида абеян
Бицараб рагIи бугищ?
- ГьечIо, кIудияв имам,
Кагъат кьей гуреб, щибго.**

**Ургъулев вуго Шамил,
Какикьжоялда кIусун,
АскIовго Ахъбердилав –
Имамасул рагъул бацI.**

**- Живго инарал дунгун
ДандчIваялде вачIине,
БукIине ккола гIилла,
Хъвай гьесухъе гьаб жаваб:**

**«Мискинав гIалимасул
Рахъалъ битIулеб буго
БетIерчIахъада инарла
Фон Клюгенаухъе.**

**Щамат къоялъ дандчIвала
ЧIиркъадерил магIарда,
АнцIила анлъабилеб
Сентябралда, иццухъ».**

**Инарал хъазахъалгун,
Чанго гъазанищевгун
ВачIун чIана ЧIиркъдерил
МагIарда цIараб къоялъ.**

**КъватIив вахъана Шамил –
Лаиллагьа илаллагь!
Ана, щвана магIарде
Гьалмагъзабигун цадахъ.**

**Цоцазе салам кьуна,
Амма хъваш-баш гьабичIо,
Гьабугьин инаралас
Харбиде байбихьана.**

**ХIухькъотIун вуго Шамил
Щибаб рагIул хIисабалъ,
ХIасратаб каламалъул
Нахъарукъ лъазе бокьун.**

**- БетIерчIахъаяв пача
Николай ТIоцевесев,
ТIолабго дур гьунаралъ
Пана гьавурав вуго.**

**Гьес, вичIчIи мурадалда,
МустахIикъаб къиматгун
Къабул гьабулеб буго
Имаматалъул гIорхъи.**

**Нужеда хъварав гIадан
ВукIина досул тушман,
Дур гIадаб халкъалъулгун
Гьудуллъи – досул анищ.**

**Гьаб ракьалда гIадатлъун
Билълъараб низам ккола –
Улкабазул гьудуллъи
Гьабизелъун данделъи.**

**Анлъабилеб октябрь
Ине те тарихалде,
Тах бугев кIиго бетIер
Тифлисалда дандчIвараб.**

**ВачIунев вуго пача
Гьеб къоялъ Гуржиялде,
БачIун буго гьес кагъат
Мунги гьоболлъухъ ахIун… -**

**ХIалбихьана щиб асар
Имамасе гьабураб
Гьеб рагIиялъин лъазе
СихIирав инаралас.**

**Амма гьесул бералги
Пикрабиги Шамилил
РекIел тIиналде щвечIо,
БичIчIичIо гьесул хIукму.**

**- ХIисаб гьабе цо дуца,
ХIурмат кIудияв имам,
Имаматалъе нижер
Бугеб мунпагIаталъул.**

**ГIатIидал авлахъазда
ТIощел нижер гьарзаяб,
Шагьаразул Фабрикахъ
Бессулеб ххамги нижер.**

**Нужер ахазул пихъги,
ГIи-боцIул хIанги квасги,
Хисун-бичун босила
Россиялъул дармилаз.**

**ДагьабгIаги къварилъи
Диналъе гьелъул бугищ?
Дин нижерги нужерги
Жиде-жидер букIина…**

**БачIана Шамилида
Цебе Хочбарил хабар,
Ханас багьадурасе
«Гьоболлъи» гьабураб куц.**

**Валагьана сверухъе
РахъунчIарал тIогьазде,
Бакълъабахъ бакъул чIораз
КунчIарал росабазде.**

**Буго тIолго Дагъистан
Гьесул беразда цебе.
Благье цо ГIашилтIе –
КIиабилеб Мадина.**

**Гъоле ГIандигIоралъул
ТIикъва чIвараб АхIулгохI,
ЛахIзаталъ лъалхъана бер
Шамилил гьеб ГохIалда.**

**«БитIахъе Аллагьасго
Бижараб хъала буго» -
БичIчIана гIумруялъул
Суал цебе лъун букIин:**

**ГIумруялъул – улкадул,
Ургъун цIакъ гьас гIуцIараб,
ГIумруялъул – шаргIалъул,
Живго имам Шамилил.**

**- Бице, инарал, дида
Дун пачаясе щайзе?
Щукру Аллагьасе, дун
Гьадинги квеш тун гьечIо.**

**Дир цересел умумул
ГIемер гуккарав пача
Пуланаб къадаралда
Дидаги лъарав вуго.**

**Лъала мунги, батIаго
Квешавин абиларо,
ЛъикIлъи дур гIадинабцин
ЦингIаги лъачIо досул.**

**- Гьал дир рагIаби руго,
Шамил, досулги рекIелъ!
Баче квер, гьедула дун
Гьелда ишкал гьечIилан! –**

ХъахIаб квелъелги бахъун,
Бегьана жиндирго квер
Ворхатав имамасул
КъартIаб квер бачине гьес.

Бадиса канлъи ана
Ахъбердил МухIамадил,
Дандего бегьилалде
Шамилил квер ккуна гьес.

- Бегьуге квер, инарал,
Ниж къосине гьаруге!
Бусурбабазул имам
Унаро гьеб къорихъе!..

ХIалхисарав инарал
Карабиххун лъугьана,
Ахъбердиласде тIаде
ГIанса борхун гьесана.

Ахъбердиласги ханжар
ХартIан къватIибе цIана,
Сабру тIокIав Шамилил
ТIокIлъи гьениб борхана.

Хапун цояб кверalъ гьес
ГIанса ккуна борхараб,
Цогидаб квералъ ханжар
Ккуна къватIиб бахъараб.

- Нахъе а! – ан абуна
Имамаас «гьоболасда»,
Амма инарал жеги
Жундуца ккун вукIана.

Генуб кIаркьен къотIарав
Евдокимас ана
Нахъе вачун инарал
Иццул свериялдаса…

Чорхолъ гьалдон бачIараб
Би гIодой буссунаго
Ввалагьана нахъеги
Сверухълъиялде Шамил.

Шурун кIалъалеб гIадин
Гьогьен хъвана гIундузда
Имамлъи гьасий кьураб
ГIарахъ мегIералдасан.

Дова имамлъун Шамил
Вищана данделъуда,
Устар Жамалудинил
Квер бачана, гьаги бан.

Доба кьураб гIакълуги
Гьабураб божилъиги
Гьас гIумруялъ цIунила
БацIцIадго, гьаб ицц гIадин.

## АХIУЛГОХIАЛЪУЛ ХАБАР

АхIулгохIалдацеве
Накабазда вуго дун,
Шамилил рагъ бихьарав
Херасда цеве гIадин.

Дица гьал цере ккурал
Квераз гьарулеб буго,
Бице дуда тIад ккараб
Кутакаб рагъулилан.

АхIулгохI гIадамасул
Каламалда кIалъана,
КIудияб гьунаралъул
ГьитIинаб сурат кьуна:

«Жив гурхIулев ва гурхIел
Жиндир цIакъ тIадегIанав
Бичасул ццIаралдалъун
Байбихьула гьаб хабар.

Хадуб цIана имамас
ГIурусазул армия
Инарал Граббегун
БетIерлъуда мугIрузде.

**ГIассиял кьурабалъун,**
**КьогIал кIкIалал-хъитIахъан**
**Вехъерхъана гьес тушман,**
**Гъужумаз тIутIулаго.**

**Ташав-хIажил чачаназ**
**Чурхъана гIурус боял,**
**БеркъачIого тIад речIчIун,**
**Рахчун, нахъеги реIчIун.**

**Рахас гьабун бачIунеб**
**Беццрузалъул къапила**
**Къаси-къад ярагъ гIодоб**
**Лъезе регIизе течIо.**

**Тураял хъамалчагIи**
**Хъазмил гIарадабигун,**
**Щурункъверкъал кинигин,**
**Щурун рилълъине ккана.**

**Киданиги рихьичIел**
**ГIорал рахине ккана,**
**РакIалдацин рукIинчIел**
**Хъинсал росизе ккана.**

**КигIан солдат хваниги**
**Инарал гIодоцичIо,**
**ГIадамазул ургъел гьес**
**ГъабзазулгIан гьабичIо.**

**БухIун, чIчIинтIун тIолабго**
**ХIатIикье кканщинабгун**
**ХIамабагьадур щвана**
**ГIешдерил жаниблъууде.**

**ЛъикIаб жо буго къуват**
**Къуват дагьазде данде;**
**АнцIила ункъазарго –**
**УнкънусгогIан чиясде.**

**БукIинчIо гьесухъ цо жо –**
**Шамилил гIадаб гьунар,**
**Гьесул гIадаб бажари,**
**Бодуе цевехъанлъи.**

**ГохIалда тIад цо росу,**
**ГохIалъул ургьиб – цойги,**
**КIиго хъала букIана**
**Шамилица хIадурун.**

**ГIандадерил гIурулъе**
**Лъугьарал кьурабиги**
**Лъабабго рахъалдасан**
**Сангараллъун къачIана.**

**Къелълъа къватIире гIадин**
**Рахъун рукIана картIал –**
**АскIорегIан къаразде**
**Гуллил горо-цIер балел.**

**Колоса Сурхайица**
**Бараб щулалъи цIунун,**
**Мурадаса ГIалибег**
**ВукIана нусго чигун.**

**Инжит гьарурал куц гьес**
**Полковник Пуллол хъурмал**
**ХъиругамчIилгун гуллил**
**Иххалги тIаде риччан.**

**Чан гьужумалъ рачарал**
**Шамилица муридал**
**ЩIцIаназул нухккун тIаде**
**Бахунеб аскаралде.**

**Къиямасеб къо чIараб**
**Гьаракь букIана ккIкIалахъ,**
**ГIешдерил лъар сверана**
**Хинаб бидул гIоралде.**

**Гьениб рухI босулелъул**
**Къечалъул хIал бергьараз**
**ХIасраталда гьекъолеб**
**БукIана багIараб лъим.**

**БагIарлъараб ГIандигIор,**
**Жаназабазул цIураб,**
**Жиндирго къварилъабахъ**
**Лъалхъизабун букIана.**

**ТIолабго гьаб жаниблъи**
**КIкIуйдул накIкIулъ тIупана,**
**Хъазмил цIадакье кIанцIун**
**Унаан гьужумалде.**

**Гьанир наибзабиги**
**Муридзабиги цадахъ**
**Цо кверлъун рагъулаан**
**Ругъналцин рухьинчIого.**

**Шамил кIиябго кверзукь**
**Хвалчабигун вортулев**
**ВукIана, солдат тIаде**
**БорчIулеб бакI бихьани.**

**БукIана Аллагьас хвел**
**Гьесдаса рикIкIад гьабун,**
**РикIкIен гьечIел гуллбузукь**
**КьеричIого чIаниги.**

**Гьесул гучаб черхалда**
**Хучдузгин гуллбуз ругънал**
**Чанги лъуна, амма гьес**
**Наку гIодоб тункичIо…**

**ЧIана ицндаго кьвагьи**
**Гавуразул цо къоялъ,**
**Бид рецIцIулел гъалбацIал**
**Ралагьан цоцазухъ.**

**Цояб рахъалъан тилмач**
**АхIдана гIурусазул,**
**Рекъел гьабизе бугин**
**Бокьун Граббейилан.**

**Бигьалъана ракIазе,**
**Рагъул цIадулъ ругезе,**
**Рижана хьулал рекIелъ**
**Руччаби-лъималазул.**

**Баянаб буго цохIо –**
**ГIурус гIемер гъурана,**
**ГIабицарзабазулцин**
**Къадар нусилъа ана.**

**Щиб лъалеб, малгIунасда,**
**Гьеб кинабгоги бихьун,**
**ТIадвуссинго маслихIат**
**Бугилан ккун батани.**

**Амма иш батIайиса**
**БукIана гьесул ботIролъ,**
**Ккана гьесда муридал**
**Ахиралде щун ругин.**

**Гьабуна Шамилилаз**
**ХIукму данделъиялда**
**Бакъан кин бугояли**
**Къукъа къабул гьабизе.**

**Бачана Пуллол чухъил**
**ГIинщ лъачIеб ххвелгун гъоркье,**
**ГIинтIамуна имамас**
**Полковникасул харбихъ.**

**- Нижедаги чIалгIана,**
**Нужги свакан ратила,**
**КIиго нух буго нижер**
**Имам, дуда данд базе:**

**Яги мун Граббехъе**
**Мунго вачIа дандчIвазе,**
**ЛъугIила гьелдалъун иш,**
**Ниж ина, мун хутIила.**

**Дуца къотIи гьабила**
**Рекъел хвезе гьечIилан,**
**Гьелдаго гъоркь гъулбасун**
**Инаралги сасила.**

**Гьеб къабуллъичIонани,**
**Гъоркьлъалие вас витIе,**
**Гьелдаги гIей гьабила**
**Граббеца божизе.**

**Хабаралъулъ сихIруги**
**ХIалихьатлъиги бихьун,**
**Шамил имам лъикI мехалъ**
**ХIухькъотIун вуцIцIун чIана.**

Заманаго щвелалде
Шамилил инсул вацас
Вахъун хъваштIан тIадегун
Къаде какде ахIана.

- Жаваб какал ран хадуб
БачIине буго духъе, -
Чiаралъув Пуллоги тун
Шамил нахъе вилълъана.

Данделъана нахъеги,
Анкьго нухалъ борцана,
ЦохIо нухалъ къотIизе
Бугеб захIматаб суал.

- Мун инаро кивего,
БетIерчIахъаяв имам,
Амма, васасул суал
Цолъизе ккараб буго…

КигIан макру бихьараб
Шамилида гIумрулъ
Гiемераб бетIер ккуна
Гьес гIурусаца гуккун.

Вахъун тIадегун Шамил
Валагьана сверухъе,
Рукъизе ирга щвvвечIев
ЩIун буго тIолабго гохI.

- Юнус, мун Жамалудин
КъачIазе а хех гьабун!
Бице, нужеда гъорлъа
Васгун цадахъ щив инев?

ЛахIзаталъул ссихIкъотIи
КъотIизабуна хехго,
Живго Юнус кIалъана,
Дун виччай гьевгунилан.

Лъабго къол хIалхьи щвана,
Вас кьедал, муридазе,
Амма инаралас рагъ
Байбихьана нахъеги.

«ГIадамазда, гуллбузда
Барахщи гьабичIого,
АхIулгохI кверде босе
Бокьараб багьаялде!»

Гьеб буюрухъ бачIана
Санкт-Петербургалдаса
Ракьал дагьав, мискинав,
Пакъирав пачаясул.

Къалиялъул кьалул сас
Кьурабалъ такрарлъана,
БачIунеб буго гIурус
ГIажал балагьун гохIде.

ЦохIониги чи гьечIо
Гьал солдатазда гьоркьов
Жидее гьеб чияр ГохI
Щибизеяли лъалев.

Хваралги тIаде рахъун
ГьечIелищилан ккана –
МахIги барахщичIого
БитIулеб буго солдат.

Залимаб карачелищ,
Унго, гьаб гьитIинаб гохI,
Гьалъ щущазе гьабулеб
Бугеб куц гIурус гама!

КIиго АхIулгохIалда
Гьоркьоб ГIещдерил кIкIалахъ
ЩIияб АхIулгохI буго
Жаназабазул лъугьун.

БатIияб гIассилъиялъ
ГIадаллъарал муридал
ГIадалнах бекьараб куц
Дида тIад солдатазул.

ГIадан кинан виинчIев
Гьаб дир тIалъиялдаян
Гьабула дица пикру
Гьанжеги къаси-къаси.

**Гьаниб имамасухъе**
**БачIана цо балъголъи**
**Генералгун балъгого**
**ХIалтIулев нилъергояс.**

**Головиница буго**
**Шамилил бетIералъухъ**
**Шамилил бетIералда**
**Бащадаб месед кьолеб.**

**СогIал пикраби руго**
**Киналго гьалаг гьарун,**
**Квешаб хабар лъан буго**
**ТIолалго муридазда.**

**Имамилан абуни**
**Гьимана цо михъилъан,**
**Хъвана сабураб хатIалъ**
**Генераласе жаваб.**

**«ХIурматияв инарал,**
**Баркала дуй кIудияб**
**Дир бетIералъе кьолеб**
**ЦIикIкIараб къиматалъухъ.**

**Дица абуни, гьеб дур**
**Инараласул ботIрохъ**
**Сумал гIучIцин, божа мун,**
**Ва биллагь, кьелароан».**

**Гьес гьеб кагъат цIалидал**
**Киналниги релъана,**
**Гьеб релъи лахIзаталде**
**ГохIдаго тIибитIана.**

**Бижана цIияб къуват**
**Къеркьохъабазул чорхолъ,**
**ХIалчIахъад имамилан**
**Абуна бахIарзаца.**

**Багъана гIурусазде**
**Данде жидерго къотIи,**
**ТIибитIун ана жаваб**
**Солдатазда гьоркьобги.**

**Гьеб щвана Граббехъе,**
**Хадуб Головинихъе,**
**Бицана адъютантас**
**Гьелъул НикIалайида.**

**БукIунаро балъголъи**
**Шамилие мугIрузда,**
**МугIрул руго балъголъи**
**ГIурусазе кидаго.**

**Нахъеги къасигун къад**
**Гьоркьоб къотIулареб рагъ,**
**Ана жиб тIубараб моцI**
**Муридал лъедерлъана.**

**Солдатал бакI-бакIихъан**
**ГохIде тIаде рахана,**
**Бидул хIарщулъ багъизе**
**Лъугьана дида тIад халкъ.**

**Хивал букIинчIо лъилго**
**Лъалиниб хвалчен лъезе,**
**Хунжрулгун гьорлъ журана**
**Киналго руччабиги.**

**РакI чармилай ПатIимат –**
**Шамил имамасул яц,**
**Аздагьо гIадин йиго**
**Кьурул рагIалда рагъулъ.**

**Гъурана залимай гьелъ**
**Зулмугун щвараб солдат,**
**Амма, кверде инчIого,**
**Ахир кьурса кIанцIана.**

**Чамай гьединан хварай,**
**Жинцаго жийго чIварай!**
**Гьалдолеб букIана дир**
**Каранда тIад хвалил цIа…**

**- КIкдияв Шамил, нилъер**
**Гъазават лъугIуларо**
**Гьаб АхIулгохIалда тIад**
**ВорчIизе ккола имам.**

Дур бетIерлъуда жеги
Рагъизе ккола гIелал,
ГIумруги нилъер ракьги
ЦIунун гIурус пачагун.

Генусангин ТIелекьан
ГIададаго гуро мун
ТIадегIанав Аллагьас
Хвасар гьавун вукIарав.

Мун ворчIичIого, имам,
Чара гьечIо гьанжеги.
Нижеца ккведе буго
Дур бакI гьаниб, хвезегIан…

Карабиххарав Шамил
ЩвартIан тIаде вахъана,
Гьурмадаса би бацIцIун
Хвалчен къватIиб бахъана.

ЦIиркъ кинигин, кIанцIун гьев
Векерун къватIив ана,
Хъвалхьарулеб рагъулъе
Гьорлъе жуван тIагIана…

Нахъойги наибзаби
Ротана имамасде,
Ине кколин мунилан
Лъазе гьабуна гьесда.

- Мун имам вуго, Шамил,
ХIукму – дуйги гIахьалаб,
ЦохIо дур хутIизегIан
Гьулбасал гьарун руго.

ГьабсагIат мажлисалъул
Амру тIубаларев чи
Аллагьасул нухалда
Данде чIарав чи вуго.

- Гъазаваталъ шагьидлъи
ТIадаб буго дидаги,
ГъазимухIамад гIадин
Хвезе бегьула дунги: -

Гьес чангоял рехана
Живго ккведал рахъ-рахъалъ,
Аммаха Ахъбердилас
АхIана хIукмуялде.

Киданиги беразда
ХхуличIеб гьесул магIу
КIаркьабаздаса гъоркье
Магжилъе гирун ана.

- Гьаб нилъ нечезе кколеб
ХIинкъи, я тIури гуро,
Тушбабазул горсвери
ТIезе гьаби буго гьаб.

Гьаниса нахъе къазе
КъваригIун буго нилъей,
Нахъе къалебги гIадат
Ккедал тушманасдаса.

Тушман гIемерав вуго,
СихIирлъи хIажат буго,
Гьесдаса бальгояб рес
Ургъизе хIажат буго.

БитIараблъун бихьула
Тушман АхIулгохIда кквей,
Нахъе цIаялде гьезул
Щаклъи ккolареб куцалъ.

- ЛъикI буго, АхIулгохIда
Дун те гIемериселгун,
Дица лъидасаго лъикI
КIвекIила гIурус аскар.

Ахъбердилавгун цадахъ
Цо къукъа гьаниса а,
Имамлъун гьевги вище
Гьанив дун шагьиллъидал.

Аллагьасда мугъги чIван
Гъазават гъварид гьабе,
Гъажаби гуричIев чи
Имаматалда тоге.

Тушман гIассияв вуго,
Тушман цIикIкIарав вуго,
Амма гьев тIекъав вуго,
Иъкббал – ритIаразул битI. –

Бихьана гIемераб къо
Имам мукIур гьавулеб,
Вачана Аллагьас гьев
Ахир гьалмагъзабигун.

Камуна вас СагIидги
Жавгьаратги нохъода,
ХутIана ПатIиматгун
ГъазимухIамад гьевгун.

Чанги цIаялда сверун
Гурарал солдатазул
Чурхдузул хIалбихьана
Нахъе унезул хунжруз.

Дида тIад чанго къоялъ
Халалъана жеги рагъ,
Бергьаравлъун кканиги,
Граббе гьанив къуна.

Гьединаб буго къокъаб
Къиса кIудияб рагъул,
Дуца бацIцIадаб магIу
БацIцIе дурго бадиса…

- Баркала, машгьураб ГохI,
Дуе абунщиналъухъ,
Имаматалъул даим
Тахшагьарлъун буго мун.

Кавказалъул рагъазулъ
Дур гIадаб къиматаб рагъ
КъанагIат ккараб буго,
Рецц дуе абадиялъ!

## ТIУРИ

ГIурусазул хъалаби –
МокIсохъ, ЦIатIанихъ, Хунзахъ,
Рахъана Шамилица
Малакь ккун дандечIейгун.

ЧIчIинтIизабуна зуулму
Зирани, Балахьуни,
Босана Унсоколо,
ГьоцIалъ, Хьаргаби, Таргъу.

Маххги, ракъиги, квачги
Чваххана гIурусазде
Чваххун балеб цIад гIадин
Имамасул зодисан.

ГIазу, кьураби, рохьал,
Рихьуларел сухъмахъал,
Хварал – хвара-хваралъуо,
Чакъалабазул руруй.

Кьурса гъоркье ртулел,
Бараб ганчIица чIвалел,
РечIчIун рачIун муридаз
Хвалчабаца гъурулел.

Хварал ччуязул гьан кун,
Партал гьечIого квачан,
Квешал унтаби раккун
Руго солдатал холел.

Нахъе цIцIана тIолалго
МугIруздаса гIурусал,
ТIурун, рахчун рорччIана
ХвечIого гIицIго дагьал.

Абуна Шамилица:
«Ратила гьазул лъимал,
Эбел-эмен ва лъудби,
Гьелги Бичас рижана…»

Гьев чодасаги рещтIун
ЧIана лъикI пикрабазда
Росу рагIалде росун
Рукъулезухъ валагьун.

**Асирлъуде ккун руго**
**Солдатал аза-азар,**
**МагІарухъе росабалъ**
**Лагълъиялда хІалтІулел.**

**Цо тайпа туснахъазул**
**Ракьул гвендинир руго,**
**Бегизе гьабун тІаде**
**ТІалуялъул кесекгун.**

**ГІарцухъ рачун уна гьел,**
**Цо-цо гІагарал рачІун.**
**Муридазухъ хисула,**
**ТІаде-гъоркье мухъги кьун.**

**«Киве валагьун вугев**
**ГІурусазул пача?» - ян**
**ГІемераб суал кьуна**
**Нилъер гІадамаз гьезий.**

**Гьеб суалалъе жаваб**
**Солдатазда лъаларо**
**Лъалел гІабицарзаби**
**ГІайиб гьабун кІалъала.**

**«Унго, цойги нухалда**
**Нахъруссун ритІиладай**
**Нижер вилаяталде**
**Нуж?» - ан цІехола гьезда.**

**Гьез къваридго абула**
**Лъаларин жидедаян,**
**Лъалелщиназ бицуна**
**Пачаясул ишазул.**

**Щиб балагьизе, солдат,**
**Мун мугІрузде вачІарав? –**
**Хъазахъ, гІурус, гуржияв –**
**Пачаясул ригІият?**

**Дуцаги щиб гьабилеб,**
**Ихтияр духъ гьечІелъул,**
**Гьусаралъуй бортичІеб**
**Тарщил гьод бекулелъул.**

**Гьанивги чи чІвачІого**
**ВорчІулареблъи хІакъаб,**
**Амма гьанив жиндирго**
**Ракьулъ вукъула гІадан.**

**Вукъула хъизан-рукъалъ**
**Жидерго квераз чурун,**
**БукІине кколеб куцалъ**
**ТІаде ясинги цІалун.**

**Нужерал, гІурус солдат,**
**Холеб куц бихьуларищ,**
**Эбел-лъималаздаса**
**РатІалъун, хъанч чІвачІого.**

## ВОРОНЦОВ

**Суворовас куцарал,**
**Кутузовас къачІарал,**
**Карпат мугІрул регарал,**
**Парижалда тункарал.**

**Кибниги Россиялда**
**Жидер гІадаб къартІ гьечІел,**
**Гьоко биххани цІулан,**
**Оц хвани гьанин ругел.**

**Чияр ракьал рахъизе**
**Камилго ругьунлъарал**
**ГІурусазул аскарал**
**Ичкериялде щвана.**

**ЦІодорлъиялда мал бан,**
**Пахрулъи рекІелъ ккурав**
**Живго Воронцов вуго**
**Нухмалъиялъе цадахъ.**

**Цониги гІадамасул**
**ГІакълуго босуларев,**
**ТІурарав пачаясул**
**ТІадкъай тІубазабулев.**

**«ТIокIалъ нахъе цIачIого**
**Бахъе Шамилил хъала,**
**Щулалъе хIалкIванагIан**
**Гьесул тахшагьаралда!» -**

**Гьедин гIуцIана план**
**ГIурусазул «гIакъилас»,**
**МагIарулал рихьарал**
**Генералал релъана.**

**Воронцовасул лъади –**
**ГIолилай графиня,**
**Новороссийскиялда**
**Пушкинил рекIел гьудул.**

**Гьав гIабдаласе гIакълу**
**ГIурус пачаясдаса**
**Дуца лъикIаб кьелаан**
**АскIой йикIарай ани.**

**Зодор тункарал мугIрул,**
**ЖужахIалъулал кIкIалал,**
**КъотIун рарал гъутIбуца,**
**Чiалабаз къарал нухал.**

**НакIкIигъутIбузул гьогьен,**
**Июлалъул байбихьа,**
**Рохьил хIинкъарал хIанчIи,**
**Рорхат роржунел цIумал.**

**Амма гIурус солдатги**
**ГIабицарги цониги**
**Чачаназул ихалъул**
**Ургъалида рукIинчIо.**

**Ана къо – кьвагьи гьечIо,**
**Ана цойги – сихIкъотIи,**
**Лъабабилеб къоялда –**
**Ункъабго рахъалъан цIа.**

**Шамилица гьазда тIад**
**Михир бачунеб убго,**
**Бищунго хIикматаб жо –**
**Муридал рихьуларо.**

**Паркъула хъархъалъ ханжар,**
**ТIерхьуна харилъ тIагъур**
**Гъара ккун буго кибго**
**Щибаб гъотIода нахъа.**

**Воронцовасухъ гьечIо**
**Гьев чIараб тIанкI гурони,**
**БукIаниги, цебехун**
**Гьунулеб буго аскар.**

**Сардарасул цо анищ –**
**Тахшагьарл Даргъо бахъи,**
**Нахъияб жоялъул гьес**
**Дагьаб гьабула ургъел.**

**Гьабзаз балкан кинигин,**
**ТIутIун балебл армия –**
**«ГIурус рекьарухъаби**
**Ракь гIадин руго жеги».**

**Бахъана анищалъул**
**Росу «бахIарзаз» гьале,**
**Амма жанив чи гьечIеб,**
**КIалдиб лъезе жо течIеб.**

**Тату хварал солдатал**
**РогьинегIан гъурана –**
**ГъалбацIилгун ШугIайбил**
**Наиблъиялъул мазщел.**

**Гьенир ркь ццун рагъана,**
**МагIарулал, чачанал,**
**Чанги батIияб миллат**
**Имаматалъе рухI кьун.**

**Воронцовасда цебе**
**ЧIана гIолохъанаб мех –**
**ВатIаналъул рагъулъ жив**
**Франциялде данде.**

**Доба Наполеонас**
**Москва кверде босана,**
**Кремлиялъул цIаялъ**
**ЦIорозе гьавуна гьев.**

**ГьечIо Кутузовасе**
**Рекъел гьабизе бокьун,**
**Хадуб ккараб кинабго**
**Киназдаго лъала гьеб.**

**«Гьанив дун Наполеон…» -**
**Гьедин ургъана граф,**
**Ва инжитаб куцалда**
**Тезе ккана гьес Даргъо.**

**«Гьанже байбихьана рагъ! –**
**Абуна Шамилица, -**
**Щай букIараб гьасийги**
**Гьанибе сапар бухьин?»**

**Гьабзазул рукIниб ккараб**
**БацI гIадин вуго граф,**
**МагIу цо нухалъ гуро**
**Гьесул бадисан араб.**

**Кванила хадув арав**
**Генерал Пассек чIвайдал**
**ЧIезе бакI лъаларого**
**Лъугьана гьев малъкъосун.**

**Къаси нухда регIана**
**Шураре чапарзаби,**
**Чара бухIарал нижей**
**Кумекалъе рачIаян.**

**Ракъи, риххалил унти,**
**Къаси-къадлъи гьечIеб рагъ,**
**Гьаб хIалбихьи гьабизе**
**Гьезул букIараб анищ!**

**Унго, пачаяс щибдай**
**Абила гъаримасда,**
**Гьереси, макру гьечIо**
**Гьаниб ургъизе кIолеб.**

**ГIака хъамун батана,**
**Радал гьасий бечIчIулеб,**
**Живго гьавги гьагьинив**
**Ваччун ина лъутулез.**

**Амма нахъияб къоялъ**
**Кумек тIаде гIунтIана –**
**Фрейтагида цадахъ**
**Саламатаб бо буго.**

**РачIана Шамилихъе**
**Унтарай чIужу хванин,**
**Амма гьес чи витIана,**
**Живго аскаргун чIана.**

**Нахъеги вакилзаби**
**РачIана, рекъон гьечIин,**
**Гьанир наибзаби тун,**
**Кверкьовуде айилан.**

**Багъарана хутIараб**
**Армия графасул,**
**Шамил гъорлъ гьечIеб рагъда**
**Воронцов хвасарлъана…**

**Шамилица тахшагьар**
**Веденобе бахъана,**
**Пачаясул чабхъеналъ**
**Къадру гьесу борхана.**

**Къадру борхизабуна**
**Херав сардарасулги:**
**Даргъо «босарав» чиян**
**Гиназлъи кьуна гьесий.**

**Гьесдагун пачаясда**
**Чан соналъ релъанхъарал**
**Кавказалъул солдатал,**
**Рагъул генералзаби.**

**БукIаниги, цо нухалъ**
**НикIалайги велъана –**
**Гиназ Воронцовасул**
**ГIакдалгун гьагьил бицун.**

## ХЬАРГАБИ

МугIрузда тIад тIибитIун
БачIунеб буго аскар,
Солдатазул тIелазул
Руго кIкIалал, щобал цIун.

Воронцовасда аскIов
Аргъутинский вуго,
АнцIазарго солдатгун
Тушман тIаделъун вуго.

Гумпара тIаде балеб
Росу щущалеб буго,
Росда сверун гьабураб
Сангар картIаххун буго.

КIкIуйги, хIурги, ахIтIейги
ХъахIилаб зобалда гъоркь,
Чуял, тIукъбузул тIвваркъи,
Буххулеб къолол гьаракь.

Гьураги лаиллаги
Хурхун буго цоцазда,
Цо гIассияб тIаделъи
Гьабуна гIурусаца.

БацIил гвендахъ холезул
Ахираб агьи, агьи
Росу сверун хучдузул
Хунжрулгун жубараб сас.

Гъурулел, чIвалел руго
Муридалгун солдатал,
Чуяз мерхьунел руго
Хварал, лъукъарал чагIи.

Чанго сагIаталъ бидул
Буго щар чIвалеб гьениб,
КъотI-къотIун ран, рорлъун ран
Рехулел руго цоцаз.

Замана щвана какил,
Къаделъана роол къо,
Ана какил завалги,
Зваргъи лъугIулеб гьечIо.

Огь, Шамилил васазул
Цабзазул цо дандекъай,
КъуркьичIого теларин
ГIурусазул тIадецуй.

АбухIни мегъ. ГъутIбийищ
Рагъухъабийищ гIемер,
КIикIундерил ахазукь
Ракьулъе бецIцIулеб би.

Бакъанида мех щвана,
Как ахIулев чи гьечIо,
Чапи сасунеб гьечIо,
Къиямасеб къо буго.

БухIулеб росдал цIадул
МацIазул цо халалъи,
Бакъцин гурищ кьвагьулеб
Бугеб гьаб гохIил тIогьиб.

ГIаймакдерил лъарада
БагIараб полоп буго,
Къаркъалабазул гохIахъ
Бидул хIорал чIун руго.

МаркIачIуда мех щвана,
Воронцов вихху ккана, -
Гьесие армиялъул
Лъедерлъи загьирлъана.

Аргъутинский чIола
Нахъе цIарал чIвалилан,
Нахъе цIалел гуро гьел,
Нахъе кьабулел руго.

Къолол гьаракь дагьлъана,
Лаила гьалаглъана,
Гурарал гъажабазул
ГъалбацIал къарукъана.

КъвекIав цIум – Идрис-наиб,
ЧIегIераб чодул игит
ЧIегIераб харицеллъун
Солдат бецулев вуго.

Шамил Ипуда гохIда
Гьесул рагъухъ валагьун,
«ШаригIаталъул гьалбацI,
Гьоле, ХIамза» - ян вуго.

«Баче армия нахъе,
Аргъутинский, хехго» -
Амру гьабулеб буго
Пачаясул сардарас…

КъотIана къоялъул рагъ,
РацIцIана хунжрул, хучдул,
Хваразул тIалабалде
ТIаделъана чIагоял.

## САЛТIА

Эменги васги руго
Рагъулел тушбабигун,
Толев гьечIо чи чIаго
Гьенив кIиябго рахъалъ.

Рагъ буго гурхIел гьечIеб,
ЧIвалел руго киналго –
Хвалчакье ккаралщинал,
Ишаналъ росанщинал.

ЧIалабазде гъорлъе ккун,
Гьогъол гьуназукь чIчIинтIун,
ТIокIаб калам гьечIого
Паналъулеб буго халкъ.

Харида тIад би буго
БухIараб цIелъ гьалулеб,
Гьури багъулеб буго
Гьугъалеб гIарадагун.

Дида рихьулел руго
Гвендил ракьанда рахчун
Эменги васги цадахъ,
Рахъарал хвалчабигун.

Доба тIасан тIупанлъун
ТIолеб буго хъазмил цIад
ЦIуял воронцоваца
Цо гьитIинаб росдаде.

Росдада цIарги буго
ЦIумазул ракI хIайранаб –
Бугебщинаб рухI буго
ГIурусаз СалтIе рехун.

ТIурал бохдулгин цоял,
БетIер бихъарал цоял
Цоцада аскIор руго
СихIтун, бахIарзал гIадин.

Чурулел руго цIадалъ
ЦIумазул ругънал гьанир,
Гьорол къуват гIоларо
ГIассияб кIкIуй хъамизе.

Хъудулеб буго Гьойсу
Гъулдузда кьабгIолаго,
Кьураби руго рукIкIун
РухI бугел ччорбал гIадин.

Балагье дир василан
Сасаб хабар рагIула,
ГIолохъанав васасда
АскIов кIусарав инсул.

Эбел йигин дур щокъай,
Къимат гьабе гьелъулин
Гьабулеб буго калам
Рагъда цебе инсуца.

- Дун хвваниги кIваричIо,
ЧIаго хутIизе те мун,
Ххер жаниб къазе гьабун
Баце дир ругъун дуца. –

Гьаримав васас буго
Инсуда цIакъ гьарулеб
Гьеб хабар жибго теян,
Дун хввелин, мун цIунилин.

**- Лъалищ дуда нилъер ракь**
**Кьурабаз сверун ккураб,**
**Сси тIокIаб Тунзиб росу,**
**Росулъ дуй абурай яс?! –**

**Инсул ракI гIодоцине**
**КIалъазехъин вукIарав**
**Вас, солдаталги рихьун,**
**КIанцIун ана къватIиве.**

**Цо гуро, ичIго вуго**
**ВачIунев тушман тIаде:**
**«Толаро гьел инсуда**
**АскIоре щвезе дица!»**

**Инсуда рихьана гьел**
**Васасде тIаде лъугьун,**
**ТIинчI цIунизе цIум гIадин**
**ТIаде вортун ана гьев.**

**Эменги васги вуго**
**Тушбабигун рагъулел,**
**Лъиданиги лъаларо**
**Лъугьунеб жо гьабсагIат.**

**Лъуна цояв хвалчаца,**
**Чехь борлъана хонжроца,**
**Цояв чIвана инсуца,**
**КIигояв лъуна васас.**

**Инсул берда бихьана**
**Паркъулел тункIихучдул,**
**Хучдузул тIогьал къана**
**Къед гIадаб керемалда. –**

**Кинабниги гьайбатлъи**
**Гьаб дунялалъул хвана,**
**Холев вас вуго цеве**
**Гучав инсул беразе.**

**Кьабана цо – къотIана**
**Къаркъала гьес цоясул,**
**Кьабана – цоги ана**
**Агьан цогидав щапун.**

**Кин букIаниги, эмен**
**Ана щапун гIодое,**
**Ругъналъа би чвахулеб**
**Буго васасда тIаде.**

**ТIокIалъ къуват гьечIев гьев**
**Гьункьун тIаде ворхана,**
**Гуллби щвана нахъеги**
**Щапун унев инсуда.**

**Дуниялалъул канлъи**
**ЛъугIана васгун инсуй,**
**Канлъи гьечIел беразде**
**РачинчIо тIаде тIелхал.**

**Живго АхIматIилавги**
**Гьесул вас МухIамадги**
**Рукъун руго Сулдерил**
**Росдал цо авалалда…**

## ЦIАРГИ РЕЦЦГИ

**Истамбул гвангъун буго**
**КIиго багIар бакъуца:**
**Цо хъахIил зодихъ бугеб,**
**Цо – султIанасул гьундухъ.**

**Гьундузда жаниб жакъа**
**КъанагIатаб жо буго,**
**Къадекакида хадуб**
**Байрамгун мажлис буго.**

**Гьаб тарихияб рокъоб**
**Турциялъул султIаназ**
**Тарихалде машгьурал**
**Гьунаразул бицана.**

**Сулейман ТIоцевесев –**
**ГIусманиязул чIухIи,**
**ЧIахIиял рагъазул хан**
**КIодо гьавуна гьанив.**

**ГъабсагIат лъил бицине
Гъанире данделъарал?
Лъие баркала кьезе
Бугеб гьаб мажлисалда?**

**Крымалъул рагъ буго
Бергьенлъиялда унеб,
Батила цIар рехсезе
Турказул бахIарзазул.**

**Месед-гIарцулъ кенчIолеб
Митана тIад ретIарав
Падишагь ГIабдулмажид
ЧIухIадго вахъун чIана.**

**Пашаби, вазирзаби
Ва тIолабго сверухълъи
Щапун ана церехун,
Кълана гънкарасе.**

**Цинги рорхана тIаде,
СултIан чIахъагийилан,
- Жакъа хассаб къо буго, -
Абун кIалъана султIан.**

**Дунай гIоралда нилъер
ГIумар-паша бергьана,
Генерал Горчаковас
Босана нух гьениса.**

**Амма, щивав туркасул
РакI тIегьазе гьабурав
Гьев пашаясул гуро
ГъабсагIат бицен бгеб.**

**Султанаталда ругел
ТIолго насраниязул
«ТIалабчи» Меньшиковги
Алмаялда гъурана.**

**Инкерман, Севастополь –
ГIурччинаб байрахъалъукь,
Амма гьебгицин гуро
ГъабсагIат кIалдиб бугеб.**

**Бергьенлъаби рукIана
Тарихалда гIемерал,
БахIарзалги рижана
Дунялалда гьарзаго.**

**Амма Дагъистаналъул
Имамасул гьунараз
Гьалгъазе гьарун руго
Киналниги улкаби.**

**БетIергьанасул хIабиб
ХIакъав аварагасул
Рагъгун бегьила рехсей
Кавказалъул рагъалъул.**

**Гучал полководецаз
Куцараб гIурус аскар
Гьале къоябго соналъ
КIетIолеб Шамилида.**

**Крымалъул рагъазулъ
ГьечIо Шамилил аскар,
Амма Шамил ва Амин
Руго ракIаца нилъгун.**

**Нилъер диналъул вацал
ТIолабго дунялалда
Дида лъала кигIан цIакъ
Рохилелали жакъа…**

**Дуниялалда алжан
БукIине рес батани,
Гьаб рукъ гьеб алжаналъул
Цо бокIонлъун лъугьана.**

**«Лаиллагьа илаллагь!»
АхIараб гьаракь ана
Халифат щварабщинаб
Ракьалда тIад тIибитIун.**

**ЦIалана меседилал
ХIарпаца хъвараб таптар:
Кьола Шамилие цIар –
Генералиссимуслъи!»**

Бищун тIадегIанаб цIар
Багьадурасе кьураб
Щвана Европаялде
Жидерго рохел гIадин.

Хъвана гьелъул хIакъалъулъ
Марксица газеталда,
Рахъана имамасул
Бицанихъе суратал.

## ШАМИЛИЛ ВАСАСУЛ АХИРАБ КАЛАМ

- КIаратIа букIана дир
Рукьби турараб лахIту,
ХIалихьатав пачаяс
Чан кинигин чIварав дун. –

Гьединан байбихьана
Халда цебесеб хабар,
Ххарилъ тIегь гIадаб ригьалъ
Имам Шамилил васас.

- МугIрул бакъуца гIадин
Къалъун букIина дир рухI
Дуе дица гьабсагIат,
Рагьизе бугеб цIаралъ. –

Тохтир Пиотровскийги
РакI унтун гIенеккана
ГIурус ракьалда гIурав
ГIабицарасул харбихъ

НикIалайил адъютант,
Имамасул чорхол рухI
Чахоткадал хъанхъраялъ
ХъачIго вухьун рехарав.

- Гьерсилав пачаяс дун,
Пакъир гьавун эменгун,
АхIулгохIалда тIаса
ТIун, кьалбал тун, вачана.

Чуязул гьаказдаса
Дун тIурана рохьове,
Амма борхаьл гIадинал
ГIурус солдатаз ккуна.

Вачана пачаясул
Мармаралъул гьундухъе,
Гьениб кваний инкар ккун
КигIан мех бараб дица.

ВукIаниги пачаяс
РакI халатккун хьихьана,
Кинабго жиндир мурад
ТIубазелъун куцана.

Цоцин Кавказалдаса
Чи вихьизе течIого,
Ана дир лъимерлъиги
ТIолго гIолохъанлъиги.

РагIизе течIо дида
Дир мацIалъул цо рагIи,
Рихьизе течIо дида
МугIрузул сураталцин.

Санкт-Петербург, Москва,
Ахиралда Варшава –
Щвана киса-кивего
Пачаясул вас гIадин.

ЩвечIо гьесул армиялъ
РухIулел росабалъе,
РикIкIад вукIана хечалъ
Керен борлъарав эмен.

Эбелалъул гьайбатаб
Гьумер букIана кибго
Дида цадахъ кидаго
Къасиги къадги цебе.

Вацасул кверги ккун дун
Цо нухалда вилълъинчIо
Макьилъ гендерил къватIккун,
Северго гьечIеб гIадин.

**Даим дир ургьимесго,**
**Дагъистаналъул цIураб,**
**БукIана балагьун чIун**
**БачIинин цо къойилан.**

**Кин букIаниги, гъанцIа**
**Бана пачаяс дида. –**
**Гьесул нус-нус ясалъул**
**Цоялъ ккуна рекIел чIчIва.**

**РекIеда ватана дун**
**ГIицIго тIадвуссунелъул,**
**Щай дида сверухъ додин**
**ГIемер ясал рукIарал.**

**Дица чанго нухалда**
**Накуги чIван гьарана**
**Лиза Оленинагун**
**Данделъизе виччаян.**

**ВиччачIо пачаяс дун,**
**Абуна хехго бугин,**
**Мун жеги тIадегIанаб**
**Рокьуй мустахIикъ вугин.**

**Инсухъе виччан толеб**
**ТалихIаб къоялдаги**
**Дунгун йиччай гьейилан**
**Гьардана пачаясда.**

**Амма чини кинигин,**
**КенчIолеб гьесул гьумер**
**Рагьана гьев кIалъайдал,**
**РакIги цебе лъун, дие.**

**Дир гъажалда кверги лъун,**
**ДандвитIун гIодовги чIун,**
**ГIодой виччан абуна**
**Гьес дида: «Сабру! Сабру!»**

**«Мун а, дир хирияв вас,**
**Дурго эбел-инсухъе,**
**Бице дунгин дир ватIан**
**Кинаб батарабали.**

**Дир ракIчIола дур харбихъ**
**Эмен гIенеккиялда,**
**Абе НикIалайил квер**
**Бугин гьесухъе бегьун.**

**Гьеб кIиябго кверальул**
**Кьо лъугьараб мехалда**
**Дуниялго ахIараб**
**Бертин гьабила дуе.**

**Дур Лиза Оленина**
**Мун гурев гIадамасе,**
**ГIорода жив яниги,**
**Унареблъи лъай дуда.**

**Эмен – Чачан, Дагъистан**
**Кодосев шагь вукIина,**
**Дир хъулухъчагIи гьенир**
**Гьес абухъе хIалтIила».**

**Господин Пиотровский,**
**Дун дуда цеве вегун,**
**Вагъаризе кIоларев,**
**КIалдисан би чвахулев.**

**БукIун гьечIо льгалги**
**Дирги данделъизе хъвай,**
**Дуца, ахираб гьари,**
**Гьелъухъе ун, дир бице.**

**Санкт-Петербург – дур шагьар,**
**Долъие гIоло – дирги,**
**Гьале бальго рачIарал**
**Долъул кагътал – росе гьел.**

**Дир кагъталгун цадахъ гьел**
**Жиндихъго цIуне абе,**
**Бице, дун инсуеги**
**Гьелъийги хисичIилан.**

**Амма пачаяс ургъун**
**БукIараб макруялъул**
**Мурад тIубазабуни**
**Дун чи ккolароанин.**

**Эркенлъи кверал рорхун
Лагълъуде бачIунарин,
Гьесул ламартлъиялъул
ХIасил – гьаб чIвараб рокьи…**

**Къанщана гьимиялде
ТIаде беразул тIелхал,
Ана гьабугьин щапун
Цояб рахъалде бетIер.**

**Лиза Оленинаялъул
КIутIбузулгун жубараб
Берцинлъигун хIеренлъи
ХутIана кIутIбузда тIад.**

**ГIурус тохтир гIодилев
ВукIана синкъиялда,
Шамил имамгун цадахъ,
Жамалудин лъугIидал.**

**Петербургалда йигей
Лиза Оленинаялда
Гьаналъ биццун хIалалда
Лъана вокьулев ками.**

**- Рокьул гучалъ чиясе
Чахотка ккола, имам,
РекIел мурад тIубазе
ТIубан рес лъугIарабго.**

**Гьеб буго Жамалудин
Нилъ тун иналъе гIилла, -
Гьедин кIалъана ахир
ЩIодорав гIурус тохтир.**

**ГIемераб мехалъ чIана
Шамил, жаваб кьечIого,
Лъалаан унтуй гIилла
Цебего имамасда.**

**Хадуб, кверги бачун, гьес
Баркала кьун абуан:
- Гьабилеб щиб… БукIинчIо
Гьеб рокьи тIубазе рес.**

**Рихьана гьесухъеги
Гьесухъанги хьвадулел
ТIолалго кагътал дида,
Квалквал гьабичIо дица.**

**Дие пачаяс лъолел
ТIураларел шартIал лъан,
Вас холев вукIаниги,
ВуцIцухIун чIезе ккана.**

**Кинабго гьаб ракьалда
Бокьухъе букIунаро,
Бокьанщинаб щолеб бакI
Алжан гурони гьечIо.**

**Дир Жамалудиница
Щибго квешлъи гьабичIо,
Гьарила Аллагьасда
Гьесий дой доя кьеян.**



**МУХІАМАДОВ МухІамад Ибрагьимович,**
филологиял гІелмабазул доктор, профессор

## БАХУ-МЕСЕДУ РАСУЛОВАЛЪУЛ ХВЕЛ ГЬЕЧІЕЛ ШИГІРИЯЛ ЖУГЬАБИ

Дагьаб цебегІан ГІахьвахъ районалъул КІаратІа росулъ тІобитІана Дагъистаналъул халкъияй шагІир Баху-Меседу Расуловалъул шигІрияб хІаракатчилъиялъул 50 сон тІубаялъул хІурматалда адабияталъулаб тадбир.

Гьеб адабияталъулаб байрамалда гІахьаллъана МахІачхъалаялдаса, Грозныялдаса гьалбал ва шагІиралъул гІемерал ракьцоялги. Гьеб тадбиралда дунги гІахьаллъидал, бокьун буго Баху-Меседу Расуловалъул шигІрияб хІаракатчилъиялъул хІакъалъулъ къокъго бицине.

Инсанасул хасият буго цо-цо пикрабазде машгъуллъулев, нахъехун таралъул хІасил гьабулеб. Гьедин магІарулазул машгьурай шагІир ва журналист Баху-Меседу Расуловалда ракІалде ккун буго, жиндирго гьудулзабиги данделъизарун, 50 соналъул шигІриябги журналистлъиялъулабги хІаракатчилъиялъул бицине.

ТІоцебесеб кечІ хъвараб заман гьелда ракІалда гьечІо. Гьелъ бицана магІарулазул цІар рагІарай шагІир ГІанхил Маринил хІакъалъулъ кечІ 1969 соналда ГІахьвахъ районалъул «Заман» газеталда бахъараб къо киданиги кІочон теларилан.

Баху-Меседул шигІриял асаразул аслияб тема буго гІагараб Дагъистаналде рокьи, гьелъул гІумруялъул захІмалъабаздалъун рекІелъе лъугьунеб бухІи. Гьелъ рикІкІуна жиндие бищунго рокьулел шагІиразул цояв ХъахІабросулъа МахІмуд вугилан:

**Рокьул хъала барав хъахІабросулъев,**
**Хъваларищ цо сарин рокьи сахлъулеб.**
**Балай бергьаразе гьундул рорхарав,**
**Гьабиларищ сабаб саяхълъи чІвалеб.**

Баху-Меседу Расуловалъ лъугІизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университет ва М. Горькиясул цІаралда бугеб Москваялъул Литературияб институт. ЦІалана В.Д. Цыбинил шигІрияб семинаралда.

ШагІиралъул тІоцересел кучІдул лъугьун рукІана жиделъ цІилъиги, рекІел асарги, шигІрияб гугьарги бугеллъун. МагІарул цІалдолезги гьединаллъун рикІкІунел рукІана республикаялъул газетазда ва журналазда рахъарал гьелъул асарал:

**КIарун белъанхъулеб их, бахIарай гIадинан ах,**
**БухIараб бакъ букIадго, тIури щун гъугъалеб зоб.**

**Релъиялъул магIулъун гIедерго чвахараб цIад,**
**ТIабигIаталъул гьими – гIажаибаб кIамури.**
**Ихдалил зоб гъугъана гъаримаб дир рекIелъги,**
**ГIадра-тIегьлъун тIирщана рекIел тIинда жугьаби.**

* * *

**Ракьалда лъиего квешлъи бокьичIо,**
**Квешлъи дий бокьарал лъикIго хутIайги.**
**Лъидехунго рекIелъ жахIда-ццин гьечIо,**
**Диде жахIда бугел боцIуд гIорцIайги.**

* * *

**Рокьи гьечIеб ригьин – рихьдае талихI,**
**Ригьин гьечIеб рокьи – кьолбое рогьо.**
**Гьезул цоябниги дие бокьичIо,**
**КIиябго цолъараб рукъги бихьичIо.**

Дун хIикмалъизеги хIайранлъизеги гьавула гьелъул шигIрияб мацIалъул чIурканлъиялъ, пасихIлъиялъ ва гIадатлъиялъ. КIаралазул мацI рахьдал мацIлъун букIаниги, бацIцIадаб магIарул мацIалда аза-азар мухъ кочIол кагътиде босизе захIмалъулеб гьечIо гьелъие. Гьеб буго кIудияб гьунар!

Баху-Меседу Расуловалъул адабият гIемерго бечедаблъун, пасихIаблъун, цIалдолезул рекIее асар гьабулеблъун лъугьун буго шигIриял жанразул гьарзалъиялъги. ПасихIго хъварал балладаби, басняби, биценал, рубагIиял, сонетал, кIижугьаби, ункъжугьаби, микьжугьаби, поэмаби, маргьаби, таржамаби гурелги, гьелъул шигIрияб дунялалда батула кочIодалъун хъвараб драма ва пародиягицин.

МагIарулазул адабият ахираб анцIго-къого соналда жаниб бечелъана цIиял руччаби-шагIиразул цIараздалъун. Нилъеда киназдаго лъала руччабазул адабияталъул букIуна гьезие хасиятаб хаслъи. Масала, гьезул гIемерисезул асаразулъ рукIунаро гъваридаб философияб магIнаялде кIвар кьун къалмикье росарал асарал, гьезул кучIдул рукIуна рекIел асар гъваридго загьир гьабурал, лирикиял.

Дида ракIчIун абизе кIола Баху-Меседу анин гьединаб шигIриялъул гIорхъодаса цебехун галиги тIамун. Гьелъул кучIдул руго нилъер заманалъул киналго лъикIалги квешалги рахъал жанире рачарал, кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъиназе мухIканаб ва къучIаб къимат кьолел. Масала, бадиб магIу хуличIого цIализе бажаруларо «Детдомалда гIурасул кечI».

Поэзия хвел гьечIеблъун рикIкIунеб гIорхъодаса церехун араллъун лъугьун ругилан рикIкIине бегьула Баху-Меседул гIемерисел шигIриял жугьаби.

Миллатал, халкъал, хIатта заманабигицин цоцалъа ричIизарулеб гIорхъи букIине бегьуларин абураб гIакъилаб, философияб пикру буго гьезулъ:

**Рижи-хвел, ГIарасат – гIаламалъе цо,**
**ГIадамил лъимал нилъ – вацалгун яцал!**
**Щай нилъеда гьоркьоб ккараб гьаб рикьи,**
**Рокьуй бижараб халкъ щай бикь-бикьараб?!**

**Цо ракьалда гIураб, дин-мацI батIияб**
**Цо Адамил наслу цолъулеб анищ.**
**Цоцазе гьудуллъи рагIизе гьабун,**
**Цо Бичасул лагъзал вацлъулел анищ!**

Гьединал мисалал Баху-Меседул кучIдузулъа кигIан бокьаниги рачине бегьула.

ШагIиралъул лирикаги буго мугIрул иццул лъимгIанги бацIцIадаб, Гьелъие мисаллъун бачине бегьула «ТIабигIаталъулгун гара-чIвари» абураб кечI.

Нилъер машгьурай шагIиралъул гьединаб гьайбатаб поэзиялъул аслулъун, тIокIкIараб иццул бетIерлъун гьаниб рикIкIине бегьула магIарул тIабигIаталъул берцинлъи ва бацIцIалъи. Баху-Меседул кучIдузе хасиятаб буго жиндирго хатIги, хаслъиги, рагIабазул ва жугьабазул жавгьарулаб кунчIиги:

**ТIогьиллъараб тIанхил тIансаялда тIад**
**ТIадагьлъи биларал хIатIазул роси,**
**Нусиречалъул гьин угьараб ахикь**
**Чергеслъиялъ толел лугбазул кьури.**

**БичIчIулареб кьурди, кьабулареб хъат,**
**Кьурул рагIал буго гIагарлъизехьин…**
**ГIицIал хIатIазда гьоркь тIогьил тIанхаллъун**
**ТIурачIел анищал руго щурщулел.**

Гьелъул щибаб тIехьалда буго лирикиял кучIдузул тIел. Гьанибги шагIиралъ кумекалъе ахIулеб буго жиндилъ бессун бугеб рекIел бацIцIалъи ва рекIее гIоларебщинаб жоялъ кьолеб гIазабги. Рокьул гогьдариялдаса яхI-намус тIадегIанаблъун лъугьун буго гьелъул кучIдузе.

ГIемерисел шагIирзабаз хъвалел руго, кочIохъабаз ахIулелги руго гьаб ахираб заманалда магIарулазул кIалдир некIого чIамучIлъарал, жиделъ магIнаги пасихIлъиги гьечIел, «дие мун йокьула, рокьул гIазаб буго, холей йиго, хехго вачIа дихъе» гIадинал рагIаби гъорлъ ругел кучIдул. Амма Баху-Меседул рокьул кучIдузе хасиятаблъун лъугьун буго хIасраталдаги гIакълуялдаги гьоркьоб гIорхъи, гьезулъ гьечIо рокьи загьир гьабун угьдизе тIамулел рагIаби, буго бацIцIадаб рекIел асар.

РекIел ахIиялъул хIалуциналъул цIураб буго щибаб кечI, шагIиралъул рекIелъ бугеб къварилъи-гIатIилъи къалмиде бикьун бугилан ккола. Гьелъие мисаллъун бачине бегьула «Эбелалъул гьари» абураб кечI. Гьениб буго гIакъилаб магIнаги, дуниялалъул киналго улкабазул ва заманабазул гIаммаб унтиги бухIиги:

* * *

**Щиб ригьалде бахун бугеб гьаб гIасру?**
**ГIолохъанлъиялъул бакъукь йиго дун.**
**ЦIиял къарнабазе цIияб гIел кьолеб**
**ГIажаиблъи буго – дир бугеб гIадат.**

**Дун гьечIони, гьечIо гIумрудул чвахи,**
**ГIакълу цадахъ гьабун лъела гьеб ракьулъ.**
**Дун чIвани, чIунтила тIолго дуниял,**
**Инсанас къачIачIищ – къина гьелул нур.**

**Гьеб бокьараз чIвай дун, эбел яхъуней,**
**Яги лъугIизаре гьаб ракьалдаса.**
**Дир жеги гьабичIеб лъимадул бадир**
**ХъантIун ралагьарал рагъул алатал!**

Баху-Меседу Расулова йохун йиго ахирги дин гьукъиялъе ахир лъураб, эркенго Аллагьасе тIагIат гьабизе, динияб адабияталъул асарал цIализе рес бугеб заман бачIун букIиналдаса. Нилъеда лъала цебехун гьеб кинабго гьукъун букIараблъи. Баху-Меседул поэзиялъул къуват буго бечедаб мацIалъулъ ва ритIухълъиялде бугеб рокьиялъулъ. Гьелъ жиндирго шигIрияб мацI бечелъизабун буго халкъиял кицабаздалъун, абияздалъун, тарихиял хIужабаздалъун. Гьелдаго цадахъ шагIиралъул махщел буго кучIдул къокъго, мухIканго ва берцинго хъвазе.

Баху-Меседуе хасиятаб тIабигIаталъул суратаздалъун загьир гьабулеб лирикаялъ цIикIкIараб асар гьабула цIаларасул рекIее. «Хасалихълъи» кочIолъ берцинаб, битIахъе шигIрияб сурат бахъун буго хасалихълъиялъул ахил:

**Хасалихълъи. Ахил ххан биччараб рас,**
**Меседил кьералъул кьурарал гъалал.**
**Макьиххунеб бакъул кIухIалаб гьими,**
**Гьаругьин лъедолел гIубилал накIкIал.**

Гьаниб нилъеда бихьулеб буго кигIан пасихIаб шигIрияб гьунаб Баху-Меседу Расуловалъул бугебали. Цоги мисал бачинин:

**МугIруца хъахIлъарал бутIрулдай кIкIварал?**
**ХъахIаб расул гъуназ цIун ругин кIкIалал.**
**Яги удаманас гIийиш къунцIараб**
**Къаси гирун гIаздал гIансийищ щвараб?**

**Тамаша, бихьизе расгун квас гIадаб,**
**Кодобе щолареб накIкI, дур берцинлъи!**

Абизе бегьула Баху-Меседу йигин кучIдузулъ рехсовухъе гIумру гьабулел ругел къанагIатал руччаби-шагIирзабазда гьоркьоса цояйилан. Гьелъ жиндирго гIумруялъулъа мисалал росулел руго шигIрабазул жугьабаздалъун магIарул халкъалъухъе кьезе. Амма гьел хъвалел руго бищунго цIикIкIун рекIее рахIат гьечIел пикраби кагътиде росичIого чIезе кIвеларин ккараб заманалда.

ГIурусазул кици буго бихьинал рагъда гIахьаллъулин, амма ругънал руччабазул ракIазда лъолин. Гьеб кициялъул пикру ритIухълъулел асарал шагIиралъ хъвана Болъихъ районалда I999 соналъ ккарал, гIемераб би гIодобе тIурал лъугьа-бахъиназул заманалда. ШагIиралъ хъвалеб буго битIахъе жиндир ракI кьвагьизехъин бугила гьитIинаб ВатIан «ахIичIел гьалбадеридаса» цIунизе яхъине рес кколеб гьечIолъиялъ:

**Гьалдолеб ракIалъул кIулал ричIидал,**
**РачIуна жугьаби жагьилай дихъе.**
**Жаниб тIул бежулеб хабар рагIидал,**
**РагIабаз сокIкIуна шигIруялъул си.**

**Къуват гьечIеб ццидал беццал цIалаца**
**ЩIоб тун яцIунелъул, бецIцIула пикру.**
**Жаваб батулареб суал согIлъидал,**
**Басандула къалам хъахIаб кагътида.**

Киналго ракIбацIцIадал гIадамалго гIадин, Баху-Меседуги хIакимзабаз, жидерго хъулухъаздаса пайдаги босун, хIилла-рекIкI гьабиялда, ришватчилъиялда, чорокабщиналда дандечIарай йиго. РекIелъ кIудияб пашманлъигун ва ццингун гьелъ хъвалеб буго гьелъул хIакъалъулъ:

**Бадире хIелулел, хIилла ургъулел,**
**ХIакимлъи хIажатал рищулел рихьун,**
**Ришватал цIикIкIарал цIаруй росулел,**
**ЩIар арал вузазул дипломал рихьун,**
**Рохьоб чанилгIанги чара къосидал**
**РакIалъ ахIула дун АхIулгохIалде.**

Баху-Меседул рекIел рахIат хвезабулеб буго магIарухъ годекIаби чIороголъун рукIиналъ, росабалъа гIадамал гIатIиракьалде ва шагьаразде гочунел рукIиналъ, гьей хIинкъулей йиго умумузул росаби тIуранго чIунтиялдаса ва цIикIкIаразул адабги хIурматги гьабулареб наслу цIикIкIине бегьилилан:

**МагIарул росаби – халкъалъул аслу,**
**Асс бугел хараби – халкъалъул гIакълу.**

**ГІасиял кьураби – кьварараб гІамал,**
**Кьурулъ багъулеб гІор – нилъер таваккал.**
**Шагьараз гьекъолеб халкъалъул аслу,**
**Асс бугел хараби хадур угьдулел.**

Гьал ахирал соназда халкъалъул гІумруялъулъ гІемерал хиса-басиял ккана, халкъалъе цо кинабалиго эркенлъи кьуралдаса хадуб. Гьелдаго цадахъ баккана кьвагьа-гІанхъи, чІвай-хъвей. ШагІиралъул рекІелъе нахъойги рахІатхвей лъугьунеб буго, гьеб эркенлъиялдаса битІун пайда босизе халкъалда лъачІолъиялъ:

**Загьру дарманлъула дагьаб бугони,**
**Дагь-дагькkундай нилъей гьеб щвезе кколеб?**
**Дару загьрулъула гІемерлъанани,**
**ГІемерлъундай бугеб жакъа эркенлъи?!**

Баху-Меседу Расуловалъул кучІдузулъ загьирлъула кІудияб пикруги, камилаб гІакълуги. РакІалде ккола гьелъул рекІелъ дандерижилъун лъугьунеб бугин цІалдолесе бикьизе бокьараб пикру.

МагІарулазул гІемерисел шагІирзаби-руччабаз хъвалел руго гІагараб халкъалъул гІумруялъул бицарал кучІдул. Гьез гьел хъвазе байбихьулаан рекІелъ бугеб пикру-къасд къватІибе кІанцІичІого чІеларин лъугьараб заманалда. Гьел релълъунел рукІана куркьбал рижун роржун унел жугьабазда. Амма гьеб роржен букІана аваданаб ва эркенаб – тІоцебесеб рокьи гІадаб, гІажаибаб рохел гІадаб, гІумруялъул талихІ гІадаб. Гьеб кинабго батула Баху-Меседу Расуловалъул шигІрабазулъ.

Гьелъ жиндирго шигІриял асаразулъ магІарул халкьалдехун рикьулел руго рекІел анищал, рахІатхвей, роцІараб пикру, гІагараб ракьалде тохлъукьегояб балагь бачІинилан хІинкъи. Гьелъул пагьмуги гьунарги буго гьитІиналъулъги кІудияб, лахІзаталъулъги даимлъи бихьизе гьунар гІолеб.

Бащдаб гІасруялда жаниб къалам кодоса гІодобе бортизе течІей магІарулазул гьей машгьурай шагІиралъ жиндирго кочІол жугьабаздалъун миллатцоязе сайгъат гьаруна жиндир рекІел тІиналда тІирщарал пикраби, рекІелъ рукъ ккурал къасдал, къварилъи-гІатІилъи.

Жакъа нилъеца гьелде хитІаб гьабун, гьелдаса рохун абулеб буго хІалчІахъадилан. ХІакъикъаталдаги гьей лъугьун йиго миллаталъул чІухІилъун, рохеллъун ва халкъияй шагІирлъун.

Баху-Меседу Расуловалъул асараз жакъа гьересияблъун гьабулеб буго гьанже адабият хІажат гьечІин, гьеб цебеселъул рагІадлъун хутІун бугин абураб гьодораб пикру.

Гьезде ахІи базе бокьун буго шагІиралъул щибаб кечІалъе, кочІол щибаб мухъалъе, нужер гІадалнахулъе лъугьунеб гьечІебищин гьаб дуниялалда щибдайин ккелеб маданияталдаса, адабияталдаса, рухІиябщиналдаса халкъ махІрум гьабуни.

КигIанго бокьичIониги гьанжесел хъвадарухъабаз ва шагIирзабаз къасд гьабулеб буго жамгIиял лъугьа-бахъиназул нухлул рагIалдасан ине. Жакъа рес гьечIо цере гIадин чIахIиял тиражаздалъун тIахьал рахъизе. Нужецаго пикру гьабе, Дагъистаналда бищунго цIикIкIараб къадар бугел магIарулалцин махIрумлъулел руго тIахьал цIалиялдаса.

Кин бугониги, тIадруссун биданиги, Баху-Меседул адабияб хIаракатчилъи гIемеррахъазулаб букIиналъ нилъ рази гьарулел руго. Баянго бицани, кучIдулги къасидабиги гурелги, гьелъул руго драмаби, харбал, макъалаби.

Хасго поэзия лъугьун буго машгьурлъиялъулги, пасихIлъиялъулги, гIакъиллъиялъулги, камиллъиялъулги борхатаб мегIерлъун гуребги, гьелъул тIогьлъунги.

Гьанжесеб заманаялъул магIарул поэзиялде дандеккун, гьелъул цо хаслъиги бугин абизе бегьула. Гьезулъ цIунун хутIун руго ТIадегIанасде рокьиги, Гьесул хIалкIолъиялда божиги, Гьесул цIобалде хьул лъейги.

Гьеб хасиятаблъун лъугьун букIана анцIила ичIабилеб гIасруялъул поэзиялъеги. Диниял асараздалъун машгьурлъун рукIана магIарул халкъалда гьоркьор ГIарабустаналдацин цIар рагIарав гIалимчи Кьудукьа Мусалав, БакъайичIиса ЧIанкIа, Инхоса ГIали-ХIажи ва цогидалги шагIирзаби. Гьел классиказулго гIадинал диниял асараздалъунги бечедаб буго Баху-Меседу Расуловалъул гIемерисел назмабиги. 20I6 соналда гьелъул диниял асараз тIоцебесеб бакI ккуна исламияб темаялда хъварал кучIдузул халкъазда гьоркьосеб къецалда. Гьеб соналъул маялда Казаналда Баху-Меседуе Халкъазда гьоркьосеб премия кьолаго, рехсана тIолго дунялалъул халкъазул диниял, миллиял ва заманабазулал гIорхъаби рахараб «ТIупандай тIелеб», «Маккаялда» абурал гьенлъул кучIдул:

**Илбисалъ гуккарал ГIадамгун ХIава**
**ГIарафат магIарда данде гьаруна.**
**Къайисил къосарал къавмалги гьанкъун,**
**Къадирас цIидасан гIалам бижана.**

**ГIелин ккун батила Халкъ бижарасда**
**Хадур рачIунезе чIагояб мисал.**
**ЧIелин диналдаян хьул лъун батила,**
**НухIил гамида тIад хвасарлъунщинал.**

**Хвана дол. Сверана сонал, гIасраби,**
**ГIасилъи цIилъана цIиял гIелазулъ.**
**НухIил гама чIараб доб мугIрул тIогьир**
**ГIурал къавмалгицин къосарал ккана.**

**ГIарасаталъул къо тIаде щвезегIан**
**ТIадегIанас гIалам гьадиндай телеб,**

**Гьадабщинаб мисал гӀадахъ босичӀин,**
**ГӀурулъ тӀерхьинелъун тӀупандай тӀелеб?**
**ТӀупан гьанжесалалъ тӀезе батани,**
**ТӀокӀаб гьаб ракьалда халкъ бижиладай?**

Макка-Мадинаялде, хӀежалъул парз тӀубазе Аллагьас ахӀарайлъун ятун, тӀад юссун хадуб Баху-Меседуца хъвана исламияб диналъул хӀакъалъулъ гӀезегӀанго назмаби. Гьел тӀоцере рахъун рукӀана республикаялъулаб «ХӀакъикъат» газеталда. Цинги гьезул авторалъ басмаялда бахъана «Иманалъул улка» абураб тӀехь. Гьелъул хӀакъалъулъ цӀалдолез хъван рачӀарал макъалабиги рахъана газеталда.

Гьединго цӀикӀкӀараб гъираялда къабул гьабуна магӀарул цӀалдолез «Суфиязул макьу» абураб къасида ва «Рокьи кьаллъаралъуб кьучӀ лъураб ригьин» абураб кочӀодалъун хъвараб драмаги.

Баху-Меседу йиго жиндирго рагӀуеги, шигӀрияб хӀаракатчилъиялъеги, эркенлъиялъеги гӀоло къеркьолей магӀарулай. Гьей йиго гьанжесеб заманаялъул лъикӀабги квешабги бичӀчӀулей бахӀарчияб гӀамалалъул чӀужугӀадан.

ШигӀрияб хӀаракатчилъиялъул нухде лъугьаралдасаго гьей хутӀана ТӀадедегӀанав БетӀергьанасе жинда тӀадаб тӀагӀат-гӀибадат рекӀелъ имангун цӀунулей гӀаданлъун.

Нилъ хӀайранлъизарула гӀагараб миллаталъул маданиятги адабиятги цебетӀезабизе шагӀиралъ бахъулеб хӀаракат бихьараб мехалъ.

Гьелдаго цадахъ жиндир рахьдал мацӀ – кӀаралазул мацӀ цӀуниялдеги кӀвар кьолеб буго шагӀиралъ. КӀаралазул мацӀалда шигӀриял асарал хъвалел рукӀиналдаго цадахъ, гьеб мацӀалъул хӀакъалъулъ гӀелмиял цӀех-рехалги гьарулел руго гьелъ.

РакӀ-ракӀалъ гьарула гьей гьунарги пагьмуги бугей шагӀиралъе хадурккунги цӀиял тӀахьал цӀалдолезе сайгъат гьаризе ресги бажариги.

Ахиралдаги макъала цӀалулезе баян гьабила районалъулаб нухмалъиялъул хӀукмуялдалъун ГӀахьвахъ районалъул гӀолилазул библиотекаялъе кьун буго Дагъистаналъул халкъияй шагӀир Баху-Меседу Расуловалъул цӀар.



## КЪЕЛЕСА ГІАЛИ – КЪУДУКЬА МУСАЛАСУЛ МУГІАЛИМ

Дагъистаналда рахъарал цересел гІалимзабазда гьоркьов «гІелмуялъул ралъадилан» машгьурлъун вукІана Къелеса ГІали.

Доб мехалъ абулеб букІун буго бичІчІулареб рагІул магІна балагьизе «Къамусалде» раккизе кколин, гІелмуялъулги диналъулги рахъалъ захІматаб суалалъе жаваб щвезеги шаргІалда рекъон хІукму къотІизеги къваригІани, Къелеса ГІалихъе ине кколин.

«Къамус» ккола гІараб мацІалъул нусаза-азар рагІиялъе гІараб мацІалдаго магІна кьураб цІакъго кІудияб словарь – энциклопедия. «Къамусалъул» аслияб магІна «океан» бугелъул, гьеб рикІкІунеб букІун буго «гІараб рагІабазул океанлъун».

Цогидал машгьурал гІалимзабазде дандеккуни, Къелеса ГІали хутІун вукІана жиндир гІелмуялъулги, гІумруялъулги, жамгІияб хІаракатчилъиялъулги хІакъалъулъ цІакъго дагьал гурони баянал кодоре щвечІевлъун.

Къудукьа Мусаласул хІакъалъулъ «Гъудуллъи» журналалда (199І с., №1) бахъараб макъалаялда Унсоколо районалъул Балахьуниса Расул МухІамадовас Къелеса ГІали рехсон вуго Къудукьиясда гІелму малъарал ТІидиса Шайих, Сугъралъа ГІали-Риза гІадинал чІахІиял гІалимзабазда гьоркьов.

Гьеб ритІухъ гьабулеб буго «Гъолодаса Малла-МухІамад» абураб макъалаялда Загьид Халаевасги. Гьесул хІакъалъулъ гьадин бицун буго М. ШейхмухІамадовасги («Къелеса ГІали», «Ассалам» газета, 2009 с. июнь): «Хасго лебалав вукІун вуго ГІали мантІикъ (логика) ва калам (гІакъаид) гІелмабазулъ».

КьучІал тарихиял гІалимзабазул баяназда рекъон, Къелеса ГІалица кутакалда кІвар кьун буго Дагъистаналда исламияб гІелму-лъай тІибитІизабиялде. Гьесул цІар машгьурлъун буго, гІараб гІелму лъазабизе бокьаразда гьоркьоса тІалибзаби рикІкІа-рикІкІадасаги рачІунел рукІун ругин гьесдасан дарс босизе.

ГІемерав чиясе щун буго Къелеса ГІалил гІелму-лъаялъул пайда, гІемерал лъикІа-лъикІал гІалимзаби рахъун руго гьесда цере цІаларал мутагІилзабазда гьоркьоса.

Гьелъие нугІлъун гІеларищ, жиндир заманалда гІемерал гІалимзабаз жиндие бетІер къуларав Къудукьа Мусалавги Къелеса ГІалихъ цІаларав вукІин. ГІумруялъго къотІун гьечІо гьезда гьоркьоб гІелмияб бухьен.

Багинуса шайих ШугІайб-афандиясул буго «ТІабакъат ал-хваджакан аннакъшбандийа васадат ал-машаих ал-халидия ал-махІмудийа» абураб, гІараб мацІалда хъвараб кІудияб тІехь. Бакъбаккул рахъалда тІибитІун букІараб къагІидаялъ «тІабакъат» жанралда хІадур гьабураб гьеб тІехь авторас хъван лъугІизабун буго І906 соналъул январалда. Сириялдаса ГІабд ал-Жалил ал-Ата ал-Бакрияс гьеб гІараб мацІалда басмаялда бахъун буго Дамаск шагьаралда І996 соналда.

ШугӀайб бину Идрис ал-Багини шайихас жиндирго «Табакъаталда» данде гьарун руго цебе заманалда Дагъистаналда рахъарал суфизабазул хӀакъалъулъ харбал ва жиндихъе щварал баянал.

Гьеб тӀехьалда буго авторас Къелеса ГӀалил хӀакъалъулъ хъвараб хасаб бутӀа. Гьенибги рехсон буго Къудукьа Мусаласулгун букӀараб гьоркьоблъиги: «Мусаласул гьариялда рекъон, ГӀалица гӀажаибаб хӀалалъ хъварал, гӀелмиял масъалабазе кьурал жавабал руго».

ШугӀайб-афандияс «ТӀабакъаталда» Къелеса ГӀалие кьолел руго «мухӀакъкъикъ» («хӀакъаб жо чӀезабулев чи»), «мудакъкъикъ» («мухӀканлъи тӀалаб гьабулев») абурал цӀарал.

Гьаниб кьолеб буго Къелеса ГӀалил бетӀерлъиялда XVII гӀасруялда кӀусураз гъизилбашазде – къажараздe данде гьабураб къеркьеялъул хӀакъалъулъ «ТӀабакъаталъул» 173-абилеб гъумералда бугеб баян: «БахӀарчияв гӀалимчи Къелеса ГӀалица доб (ГӀандалазул ракьалда рагъ букӀараб) къоялъго гӀадин, жидерго (гьес гьениб яшав гьабулеб букӀиндалха) Самур округалъул гӀадамазулгун гӀакълу дандбазе бокьун, гьадин абуна гьезда: «Шагьас ритӀун рачӀарал гьал рагъухъабазда щиб нилъеца гьабилеб? Цогидазе гьабун ругьунлъараб жо гьез нилъееги гьабизе бегьулагури».

Самуралъулаз гьесие жаваб кьуна: «Валлагьи, нижеда лъаларо щиб гьабилебали. Нижеда лъала шагьасул рагъухъабазда данде рагъизе ва хадурккунги гьел къуркьизаризе кӀолеб къуват нижер гьечӀеблъи», – ян.

Самуралъул рагӀалда гӀумру гьабун ругел гьел гӀадамазда Къелеса ГӀалица абуна: «Дида лъала щиб гьабизе колебали», - ян.

Самуралъулаз гьесда гьикъана: «Щибха гьабизе кколеб?» - ан.

Къелеса ГӀалица гьезие жаваб кьуна: «Дунги чанго цӀикӀкӀарав чиги ина, шагьас ритӀун рачӀун, нилъер росдаде гӀагарлъухъе щун ругел гьел рагъухъабазухъе. Нижеца гьезда гьадин абила: «Ниж гьанже нужер кверщаликье рачӀана, гьанжеялдаса хадуб гьаниб нужее бокьараб гьабизе нижеца ихтиярги кьолеб буго. Гьединлъидал нижее бокьун буго нужее гьоболлъи гьабизе, гьеб нижер гьоболлъиги тӀобитӀизе буго тӀадегӀанаб даражаялда. Ниж гьанже нужехъе рачӀун руго нужер бодул чӀахӀиял бутӀрул нижедаго цадахъ рачине, цинги нижеца гьоболлъухъ ахӀила нужеда гьоркьоса гӀисиналги».

Шагьасул бодул чӀахӀиял бутӀрул нилъер росулъе рачӀараб мехалда, нилъеца гьел киналго, цо чи хутӀичӀого, чӀвала. Цинги нилъ, цебеккунго хӀадурлъиги гьабун, ярагъги борчун, шагьасул рагъухъабазда аскӀоре рилълъина, гьел ракълиде рачине, цинги гьезулгун рекъелги хъвазе бокьун бугин цебеккунго гьездаги лъазабун. Нилъ гьезде гӀагарлъараб мехалда, гьел цӀодорго рукӀине рес гьечӀелъул, киналго, цохӀо чи гӀадин, гьезде тӀаде кӀанцӀила. Гьел шагьасул рагъухъаби яргъиде квер бегьизе регӀилелде, гьезул бодул бащдалгӀаги гъуризе бажарила нилъехъа, гьелдаса хадур хутӀаралги, иншаллагь, лъутун ина».

Гьеб гара-чӀвариялдаса хадуб самуралъулаз гьесие гьадинаб жаваб гьабуна: «Вай, нижер бахӀарчияв вац, гӀалимчи, ГӀали-афанди! Гьел дур рагӀаби тӀубанго дандеккола гьабсагӀат лъугьун бугеб ахӀвал-хӀалалде, гьез нугӀлъиги гьабула дуда гьеб мухӀканго бичӀчӀун букӀиналъе».

Цинги гьез гьабуна цебехун рехсарабщинаб. Самуралъулаз цин гъурана Ираналъул шагьас битӀун бачӀараб бодул чӀахӀиял бутӀрул, кӀиабизеги,

хIадурлъиги гъабун, гьел ана ахIичIого рачIараз орду чIван бугеб бакIалде. Самуралъулал шагьасул рагъухъабазда тIаде кIанцIана, киналго цадахъ, цохIо чи гIадин. Гьезул кIалдир рукIана Къуръаналдаса гьадинал рагIаби: «Я, БетIергьан! Нижее сабру-яхI кье, нижер бохдул къвакIизаре. Гьал капуразде данде рагъулъ Дуца нижее квербакъи гьабе».

Гьелдаса хадур Аллагьасул изнуялдалъун гьел тушбаби лъутизаруна.

Тарихиял баяназда рекъон, гьел къажарал Цахуралде рачIун рукIун руго гьижрияб тарихалъул I057 соналда, ай I647 соналда.

Темирлан Айтберовасул ва ШагIбан ХIапизовасул «XVII-XIX гIасрабазда Илису ва МугIрузулаб махIал» абураб тIехьалда гIатIидго бицун буго гьанже Рутул районалде гьоркьобе унеб магIарулазул КIусуралда (кIусураз жидерго росдада абула «ГъочIокI») Кьелеса ГIалил хIаракатчилъиялдалъун къажаразда тIад босараб бергьенлъиялъул.

Къаралазул мадугьалихъ бугеб Кьессер жамагIаталде гьоркьобе унеб ТIинаб (ГьитIинаб) Кьессерухъ, Самур гIурул рагIалда, рорхатал мугIрузда магIарулаз гIуцIараб КIусур росулъ XII-XIII гIасрабаздаго исламияб дин щулалъун букIиналъе нугIлъи гьабула гIараб мацIалда гьарурал хъвай-хъвагIаял хабалазул заназда ратулел рукIиналъ. Самуралъул рагIалда гIумру гьабулел магIарулазда гьоркьор рахъун рукIун руго гIалимзабиги.

Ширваналдаса МухIаммад РафигIица гьеб рахъалъул тарихалъул хIакъалъулъ гIуцIараб тIехь буго XVI гIасруялда (I558/59) Кьелеса ГIалица жиндиего хъвараб. Гьес гьеб босун буго Гъумекиса МахIмудица I455/56 соналда хъваралдасан.

Дагьабго такрарлъи кколеб букIаниги, тIубанго кьелин гьаниб гьеб тIехьалда бугеб гьадинаб тарихияб баян: «XVII гIасруялда Сефевидазул империялда гьоркьоб жибго жиндаго чIараб вилаят гIадин букIараб Югалъулаб Аваристаналда персаз хIаракат бахъулеб букIана гьениб, суннитазулаб загIиплъизабун, жидерго мазгьабалъул, ай шигIитазул асар цIикIкIинабизе. Гьезул мурадлъун лъугьун букIана, гьенисан байбихьун, дагъистаниял шигIитазде сверизари. Гьелъул букIана сиясияб ва пачалихъияб кIварги. Персазул анищ букIиндалха тIолабго Дагъистаналда тIубанго кверщел гьабизе.

Гьединаб ахIвал-хIал КIусуралда букIин лъайдал, гьениве вачIана доб мехалда Дагъистаналда цIар тIибитIун букIарав кIудияв гIалимчи – Кьелеса ХIусенил вас ГIали.

Гьев цо дагьаб заманалда ЦIоралъул ракьалда яшав гьабун вукIана Гьолодаса МалламухIаммадил тIалиблъун, ай гьесдасан гIелму тIалаб гьабулев.

Гьеб заманалда магIарулаз гIумру гьабулеб бугел росабаздаса югалдехун, Самуралъул рагIалда бугеб ракьалде гъизилбашазул (къажарал) боялъ чабхъен гьабуна. Монголаздаса мисал босараб гIадин, гIемерго инжитал жал гьаризе байбихьана гьез. ДандечIарал дагъистаниязул рухIияб рахъ загIиплъизабизе, ай гьезда мукIурлъун лъикIилан ракIалде ккезе, россалги ралагьун, лъудби инжит гьарулел рукIанилан хъван буго тарихчагIаз. Гьай-гьай, гьединаб хIакъирлъи ракьцоязе ва диналъул вацазе гьабулеб букIин хIехьезе кIвечIев Кьелеса ГIалица къеркьеялъе нухмалъи гьабуна.

Самур гIурул расалъиялда ругел росабалъа яхI бугел гIолохъабиги ахIун, гьезул бо гIуцIана гIалимчияс КIусуралда. ЛъикIаланго кIудияб къуват гIуна

гьениб. Амма тIаде кIанцIун къажаразул кIудияб аскар щущахъ биххизабизе бажаризехъин гьечIеблъиги лъан, хIилла ургъана – гъизилбашазул рагъулал бутIрул гьоболлъухъ ахIана, ракълилаб мушавараялда, цо тепсиялда сверухъ гIодор чIезе бокьун бугилан. РачIун гIодор чIедал, гьел гъурана. Цинги магIарулазул боялъ бахIарчияб гьужум гьабуна ЦIахуралъул ракьалда орду чIван чIараб гъизилбашазул аслияб къуваталде. Тохлъукьего гьал тIаде кIанцIидал, кIудияб рихха-хочи ккана гьениб – гьедин кIвана Ираналъул шагьас Самуралъул расалъиялде битIун букIараб аскаралда тIад бергьенлъи босизе.

Гьединаб кIудияб лъалкI тана ТIинаб Кьессерухъалъул тарихалда жаниб Къелеса ГIалица.

Гьелдаса хадубги, Аллагьасул къадаралде щвезегIан, КIусуралда апараглъиялда хутIун вуго Къелеса ГIали. Гьенибго яшав гьабун чIун руго гьесул васал МухIамад ва Абубакар.

Гьелги ва гьезул хадуселги лъугьун руго лъикIал гIалимзабилъун. Абубакар вукIун вуго гIагараб ракьалъул тарих лъазабиялде гIищкъу бугев гIалимчи. I689/90 соналда гьес жиндиего хъван букIун буго Ширваналдаса МухIаммад РафигIил тIехь.

МухIамадицайин абуни, эмен хун хадуб КIусуралда тIуразарун руго динияв бетIерасул, шаргIияв цевехъанасул ишал.

Гьаниб тIаде жубазе бегьилин ккола КIусур росдал мажгиталъуб бугин гьанже Шамил районалде гьоркьобе унеб къелдерил Сомода росулъа Тиручидасан гIелму тIалаб гьабун вугеб заманалда Къелеса ГIалил васасулги васасул вас Абубакарица цогидал тIахьаздасан жиндиего хъвараб мажмугI.

Гьелда бихьизабун буго тIехь тIасан хъванин I748 соналда.

Къелеса ГIалилги гьесул васазулги хIаракатчилъиялъул хIасилалда КIусур росдал жамагIат лъугьана жибго жиндаго чIараб кIудияб къуватлъун. Гьелъ лъикIаб асар гьабуна Самуралъул расалъиялда ругел магIарул цогидал росабазул жамагIатазеги.

«ЦIоралъул аваразул рагъазул тарих» абураб тIехьалъе баян кьолаго (магIарул мацIалда гьеб бахъана I996 соналда МахIачхъалаялда), Т. Айтберовас бихьизабулеб буго XVIII гIасруялъул авалалда КIусур букIанин Аваристаналъул югалъулабгун бакъбаккул рахъалда бищунго къуватал жамагIатазул цояблъун. Гьеб росдал цIикIкIараб кIвар букIун бугила Гуржистан хIинкъизабиялъеги.

Гьелъие нугIлъи гьабулила Кахетиялъул пача Давид Багратионидаги магIарулазул ЧIар, Тала, Мухах ва ГIочIокъ (КIусур) жамагIатаздаги гьоркьоб I7I5 соналда гьабураб ракълилаб къотIиялда рекъон, щибаб соналъ гьезие I00 тумен кьезе гуржияз тIаде босун букIиналъ.

Гьеб заманалда КIусуралда букIун буго ункъунусгогIанасеб цIараки. КIусуралдаса гочарал гIадамаз жакъа гIумру гьабулеб буго Бабаюрт районалъул Камбулат росулъ.

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор***



**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

## ХАЛКЪАЛЪ ХАЛКЪИЯБ ЦIАР КЬУРАЙ ШАГIИР

Жий гьаб дуниялалде ячIараб 1927 соналдаса исана 95 сон тIубалей, Дагъистаналдаса тIоцебе Литературияб институт лъугIарай тIоцеесей профессионалияй шагIир, прозаик, драматург, мунагьал чураяй Машидат Гъайирбекова дир гIумруялъулъ хутIана, дир квер гIунтIулареб борхалъиялъул шагIирлъун гурейги, КIаратIаса шагIиралъ, дун хIайран гьаюледухъ, жиндирго хъвадариялъулъго гIадин, чваххун, гьуинго бицунеб магIарул мацIалъухъги гIенеккун, гьелъухъ гьоболлъухъ йикIине щвеялъги. ТIоцее гьелъ дун жиндихъего ахIана «Имам Шамил» тIехьги сайгъат гьабизе, дир кучIдул рокьиялъ йокьанин дунинги абизе… «Гьанжеялдаса хадуй ахIичIого ячIа, эбелалъул!..» - ин гьелъ каранде къаралдаса дир шигIруялъулги гIумруялъулги мугIалимлъун лъугьарай шагIиралъухъеги, муридалъухъеги, магIарулалъухъеги, гIелбащадай гьудулалъухъе гIадин, гIемерлъана дун. Яхъун хьвадизе кIолей гьечIониги, дун бахилаб гьелъул рекIел къвакIиялъги, махсаро-хочI гъорлъ бугеб, жий йихьизецин анищ букIарай дидаги жиндаги гьоркьоса пардав нахъе хъамулеб, ракIгъураб хабаралъги гIагар гьаюна гьелъ дун. Дуниялалда гьелъул къоял лъугIизегIан, гIодоркъоял щварабго щибаб анкьалъ гьелъухъе, эбелалъухъе яс гIадин щвей - борчлъун лъугьун букIана диеги. Аслияб жо – дун яккидал Машидат, херлъунги унтунги гьечIей гIадин, тирха-кIичун, чIаголъун лъугьунаан, цо-цо мехалъ чIунтун ракIгун ячIарай дидагицин гьелъ куркьбал гъолаан.

ГьабсагIат, мунагьал чураяй Машидат Гъайирбековалъул пикру гьабулаго, ракIалде щолел руго дица жиндир адабияб рагIул адаб гьабулев Гьарадерихъа Юсуп МухIамадовасул «РекIел хиялалги ханасул хъвайги» тIехьалдаса «Къадру гьечIеб машгьурлъиялдасаги машгьурлъи гьечIеб къадруго лъикI» - илан абурал рагIаби.

Машидат йикIана машгьурлъиги къадруги – кIиябго щварай шагIирги чIужугIаданги. Дун бахиллъулаан гьелъул рекIел чIухIиялдацин, гьеб чIухIи букIана магIарул чIужугIаданалъулъ букIине кколеб, гьей йорхат гьаюлеб,

жиндир йижиялдасаги йижун ятараб бакIалдасаги чIухIи. Гьелъул гьуинаб, кIарчамаб каламалъулъ гьей кутакалда гIадатайги лъимер гIадайги йикIана. Амма гьереси, гIамал кIодолъи, хилиплъи, хIели, макру гъорлъ бугезда аскIой чIухIарайги йикIана. Имам Шамилида хьолбохъ рукIарал, ГъалбацI-Дибир, Тавуш-МухIамад, Загъалав гIадал машгьурал наибзабазулги гIалимзабазулги наслу йикIинальги гьеб хасияталъ гьей кIусараб бакI дагьабги борхалъулаан.

Халкъияб цIар… Гьелъие жиндиего гьеб хIажат букIинчIо. КватIун кьолеб гьелъул цIар бахъидалги, «Яризабун те, дун гьеб цIаралъ кие цIазе йигей дирго халкъалдаса?! Гьезул рокьи гIоларогунищ дун йигей?.. ТIадегIанав Аллагь дидаса разияв ватани, гIунги тIокIаб буго дие. Гьелдаса кIудияб шапакъат ургъейин абе, кIолеб батани!» - йин жаваб кьунилан жинцайин бицунаан Машидатица.

Амма, Машидатил 90 сонилаб юбилей кIодо гьабулеб байрамалда КIаратIа районияб библиотекаялъе гьелъул цIар кьураб мемориалияб хъарщиялда хъван букIана «Халкъияй шагIир Машидат Гъайирбекова» - йилан. Баркалаха, Машидатил ракьцоял, нужерго Къадруялъе – Машидат Гъайирбековалъе нужецаго кьураб къиматалъухъ, долъул анищ – халкъалъ халкъияб цIар кьей тIубазабуралъухъ!

Авар театралъул директорлъун жий хIалтIулеб мехалъ театр «Академический» лъугьине хутIараб жо букIинчIилан бицана дойгун цадахъги хIалтIарав, долъул лъабго пьесаги лъурав, гIумруялъго долъулгун бухьенги тIечIев, долъул адабалъе нугIлъун, жинца ясалда Машидатил цIарцин лъурав ХIайбуллагь ГIабдулгъапуровас. Жиндир хъвадариялъулъ магIарул ясазе насихIатиял шигIраби ахIилъунги дарсаллъунги лъугьарай Машидатил асарал доб заманаялъ машгьурал рукIиналъ, гьелда релълъине бокьун, чанги Машидатал гIуна магIарулазул гъасда. Лъида ракIалда гьечIеб Машидатил «Берталъе дун ахIе, дир магIарулай!»:

**Нилъей рокьичIони, рокьизарилин,**
**Васал хадур чIолеб гIумруги гуро,**
**Дурго рокьиялъул гьайбатлъиялда**
**Гьури чIвазе тоге, дир магIарулай!**

**РекIей къабуласе кьун йитIун гурей,**
**ХIалалъ мун йичулел къоялги гуро,**
**Дурго гIищкъуялъул бацIцIалъиялда**
**ХIур хъвазе биччаге, дир магIарулай!**

**Гъав чиясе инин килищ битIани,**
**Мун абун кьоларев эменги гьечIо,**
**Инсул хъахIаб бетIер къулизабизе,**
**Къокъабго къвал баге, дир магIарулай!**

**Дун гьасие инин бадиб абуни,**
**Дуда данде чIарал вацалги гьечIо,**

**УргъичIого, беццго галиги тIамун,**
**Гьел пашман гьаруге, дир магIарулай!**

**Кьурал ихтиярал, къиматги цIунун,**
**Къадруялда ригьин гьабулеб къоялъ,**
**Дурго гIищкъуялъул талихI гвангъараб**
**Берталъе дун ахIе, дир магIарулай!**

Амма церехун къватIире риччарал жиндирго шигIриялги драмаялъулалги асаразул тIахьал гьелъ, кIочон таралгIанги, рехсолароан, ахирал соназул сардалги къоялги кьун, гIагараб миллатги жийгоги чIухIарал цIарал кIодо гьарун, Аллагь разилъиги наслабазе дарсаллъун гьел хутIиги мурадгун цоцада хадур хъварал цIиял тIахьал гурони. Гьале гьезул сияхIалдаса цо-цо цIарал: Имам Шамил, МухIамад-Амин шайих, ХIасан-апанди шайих, СагIид-апанди шайих, ГIабдурахIман Даниялов, Мусаясул Халил-бег, гьединго – СайидмухIамад –хIажи Абубакаровасдаса байбихьун, исламалъул тушбабаз чIваралщинал шагьидзаби.

Гьединлъидал, I990-абилел соназдаса нахъе Машидатил къалам хIалтIана миллаталъул рухIиялги тарихиялги церехъаби кIодо гьарун, жинцаго абухъе, хIасратаб шавкъалда, «Имам Шамил» роман-поэмаялдаса байбихьун, гьеб асаралъе жиндирго устар ЧIикIаса СагIид-апандил (къ.с.) къимат щвaралдаса дагьабги ракIги паналъун:

**Кверал щулалъаги, Шамилил бицун,**
**Шамаилал хъварай магIарулалъул!**
**Рохел гIемерлъаги гьев вокьаразе,**
**Рокьаралгун цадахъ рахъунеб къоялъ!**

Гьеб тематикаялде Машидат юссиналъе гIиллалъун лъугьарал гьелъул эбелалъул – Загъалав наибасул ясалъул – рагIаби гьанир рехсечIого гIоларо. Гьел, дун хIайран гьаюрал, диеги дарслъун лъугьарал рагIаби руго мунагьал чураяй эбелалъе Машидатица сайгъат гьабулеб бугеб «Имам Шамил» тIехьалъе хъвараб авторальул цеберагIиялда: « Умумузул напсияб бацIцIалъи цIунизе кIолел бихьинал тIалъиялда тIагIун рукIинчIелани, тIад ругезе бокьухъе, Шамил какиялъул гIарада нилъер ракьалде базе букIинчIо, –ян ццидал пири пирхулел бералги дида речIчIизарун, тIаде жубана эбелалъ. – Мун хъвадарухъан йикIарайани, я дунялалъул рокъоб баркала гуреб, я ахираталда батизе гуреб, гьаб чIанда-базар хъвалей йикIинчIого, хваразул хIалалъеги щолеб, чIагояз баркалаги кьолеб, Шамил имамасул хIакъалъулъ къиса хъвалаан дуца. ГIелмуялъулги гIаданлъиялъулги цIар арав жиндирго наиб МухIамадил – Тавушилан гьес цIар хисиго гIезе ккелаан дуе, гIаданлъиялъул къатIра чорхольги букIарабани, умумузул рухIалъе мустахIикъай мунгоги йикIарайани….». Амма «Гьеб тIадегIанаб къисматалъул, тIадегIанаб къадруялъул борхалъиги гъварилъиги

борцунеб-борхулеб гьунар-пагьмуги бугей дунго йикIине кколарейдай?» - илан гьеб темаялда хъвазе эбел чIаго йикIаго бажаричIей Машидатица хадусеб гIумру кьуна нилъер рухIиял церехъабазул цIарал, Аллагьасул кумекалдалъун, шигIриял асараздалъун наслабазе тезе. Какие чурун гурони, къалам кодобе босичIин жинца гьел асарал хъвалагойин бицунаан жийго Машидатица. 500-ялде гIагарун гьумер бугеб «Имам Шамил» поэмаялъул халалъи бихьуларо 8 соналъ тIадчIун гьеб хъван бугеб бечедаб магIарул мацIалъул хIикматаб чваххиялъги живго имамасулги гьесул хьолбохъ рукIаразулги гIумру-къисматалъул къиса букIиналъги. Гьелъул байбихьуда авторалъ имамасдасан жиндир хIакъалъулъ поэма хъвазе изну гьариялъго бихьула нилъеда иманалъги адабалъги кверде йосарай шагIиралъул нияталъул бацIцIалъи:

* * *

**ГIумрудул картаялда**
**Сапараз хъварал мухъал,**
**МагIарухъа байбихьун,**
**Мадиналда лъугIарав;**

**Муъминзабазул бетIер,**
**РитIухълъиялъул имам,**
**Бусурбабазул шайих,**
**Шамил, рагIуй изну кье.**

**…Гьаракь кидаго къинчIеб**
**КIудияб къеркьеялъул,**
**Наслабазе хутIизе,**
**Назму ургъизе йиччай.**

**Дуде шигIраби хъварал**
**Пагьму бегIеразда гъорлъ**
**Гъираялъ паналъулей**
**Дунги жуязе йиччай.**

**Риччан унел чуязда**
**Чангит чучун нуж арал**
**Парсахъан хъетун ине**
**Цо диеги нух рагье.**

**Тагьи-чуязул щанкIлаз**
**Лъадарулеб чабхилъа**
**Муридазул хIетI хъвараб**
**ЧIимих бищизе йиччай.**

**Дун гIадинал руччабаз**
**Рукъарал чухъбуздаса**
**Би муридаз чурараб**
**Чвахигун кIалъазе те.**

Къалмил гуребги, эбелалъул дарсаз кьураб рукIкIнил махщелги камилай Машидатица, букъун, Турциялде щвезегIан нилъер диниял гIалимзабазе бикьана 288 гIурччинаб халгIат… Жиндирго хIалалаб пенсиялъухъ гьабурабщинаб садакъаялде гъорлъе ана тIолалго гьелъул тIахьалги. Гьелдаса жиндирго букIараб разилъиялдасаги Аллагь разилъи хIажат букIарай Машидат дир рекIелъ хутIана бицун хIал кIолареб, камилаб тIабгIалъул шагIирлъун.

Дунялалъул рокъоб Машидат Гъайирбековалъ тана къалъараб лъалкI. Аллагьас гьелъие хъван батараб гIумруялъул нух ана, шагIир хIисабалдаги, магIарулай хIисабалдаги, мурид хIисабалдаги кIудияб гьунаргун, камилаб яхI-намусгун, жиндирго устарас жиндаса хIежги борхун.

Жиндир гIумруги хъвадариги Дагъистаналъулго тарихлъун лъугьарай магIарулазул кIудияй шагIир, йигеб бакIцин даим борхатай чIужугIадан, дир пишаялъулги йикIа-яхъиналъулги мугIалим, кигIан машгъурай йигониги, гIадатияй йикIин жиндирго асаразулъ рехсарал шайихзабазулги имамзабазулги

гIамалалда релълъарай, яслъунги гъудуллъунги  дун гIагар гьаюрай дир Машидатил гордазда гъоркье жакъаги щола дун… Цо гьединаб къоялъ хъварал мухъаздалъун лъугIизе тела лъугIел гьечIел дир пикраби…

## ШАГIИРГИ, МУРИДГИ, МАГIАРУЛАЙГИ

**ШагIир Машидатил рукъалда цее**
**Яхъун чIун хутIула, тIеренлъун ракIгун.**
**Гордухъе юссуна дун гъоркьа тIаде,**
**Дагьайги эхеде дойги ун ятун…**

**ЦохIо маккал руго гьелъул горда чIун,**
**Долъул мугь щвечIого бестIал хутIарал,**
**Яхъине хIал гьечIеб ахираб соналъ,**
**Рукъ бакьулъе ахIун, кваназарурал.**

**…РакI чIунтараб мехалъ дой кIалъалаан:**
**«Дир рагIи гьуинай! Мун кий йигейин,**
**Нагагь дихъе ТубхIат рехун ячIани,**
**РахачIого бугин гьадаб нуцIайин…»**

**ЦIалаан цоцахъе, долъго абухъе:**
**«Бихьинаб дур гIамал бокьулелъулин,**
**Буго, эбелалъул, нилъер цо релълъин:**
**ТIад релъизе лъийго гIилла течIелин…»**

**Тажги тахги цIехон екерахъдичIей**
**Долъул иманалъул иццухъе щведал,**
**Дунялалъ гуккулей яцIцIалъулаан,**
**ЦIураб моцI гIадай дой хиралъулаан.**

**Имамзабазулгун устарзабазул**
**Бицунейгун хъвалей свакачIей шагIир!**
**Шагьидзабаздагун гIалимзабазда**
**ГIурччинал халгIатал ретIарай мурид!**

**Машидат-хIажияй, хIужра гIадинаб**
**Дур рокъоре щвана гьезул киналго!**
**Духъе зияраталъ унел бихьинал –**
**Устарасул нухккун унел муридал!**

**ЧIикIаса КIудияс борхун, хIеж щварай,**
**Живго духъе вачIун, баркиги щварай,**
**СагIид-апандияс, СагIидатилан,**
**Дурго гIамал бихьун, цIар цIи гьабурай!**

**Гьев беразул канлъи шагьидлъаравго,**
**Квашун гуреб, къалам бихьизе кIвечIей,**
**Берал беццлъаниги, чваххулеб шигIру**
**Дур Кариматица кагътида хъварай.**

**Йижиги йикIинги камилай шагIир,**
**Щукру Аллагьасе дур дарсал щведал.**
**Дунялгун ахират дие рагьарай**
**Дур рекIел щулалъи мисаллъун ккедал.**

**КигIан унтаниги, аскIор чи течIей:**
**«Аллагь гIола! Лъосин хьихьун йигей дун!**
**Устар кIусараб бак!, дос квер лъураб стол,**
**Досул рухIалъгицин ккун йикIунин дун».**

**Гъабги Аллагьасин, дица гуребин,**
**Дуца цIияб асар цIалулелъулги**
**РекIелъ даимлъана щвараб гIор гIадай**
**ШагIирги, муридги, магIарулайги!**

**Дур хIалтIулеб столги гьелда чIумалги!**
**ЧIахIиял чагIазде хъварал тIахьалги!**
**ТIадчагIаз лъукъараб рекIел божиги…**
**РакIгъун мугь кIутIулел макказул тIелги.**

**ХIанчIазулцин дугIа щварай Машидат,**
**МахIшаралда йитIун ккун ятаги мун!**
**Устарас гьоболлъи барай СагIидат,**
**Дос квер ккун ячаги алжаналде мун!**



# ЦӀиял цӀарал

*«РОГЬАЛИЛ ГӀУЖДА ХАДУБ ХАБАР ЩИБДАЙ РАГӀИЛЕБ…»*

*ГӀаламго гӀадин, гьеб ургъалилъ жакъа вугев ХӀабиб Мусаевасул кучӀдул тӀоцере дида дандчӀвана социалиял гьиназда. ЦӀиял шагӀирзаби цӀехолеб гӀамал букӀунелъул дун гӀадазул, гьезул кучӀдузулъ кунчӀи батизе бокьиялъги, нагагь батани, гьединал кучӀдул, басмаялда рахъун, магӀарулазги цӀалун, пайда босизе бугеб хьулалъги, жакъа ругони, метер боржел гьечӀел гьел гьиназдасаги, жал даим хутӀулеб, нилъер адабияталъул «Гъудуллъи» журналалдаги лъезе ракӀалде ккана жеги гьалъул авторазда гъорлъ вукӀинчӀев ХӀабибилги кучӀдул.*

*Гьев гьавуна I964 соналъ Гъизилюрт районалда гъорлъ цебе «Казбековское» абун букӀараб, гьанже - Гумбет районалъул лъарагӀлъуде гочараб - ЦӀияб ИчичӀали росулъ. Новочеркасскалда бакӀал раялъул техникум кидаялиго лъугӀаниги, ХӀабибил рекӀелъ бикӀун букӀараб адабияталде рокьи кида-къадги къватӀибе бачӀана жиндиргоги хъвадариялдалъун. Журналалда лъолел руго заманаялъул пикрабазулъ вугев ИчичӀалиса ХӀабибил цо-цо шигӀриял асарал.*

**ХӀабиб МУСАЕВ**

**РУССА, ЧИ КАМИЧӀОГО, ЭБЕЛ-ВАТӀАНГИ ЦӀУНУН**

**Жакъаги бакъ тӀерхьана,**
**Цойги къо нахъа тана,**
**Метерисеб къоялъул**
**Къисмат кинабдай бугеб?!**
**Рогьалил гӀужда хадуб**
**Хабар щибдай рагӀилеб,**
**Хадуб баккараб бакъул**
**Гвангъи лъида бихьилеб?!**

**Эбелалъул хинкӀалги,**
**ГӀазухъахӀаб бусенги,**
**Ургъел гьечӀел къоялги**
**КӀалагъоркье руссана.**
**Умумузул релъиги,**
**Лъималазул рохелги,**
**Рагъул ахир щвезегӀан,**
**Ракьалдаса тӀагӀана…**

**Цоцазда мугъалги цун,**
**Кьижун руго бахӀарзал,**
**ХӀалуцараб къоги ун,**
**Кьвагьа-гӀанхъиги лъалхъун.**
**Цоясул макьилъ – эбел,**
**Цойгидасул – абурай,**
**Рагъ кӀочарал макьабалъ**
**Кьижун руго солдатал.**

**Русса, русса, тӀадрусса,**
**Бергьенлъидул байрахъгун,**
**Кьалда чӀварал вацазул**
**Бидул рецӀелги босун.**
**Чапун унеб хаслихълъи –**
**ГӀаламалъул къварилъи…**
**Русса, чи камичӀого,**
**Эбел-ВатӀанги цӀунун.**

## НИЛЪЕР ДУНИЯЛ

Кутакаб жо гуро гьаб дунял бугеб,
Бищунго бокьидал бугелъуб толеб,
Гвангъараб бакъальги шагьри-моцIальги
Канлъи, бецIлъи хисун, расал хъахIлъулеб.

Эркенаб жо гуро гьаб дунял бугеб,
ХвезегIан ханзабаз гIалам кIвекIулеб –
КIиго пачаясул боцIи сабаблъун,
Аза-азар васал ракьалда лъолеб.

Хаслихъе хвезелъун ихдал тIегьалеб
ТIогьода релълъуна ГIадамил лъимер.
Бабал чохьониса ракьул боснове –
Къокъаб буго сапар гIумрудул нилъер.

Бахилаб жо гуро гьаб дунял бугеб,
Кин хиралъаниги, цIцIан бахъун унеб,
Дуца бер къанщидал, дур чодул кьили,
Дуда гьикъичIого, цогидас унеб…

ГIажаибаб жойин гьаб дунял бугеб,
НакIкIаца бакъ бахчун, цIадал чваххулеб,
БагIарараб бакъалъ, хIухьладе буссун,
ЦIидасан гъобго лъим зодобе унеб.

ЗагIипаб жойин гьаб дуниял бугеб,
Сабру, иман гьечIез бидул гIор тIолеб,
ЖахIда-хIусуд бугез питна бекьулеб,
Аллагь рекIелъ вугез хвасар гьабулеб.

## РАЧIА НИЛЪ РУССИНИН, АВАРАЗУЛ ХАЛКЪ, ДУНЯЛ БАХИЛЛЪУЛЕБ ЦО ХЪИЗАМАЛДЕ

Зодор накIкIал руго батIи-батIиял,
ЦIадазул бакIалда горо-цIер балел,
ТIабигIатги буго хиса-басараб,
Чваххулел иххаца кьоял риххулеб.

Кинабго гьарзалъун халкъ гъапуллъараб,
РекIей рахIат гьечIеб щун буго заман,
ГIузраби цIикIкIараб, хвел гьарзалъараб,
Кьвагьа-гIанхъиялъул рещтIун буго хан…

**Ахир гIагарлъундай, Магьди рещтIундай,**
**Кинабго хисараб гьаб дунялалда?!**
**ГIаламалъул гIамал сурун бихьундай,**
**ЦIаял рекIун ругел нилъер Ракьалда?!**

**Мажгиталда жэаниб къадекакги бан,**
**КъватIире лъугьиндал пикру хисула,**
**Диналъул вацасул «гIунгутIи» бицун,**
**Илбис разилъулеб харбилъ ратула.**

**Чорокаб напсалде рагъ гьабуниги,**
**ШайтIабазул бояз асир гьарула.**
**Цоцазда къвалги бан, гьабураб рекъел**
**Гьарурал мацIаца кьватIун батула.**

**Кьураб рагIи хисун, дагIба гьабула,**
**Налъаби сабаблъун цоцаца чIвала,**

**Телефон-харбаца, кIалъа-басаяз,**
**Рос-лъади ратIалъун, гъалмагъир ккола.**

**ВагIза гьабулезе гIакълаби кьола,**
**ТIамураб цIаралъе нух балагьула…**
**Къали гIадаб чехьгун хIаким вачIани,**
**Нодо гIунтIичIони, накаби чIвала.**

**Мажгит-рукъ балезда, лъим бахъулезда,**
**Бикъулеб бугилан, бугьтанал лъола.**
**Нухал гьарулезде, кьоял лъолезде,**
**Виццалъун вугилан, гъибат гьабула.**

**Гьеб кинабгоги тун, диналъул вацал,**
**Рагье дагьалъ чванта Бузна-нухалъе.**
**Меседилъ чвердолев авар депутат,**
**Беке бокIон гIарцул мугIрул нухалъе.**

**РачIа, дагIбаги тун, хириял вацал,**
**Батулеб гьабизе, щолареб тезе,**
**Рижарав БетIергьан тIаса лъугьунеб,**
**Расулас малъараб нухда хьвадизе.**

**РачIа, тавбу гьабун, аваразул халкъ,**
**Нилъ цоцалъ гъункизе, цо хъизан гIадин,**
**Ислам цIунулаго, мацI цIунулаго**
**Арал умумузул рухIазе гIоло.**

## ХIАМЗАТИЛ РАСУЛ

**ТIолго дунялалда хирияб ВатIан**
**КочIолъги харбилъги машгьур гьабурав,**
**Лондон, Парижалде – киве щваниги,**
**Жиндилъго Дагъистан бихьизабурав,**
**Амма инсухълъиде цIунараб рокьи**
**Ракьалда кибего цадахъ босарав,**
**ГIагараб халкъалъул ракIлъун, чIухIилъун**
**Лъугьана ЦIадаса ХIамзатил Расул.**

**«ХъахIал къункъраби» -дур цохIо гьеб кечIалъ**
**Асир гьабун буго жакъаги Дунял.**
**Гьеб хIажалъичIеб къо бачIунеб гьечIо…**
**Биялги магIуги бакъвалеб гьечIо.**
**ВатIанго ВатIанин гIумру ана дур,**
**ГIенеккараб наслу буго гьеб цIунун.**
**Дунялго Дунялин рекъел гьararав**
**Духъ гIин балеб гьечIо, гIарац хиралъун…**

## ГЬАЛМАГЪАСУЛ РАГЪДА ВУГЕВ ВАСАСЕ

**Щиб дица абилеб дур эбелалда,**
**Къаси макьу гьечIей, къад рахIат гьечIей?**
**Щиб бицун кIалъалев дун дур инсуда,**
**Каранда цIаги ккун, къваридго вугев?**

**ЦIадулаб рагъдаса хехго вуссаян,**
**ГIодулей лъадуда кин мун цIехелев?**
**Щибго бичIчIуларел дур гьитIичазде,**
**Кинаб калам гьабун, аскIове инев?**

**Рохалилаб гьечIо исанасеб их,**
**Берцинаб тIогьоде най рещтIаниги.**
**Аваданлъи гьечIо, цIа буго рекIелъ,**
**Милъиршаби рачIун, бусен лъуниги ...**

**БакътIерхьул рахъалъан жанаваразул,**
**Жиржири цIикIкIана ахирал соназ,**
**ЧIвачIого хутIарал Гитлерил борхьаз**
**ТIанчIазул бо тана, рикIкIен гIемераб.**

**Нилъер умумуца хвасар гьаруразд**
**Ярагъ буго балеб гIаштIичагIахъе.**
**Чедги кьун хьихьарал хиянатчагIаз**
**ГIарадаби руго кьолел гьезухъе.**

ЦIуне, цIуне, Аллагь, ВатIан цIунулел,
Умумуз, рухIал кьун, хвасар гьабураб,
ВатIан гьечIеб наслу лагълъуде кколин,
Гьез, хазина гIадин, ирсалъе тараб.

## ДИР ВАСИЯТ

Ассалам гIалайкум, сас гьечIеб «росу»,
ЖахIда-хIусуд тараб панаяб агьлу...
Ассалам гIалайкум, кьижараб гIалам.
РагIизе рес гьечIо гьанисан калам...

Ассалам гIалайкум, гьитIинал лъимал -
Мунагьалъе гIечIел Джанатул нурал.
Ассалам гIалайкум, росдал хараби,
Нижер годекIаби чIорого тарал....

Гьале цIияб гамачI, цойги ракьул гохI,
Жеги кьер хисичIеб, тIад хер бижичIеб...
ТIаде къулун чIараб кьерхун унеб зоб,
Гъугъан, ахIданиги, рагIизе гьечIеб...

ЧанцIул гIурччинлъилеб, чанцIул хъахIлъилеб,
ЧанцIул, тIаде цIад бан, танкизабилеб...
ЧанцIул хер бижилеб, чанцIул бакъвалеб,
ЧанцIул дур къаданиб Къуръан цIалилеб...

Огь ГIадамил лъимер, дур гIумрудул нух,
Киве лъутаниги, рагIал батулеб.
Соролел лугбалъан босун араб рухI...
Гьаракь рагIулебдай, хадур гIодулеб?

Чан хасел бачIинеб, рии хисилеб,
Чан батIияб къисмат ракьулъе инеб.
Чан, нусго сон тирун, гьал хъирул занал,
Заманаялъ чIунтун, риун тIагIинел...

ТIаса лъугьа дида, чвахун унеб гIор,
Дуе бокьичIого чвердон ватани,
ТIаса лъугьа дида, Зам- зам гIадаб хIор,
Дица исрап гьабун, дагьлъун батани.

ТIаса лъугьа дида, рекIарал, лъелал,
Цадахъ вилълъунаго, дир квал-квал ккарал.

Тlаса лъугьа дида, гlисинал лъимал,
Нагагь дун семидал, дихъа хlинкъарал.

Тlаса лъугьа дида, ахил бетlергьан,
Дуда гьикъичlого кванараб пихъихъ.
ТIаса лъугьа дида, пакъир-гьардухъан,
Дургун кlи бикьичlеб хинлъилеб чадихъ…

Тlаса лъугьа дида, гIазизай Эбел,
Нижее ракlги кьун, юкlкlун херлъарай.
Тlаса лъугьа дида, хирияв Эмен,
Дурго зонода тlад васият тарав.

Тlаса лъугьа дида, дир гlолохъанлъи,
Гlадада риччарал гlумрудул къоял,
Тlаса лъугьа дида, халатал сардал,
Рогьалил какие дун кватlун ккарал.

Тlаса лъугьа дида, хирияв Халикъ,
Дуниял бижарав, гlалам бижарав,
Тlаса лъугьа дида,  цlцlобал гlатlидав,
Гlадамал куцазе расул витlарав ...

Каранда кlетlолеб «сагlат» лъалхъидал,
Дуе рокьулезул мухъилъе ваче...
Согlаб дунялалъе мукlурлъараб черх
Жужахlалъул цlеца бухlизе тоге.

## САС ТАРАЛ КЬУРАБАЛЪ БИЛАРАБ РОСУ

Нужер берцинлъи щиб, гIурччинал щобал,
НакIкIулъе тIерхьарал мугIрузул тIогьал,
Нужер гьайбатлъи щиб, ганчIил сухъмахъал,
ГIасрабаз чундуца нухал рагьарал.

Нужер гIедерлъи щиб, цIорорал иццал,
Чармил кьватIелалъан сапар бухьарал,
Чваххулеб гIоралъул асирлъуде ккун,
ГIатIидаб ралъадалъ хвасар гьарурал.

Сас тарал кьураби, бице балъголъи
Дида цебе бугеб чIунтараб росдал.
Кирехун тIагIарал нужер хараби,
Къваридго хутIарал риххарал чIваднал?

Басриял хабалаз бицунеб буго:
Дагьалъ цебе гьаниб росу букIанин.
Рихх-риххарал чIвадназ шурулеб буго:
Гъаб рокъоб, кинида лъимер гIоданин.

КочIол макъан гьечIеб, харбил сас гьечIеб,
Хварал бесдаллъараб, биххараб тIалъи…
Какил гьаракь гьечIеб, мажгит-рукъ гьечIеб,
Гьороца квегъараб, цIудул борхалъи…

Чан батIияб рокьи дулъ бахчун бугеб,
ТIатIала ччукIараб, басрияб хъала!
Чан батIияб къисмат дулъ цIунун бугеб,
Гъудуз бусен лъураб, ганчIазул тIала!

Шагьараз асирлъун гьабураб наслу,
Буссунебани мун инсухълъиялде,
ЧIунтараб росулъцин, сихIтун чIанани,
Арал умумузул гаргар рагIизе…

* * *

ТIерхьунеб бакъалда хадуб балагьун,
Къварилъулеб щай мун, ургьиб гьинал ракI?
Гьорохье гьурщарал соназда хадуб
Шуршудулеб щай мун, дир рекIел гьаракь?

Чан рогьарал сардал моцIрол канлъухье
Щибго пайда гьечIел данделъабазда,
ШайтIаби разиял ихтилатазул
Хъат кьабун къурдулел сухIмат-кепазда.

Огь дир хивалазул халатаб сапар,
Нахъе балагьидал, къокълъун батараб.
ТIоцебесеб рокьул нечараб гаргар,
РикIкIадасеб ихдалъ биун тIагIараб.

Огь дир гIумруялъул согIал гъалатIал,
РитIизе гьаризе заман дагьлъарал.
Нафсалъе мутIигIал, нич гьечIел берал,
Берцинлъи сабаблъун хIакъикье ккарал.

Бихьизе гьуинаб, гьайбатаб дунял -
Рагъулги цIадулги майдан батана,

**ГIарац-меседалъул гудраца ккурал**
**Жанавараз ккураб хъала батана.**

**ГIишкъудул кучIдузул дир гIолохъанлъи,**
**Ралъдал полоп гIадин, чапун тIагIана.**
**Гьоркьо гъурун балел чIегIерал расал,**
**ЧIунтизабун ракIгун, хъахIлъун, дагьлъана....**

**ГIедераб лъаралъул гвангъараб матIу, -**
**Чвердола тIиналда хъахIилал накIкIал.**
**ГIурччинаб харида рогьалил щубилъ**
**Гьайбатал чундуца лъун тола лъалкIал.**

**Чанил гьаракь буго кьурда багъулеб,**
**Берцинлъи, гьайбатлъи Дагъистаналъул.**
**МагIил гарал руго улбуз рацIцIунел,**
**ЦIуне, Аллагь, гIумру цIияб гIелалъул.**

## ГIУМРУ

**Кьижун ворчIилалде, риун тIагIарал,**
**Гьурилъун роржарал гIумрудул сонал.**
**Ихдалилъ чапулеб гIазу кинигин,**
**Паналъун лъугIарал гIишкъудул къоял.**

**Метералде тарал чанги анищал,**
**Гьороца хIур гIадин, рикIкIалъун ана..**
**Раккулел, тIерхьунел бакъул чIораца,**
**Жеги заман бугин, гуккун ватана.**

**Кибе мун паркъараб, дир гIолохъанлъи,**
**ГIедегIугейилан маргьу бицараб?**
**Лъихье мун лъутараб, чорхол щулалъи,**
**ГанчIальги, магъильги дица куцараб?**

**Бакъукьги, цIадакьги чучичIел лугбал**
**Соназул бакIлъиялъ зухзалел руго.**
**Борхалъи, гъварилъи квегъарал бохдул**
**ЦIцIан-битIараб нухда соболел руго.**

**Бертадул горсверулъ, жемун, кьурдараб,**
**Щай мун къиркъидулеб, гьарим къаркъала?**

**Къаси сордо борчIун сухIмат-кепалда**
**ЧанцIул мун букIараб доб заманалда?**

**Гуржи-кепкаялъукь чалухал бераз**
**Чачан бертабазда чан ишан ккураб?**
**Манаршалгин Дакул кочIол гьаркьихъе**
**Радиоги биччан, чанцIул кьижарав?**

**Огь дир гIолохъанлъи, гIумрудул авал…**
**ТIаса лъугьа, Халикъ, дир мунагьазда,**
**Дир кIалалъ, дир бераз, дир квераз букIа,**
**Лъийниги гьабураб заралалдаса.**

**Цо зонода аскIов лъалхъарав дида**
**Каранда цIа гъолеб сарин батана:**
**«Сон дунги вукIана, жакъа мун гIадин,**
**Метер мун вукIина, жакъа дун гIадин»…**

## «ГIАДАТИЯЛ» ЖАЛ

**Руго дунялалда „гIадатиял" жал,**
**Щибго абичIого, квер хьвагIун тарал -**
**ХIакимасул гьерсал ритIухъ гьарурал,**
**Мискиназул харбал тIад релъун тарал.**

**Руго гьаб ракьалда „гIадатиял" жал:**
**ГIарац бугелъубе гIарац баччулел,**
**Кавудахъ лъалхъарав гьардухъанасе**
**«Щай хIалтIуларев?»-ан суалал кьолел.**

**Руго гьаб ракьалда „гIадатиял" жал,**
**Гьезда хадур рилълъун, гIадан херлъарал.**
**БетIулеб, хачалеб, данделъуляреб**
**Дунялалъул боцIи, гIумру къокълъулеб.**

**ГIумруялъе гIоло бахъе, гьудул, чед,**
**Чадий гIоло гIумру нухда лъечIого.**
**Дунялалъе гIоло баге дуда гIетI,**
**Гьеб гьаниб толеблъи лъалеб букIаго...**

**Эбел-эмен цIуне, мадугьал цIуне,**
**Балъгояб садакъа камизе тоге.**
**Зулмучигун къеркье, хIелхIелчи хъаме,**
**Гьудул-гьалмагъасде зиярат гьабе.**

**ГIицIаб лъимги гьекъон, гIурччинаб гъветIалъ**
**ГьоцIцIогIан гьуинал нигIматал кьола.**
**Дунялалда бугеб нигIматги кванан,**
**ГIадамил лъималаз гIайибал чIвала.**

**Ракьалъул берцинлъи, гьелъул гьайбатлъи,**
**Къимат гьабун, цIуне гьанир рукIаго,**
**Гьудуллъи, гьуинлъи, гIашикъаб рокьи**
**Бичуге, хисуге, босе цадахъго.**

## ВАТIАН

**Гьаб лъарагIлъиялда вижананиги,**
**Дун мугIрузде цIцIала, инсул ракьалде.**
**Кьварарал кьурабаз даим ахIула**
**Умумул хьвадарал сухъмахъазухъе.**

**Борхатаб Гъуниве чанги вахана,**
**Шамилил лъалкIазде магIу тIинкIана…**
**Гьидерил ракьалда гьудулзабигун**
**Гьуинаб харбида сардал рогьана.**

**Лъебелазул рохьоб гIащтIи хьвагIана,**
**БежтIаса сардида Кидеров щвана…**
**Гьалдолел хIамамахъ машинаги тун,**
**Тамарал нухдасан ЦIоралде ана.**

**Огь дир гIумруялда мугIрузул нухал –**
**ХъвачIого хутIарал рекIел саринал…**
**Хунзахъа ЗагIиве, цинги КъахIиве**
**Дун воржун унаго, риарал сонал…**

**ХIамзатил Расулил юбилеялде,**
**ХIариса, Кьохъахун, ЦIаде дун  щвана,**
**Лъабкъоялда анцIго сон барав ШагIир**
**Халкъалъул рокьиялъ ворхун вукIана…**

**Мун гьитIинаб бугин абунаниги,**
**ЦIакъ кIудияб буго дие, дир ВатIан,**
**Каспий ралъадалде кьалбал риччараб,**
**Дие мун бокьула, гучаб Дагъистан.**

**Дие мун бокьула, гьайбатаб улка,**
**БахIарчилъиялъул цIар араб хъала –**
**ЦингIаги чучичIеб, лъийго къуличIеб,**
**ГIасрабаз гIадатги яхIги рехичIеб!**

## АХIУЛГОХI

**Лъалхъе мун, нухлулав, сас тун гIенекке,**
**ГанчIил кьурабазул угьди рагIизе,**
**Бидул гIорал тIураб АхIулгохIалъул**
**Къваридаб хIакъикъат цебе тIамизе.**
**ГIурччинаб ххарида тIад хIетIе лъоге,**
**Рукьби руго гьанир шагьидзабазул,**
**Пашманлъун гурони, релъун кIалъаге,**
**РухIал руго гьанир вацал-яцазул.**

**ЦIунцIраби кинигин, борхалъиялде**
**Ххарулеб букIана тушманасул бо,**
**Цо-цо муридасде нус-нусал рахъун,**
**ЧIегIераб букIана тIаде ккараб къо.**

**Ахирисеб къуват хъатикь бакIарун,**
**Аллагьасде руссун шагьадат битIун,**
**Цоцаздехун руссун, къо-мех лъикI гьабун,**
**Рагъул коронире унел бахIарзал…**

**Чармил гьаракь буго дандерижиялъ**
**Кьурабалъ багъулеб хвалил бакъангун,**
**ХIинкъи кIочон тарал мугIрузул ясал**
**ЦIадул бакьулъ руго холел вацалгун.**
**ЧохтIоялъ рахчарал чилайдул гъалал -**
**Капурал кверакьа хунжруз цIунарал.**
**МархIамияз гурез рачинчIел кверал -**
**Хвалчадул гIоркьги ккун, чапи бачарал...**

**Парпаде, парпаде, гIурччинаб байрахъ,**
**БачIунеб гIелалъе нугIлъун букIине...**
**МугIрул цIунулаго рухI кьурал цIумахъ**
**ГIашикъаб рокьигун миллат хутIизе...**
**Чармил кьурабалъа гIурулъе кIанцIун,**
**Хвел тIаса бищарал ясазул бице,**
**ЧIварай эбелалъул каранде бахун,**
**ГIодун хачадулеб лъимадул бице…**

## ОГЬ РАГЪУЛ КЬОГIЛЪИ

**Аза-азар соназ хисиго гьечIеб**
**Рагъ-кьалалда буго Ракьалда гIалам.**
**Жидеего гIадин, гIумру хириял**
**ГIадамал рецулез лъукъулеб Дунял.**

**Зодосан чвахулел гуллбузул цIадакь**
**Лъимал ругел улбул кинан кьижилел?!**
**Биараб тIухьидул бурулеб кIкIуйдулъ**
**Зампарияб хасел кинан хIехьолеб?**

**КIудияб Россия, нилъер халкъазде**
**Щвана нахъойги къо, цолъизе кколеб,**
**ВатIан цIуниялъул, гьеб бокьиялъул**
**Щивас хасаб хIалалъ экзамен кьолеб...**

**Эбелалъул рахIат, тIанчIазул гьими**
**ЦIунила магIарул гIолохъабазги,**
**ГIурусаз, чачаназ… - киналго вацаз,**
**Донбассалъ куцарал рагъухъабаца.**

**Гьабе, магIарулал, цIумазе дугIа,**
**ЦIуял фашистазде хвалил цIад балеб!**
**Гьаре: хъвагегиян цониги гулла**
**Нилъер солдатазда...**
**ГурхIа, ХIалкIолев!**
**РачIина ракьалде ракълилал къоял,**
**Бергьенлъиги босун, васал руссарал,**
**Къварилъигун роххел жуба-гъубарал,**
**БахIарзазул цIараз наслу чIухIулел!**



**ПатӀимат**
**МУХӀАМАДОВА**



# ЗОБАЛ ГЪУГЪАЛЕЛЪУЛ, ТӀОХ ЦӀЕХОЛАРЕЛ

*ГьадигӀан гӀатӀидаб дуниялалда*
*ГьечӀебищ унго рес рекъон рукӀине.*
*Я Аллагь, кье сабру гьал гӀадамазе*
*Адабалъул нухккун церехун ине.*

## МАГӀАРУЛАЛ

**Рокьула, рокьула дий магӀарулал,**
**Къварилъи борхулел, рохел бикьулел,**
**Рокьула, рокьула нилъер гӀадамал,**
**Щибаб мегӀералда магӀна гъваридал.**

**Зобал гъугъалелъул, тӀох цӀехоларел,**
**Нужер релълъинго щиб гьал кьурабазда.**
**Кьолораб чуялъухъ рагӀи кьоларел,**
**Дол умумуздаса, унго, чӀухӀула.**

**Тарихги кӀудияб, цӀарги борхатаб**
**Гьаб миллаталдаса йикӀин – дир йохи!**
**Дагъистан кибего рагӀизабурал**
**МагӀарул яс яти дир талихӀ буго.**

## РЕКӀЕЛ ЗИГАРДИ

**Жакъаги щванин дун дур авалалде,**
**Дийго сабабалъе дару цӀехезе.**
**Гучал хиялазул карачелазул**
**Лугбалъ тӀири щведал, тӀуркӀун йорчӀанин.**

ТӀадюссине дида нух батулареб,
Цеехун къокъине къуват гӀолареб,
ГӀилла щиб лъалареб, дунго къосараб
Сардил макьуйищ гьаб сирулъун чӀараб?

РагӀал-ракьан дихъе кодой щолареб,
Щулалъи дир чорхол чучизабулеб,
Гьабищ доб, умумуз нахъе цӀунараб,
Гъанситодухъ кӀусун ракӀал чучараб?

Нух битӀун щолареб гьаб сапаралде
Лъалаго щай дица сапар бухьулеб?
Сверуде дур щведал, саламги битӀун,
Берзулъ магӀил хӀорал хӀелулин дие.

ЧанцӀул яхъани щиб дун сапаралде,
Билет батулареб, поезд щолареб,
Инагьдулеб ракӀалъ сарин хъвани щиб,
Сабабалъе дида мун ватулареб!

* * *

Щивасулъ хӀилла бергьун,
Гьересигьудул ккараб,
Гьабго кинаб гӀаламат
ГӀадамал мекъи ккараб?

Мекъи нилъгоги рукӀун,
Дунялалда гӀайиб чӀван,
ГӀумру битӀун тӀамилищ
ЗагӀиплъараб наслуялъ?

Бугелда гӀейго гьечӀеб,
Щукру гьаби кӀочараб
ХӀарамлъи хиралъиялъ
Баракат буго бахъун.

Бечедалгун мискинал
Руссунеб цӀохӀого рукъ,
Ургъе бетӀер, хӀалтӀе квер,
ХӀарамлъи рикӀкӀад гьабе.

## ГӀУМРУ

Щай гӀумру, щай гӀумру гӀорлъун чвахулеб,
Чвахи чӀезабизе сангарго гьечӀеб.
ГӀолохъанлъиялде бакъго щвелалде
Щай гӀумру, гьал сонал нухда регӀулел?

Хаслихъе ихдаде тӀабигӀат гӀадин,
Бакъ щолеб, кьерхунеб, кьер-кьер хисулеб
Хассаб цо гӀамалалъ гӀумру бачунеб,
Бечелъи дур рекӀел тӀинде лъугьиндал.

## РАЛЪАД

Гьимулаго тIасангун, гьалдолаго жанисан,
Жибго жиндийго ургъел, угьдулаго, бикьулеб,
Кьер-кьерал хисулаго, хасият цо ккун чIарал
ЧIухIарал карачелаз чан гъарин гъорлъе цIарав?

ЦIамхIалаб тIагIамалъул тIину жиндир бечедаб,
Чан унтаразе дару дуца майилан кьураб.
Жакъаги бихьулин мун бакI-бакIалъан кьер хисун,
РекIелъ къварилъахъдунищ яги къоялъ бохунищ?

Бакъуе гьимулаго, майин кьолин дуца ракI,
Кьерхараб къо бачIингун, ццидахунин дур гьумер,
Гъорол саринги бачун, сверулин дур карачел,
РакI чучизе мун гIадаб батичIо дида гьудул.

## ДИР МАГIАРУЛАВ

Гьаб цIорораб хасало цIа дир лугбузда лъурав,
ЦIар берцинав дир гьудул, дуе буго гьаб сарин.
Судулеб дир ругънаде хъурун цIам баге, гьудул,
ЦIадуца хIе кинигин, дур каламалъ йиунин.

Каранзул хIухьелазулъ хIасратаб гIищкъу бугин,
Бидулрихьазул хьухьалъ цо дур сипат бихьулин.
Берзул хIорихъ бахчараб ничалъ дуй салам кьолин,
Лъе, магIарулав, дие дур рекIелъе рокьул кьо.

Дир рекIелъ буго рокьи, бикьизе дун хIинкъараб,
Дир чорхолъ буго хIасрат, хIелун, мун валагьулеб,
Дир бералълъ буго гIищкъу – гIащикъго духъ балагьун,
ГIумруялъул магIналъун, магIарулав, мун вуго.

## БАРКАМАН ДУНИЯЛ

Гьаб дунbackьял буго рихьдай кьураб жо,
Нилъеца бачухъе билълъанхъун унеб.
ЖахIда-хIусуд гьабун, ракIал къваридго,
Щай нилъее тIамун баркаман дунял?

Кинацаго тIаса шагьра бищани,
Иххица инарищ сухъмахъал, нухал?
Цо росулъ киналго гIакъил ругони,
ГIабдал къваригIунев бер кколаредухъ.

Риччанте хьвагIизе гьорохъе кIалал,
Сабураб рекIее саринал хъвазе.
ГIадамазул хабар – тIохде бале цIад,
Бокьараб гьабизе гIатIидаб дунял.

Буго гьаб дуниял гIажаибаб жо,
Жакъа къварид ругел метер рохулеб.
Бокьула гьимизе щибабго къойил,
Къварилъи, гIатIилъи – гIумрудул дарсал.

Радал бакъ щвечIони, къварилъуге нуж,
Къо цебейин бугеб жеги кIудияб.
Цо чи кешав вугин, тIолго рихунге,
ГIумрудул нухазда ратулин гвендал.

## УРГЪАЛИЛ ДУНЯЛ

ГIатIидаб дунялалда гIумру буго къваридго,
Бакъул хинлъи лъалареб хIал буго дир лугбузда.
Бераз магIу кколареб ургъел буго рекIеда,
РакI рагьун кьуралщиназ нагIана дийгоги кьун.

ЛъикIлъи гьабунагIан, гьаб данде щай, мун, багъулеб?
ГIенеккун дун чIанагIан, тIаде мун щай бегулеб?
Гьими гуреб рекъечIеб бакъулаб дир гьурмада,
ЩIадалаб накIкI тIадги чIун, бичIчIулареб хIал буго.

ХIилла гьечIеб рекIеда ракI чIегIералщинаца,
ГьечIел бугьтаналги лъун, буго дуниял рихун.
Ихтияр дир гIумрудул дирго кодоб гьечIелъул,
Доб ургъелазул гъуни гъугъалеб буго тIаде.

* * *

Дица мунан абун ахIиги бачIин,
Сардил гьородеги салам битIичIин,
Баккулеб бакъуда бицен гьабичIин,
ВачIун мун чIеялъе гIилла щиб, бице?

Шамалъул гьорохъе сверулеб хиял,
Хан мунищ вукIарав дир анищазул?
Дунялалъе бакъгIан дие хIажатав,
ХIикматаб къисадул рагье балъголъи.

**Ина дун, ина дун доб къулгIадухъе,**
**Къуват рекIей кьолеб иццул лъим цIезе.**
**Лъалхъила, лъалхъила долго ясалгун,**
**Сверун берзул чIорал тIад речIчIизегIан.**

**Бице, гьудул, дие доб гIищкъул маргъу,**
**Нолъ макьилъ бихьараб уяб батизе.**
**Бай дир гарбида къвал, карандеги къан,**
**Дур бадисан бугин багIарбакъ гьимун.**

**Ругъун гуреб лъечIеб араб доб гIумру,**
**Дарслъун хутIанини дий, цIакъ хIинкъун йигин.**
**ЦIодорго йикIаян хIалтIулеб пикру,**
**ХIинкъадго тIамулеб цебехун гали.**

**ХIикматиаб жо буго нилъер гьаб гIумру**
**Чвахи нахъбуссине лъилго хIал кIвечIеб,**
**ГIажаибал ругин рекIел асарал,**
**Нусабго логода рухI цIияб лъолел.**

*** * ***

**Гьале щобил тIогьиб рехулеб хъахIлъи,**
**ХъахIал къункърабилъун роржунел хьулал,**
**Хьул дир буссинегIан аскIов щоларев,**
**Щиб гьаб гIажаиблъи тIабигIаталъул?**

**Берзул тIелхал рорхе хирияйилан,**
**Макьилъ дунгун вугев рекIел хазина.**
**Кьоялъулъ вилулев, къаси вачIунев,**
**ХIакъийищ руссарал меседил лугбал.**

**Маялъе гьимулел гьайбатал тIугьдул,**
**ТIабигIат беэдун гIорцIулареб бакъ,**
**Къаси баккулелъул рекIелъ нурги лъун,**
**Лъелго духъе щолел тохал пикраби.**

**Унго лазатлъи щиб гьаб лахIзаталъул**
**АскIов гьечIоники, рекIелъ мун вугев.**
**Аники щиб, гьудул, бахIараб гIумру,**
**Берал къанщилалде, къадар хъванани.**

*** * ***

**Огь, рукъалъул горду, дур хинлъиго щиб,**
**Хирияв дир гьудул дий гьимулелъул.**
**Огь рукъалъул горду, дур бецIлъиго щиб,**
**РекIей хинлъи кьолев цеваса индал?**

Мун щай дий гьимулеб, тIолго дуниял,
ТIутIун балеб бугин бидурихьаз ракI.

Цинги щай бецIлъулеб гIатIидаб дунял,
ГIумрудул гвангъилъун мун лъугьанилан!

АхIулей йиго дун дирго мугIруца
ХIилла-рекIкI лъалареб лъоб рокьул гъасде.
Цинги ячуна дун гъогъол нухалъан
Вокьулев тIерхьараб тIогьол магIарде.

ТIунго-тIунги бачун, тIогьолаб квацIи
Майилан бегьана дуца дир кодоб.
Макьилъищ дун йигей, яги лъадгойищ,
Лъалеб гьечIо дида гьаб рекIел хIисаб.

ХIасратго ралагьун руго цоцахъ нилъ,
Лъеде гIащикълъарал тIугьдул кинигин,
Цо каранлъ кIиго ракI буго кIетIолеб,
КIихIи бикьун, кьеян бакъул дуниял.

## МУГIРУЛ ЦIУМАЗДЕ

МагIарул яхI бугел гIолохъабазул
ГIумруялда баркат лъе, нижер Халикъ,
Хилиплъи гъорлъ гьечIел мугIрул цIумазе
Роржине къуват кье, Къуратав Аллагь.

Чундуцаги парсин тIаса бищараб,
Щибго бахунареб борхатаб кьурулъ.
Кьвари батIиябин мугIрул васазул,
Жал сариналъ рехсон, дун свакалареб.

Сабуралъул кIулги гьезухъ меседил,
Месед-гIарацалда бащалъулареб,
Чорхолъ бидул чвахи гьезул батIияб,
Авар гIурул гIадаб, хъуди къуватаб.

МагIарул намусги магIарул яхIги,
МугIрул танин абун, тоге нужеца.
Нилъер умумуца нужей бакараб
ЦIа гъанситухъ жеги свине тун гьечIин.

## ТIОГЬИЛАЛ ТIАНХАЛ

**Дир кIетIолеб рекIел сасго лъаларез**
**Зазал щай хIунчулел гъоркьан хIатIазда?**
**Дол тIогьол байдабахъ лъимерлъи араз**
**ЖахIда щай гьабулеб, гьудуллъунги хIан.**

**ХIиллаго лъалареб лъоб бакъул гьумер**
**Гьимула нилъее щибаб рогьалилъ.**
**Гьури пун, цIад бала, цIорой рехула,**
**ЦIидасан дур чIораз дун еэдула.**

**Гьаваги цо хIалалъ чIун букIунарин**
**Гьабилеб щиб, гьудул, ругьун гурезда,**
**ТIабигIатальги кьер ункъцIул хисула,**
**Хисардун ругьуназ гIамал толареб.**

**Цо рагIуд чи чIвалеб вахIщияб гьаб мацI,**
**РагIи абилалде ургъе цин цере!**
**Доб речIчIараб чIоралъ ругъун лъолелъул,**
**ГIодор ккун, рахъунеб гIумруйищ нилъер…**

## ОГЬ, ЗАМАНА

**Унго гьаб замана ккун бугеб бакI щиб,**
**Бечедав гурони чи вихьулареб?**
**Шагьиялъухъ буго чилъи бичулеб,**
**Чанта биццатазе буго цIаргун рецц.**

**Гьаб щиб гIаламалъи, гIадамал-чагIи,**
**ГIаданлъиги яхIги хIурудахъ араб?**
**Дун гьитIинаб мехалъ гьадин букIинчIо,**
**БатIияб букIана сундулго магIна.**

**БукIараб эркенаб, бацIцIадаб заман,**
**РакIал парахатаб, рохел гьарзаяб,**
**Кинабго жоялъул гIорхъи букIана,**
**ГIорхъи бахаразе тамихI букIана.**

## ДУЦА ДУН ГУККИЛАРО

**Щайзе дун ахIулей доб сапаралде,**
**Сверуда къорги гьун, къваридго толеб?**
**Къойил щай ахIдолев бухIаяб ракIин,**
**РекIел унтиялъе дару лъаларев.**

Цо кIалдиб кIиго мацI, цIарго лъалареб,
ЦIогьохъе бахъараб хъала рагIичIин.
РечIчIулел чIоралги батIи-батIиял,
Бигьаго борлъулеб керен гурин дир.

Кин ясал божилел нужеда, васал,
Къойил батIиязе чагъана хъвалел?
Бахъун кинан кьелеб цохIо бугеб ракI,
ТIагIам бичIчIилалде гIузрудукь кколеб.

Гьаруге дий хIиллаби,
ХIалал дир рихьизеян,
Дир рекIелъе лъугьани,
КъватIиб нух батуларин.

## ГIУМРУДУЛ МАГIНА

Мун рикIкIалъанагIан, гIакълу хисула,
ГIадалал хиялаз ханлъиги гьабун,
Дур пикру гьабидал, дир ракI тIегьала,
Цадахъ араб рии цебеги тIамун.

Кив мун вугониги, дудехун цIалеб
ЩIа бакараб керен кий ун чучилеб?
ЦохIо дур гурони, сипат лъаларел
Сурмиял беразе щиб сабаб хъвалеб?

Сабру, сабруйилан къоялги тIамун,
Къориниб инадай, унго, дир гIумру.
ГIадамазе гьимун кIалъананиги,
Жаниб цIани буго, цIилал рухIулеб.

* * *

ГIажаибаб жойин дуниял бугеб,
Нилъ рокьаралгун кьал ахIун чIола гьеб.
Нилъ рокьуларезда хадур лъугьунел,
Гьагал хиялаца гудракье цIалеб.

Чан вугев вокьарав, йокьулей щвечIев,
Щай мун гIакса ккараб, гIатIидаб дунял?
Чан йигей йокьулей, вокьарав щвечIей,
ГIищкъу ккараб рекIел ихтияр гьечIеб.

* * *

Дир ракI дур ургъалида,
Дуда ракIалде щолищ?
Пикрабиги духъ руго,
Дур пикрабалъ дун йигищ?

Дий багIарбакъ гьимулел
Къоял тIаде щун ругин,
Щиб бугеб дур рекIеда,
РакI бохаяв, бикье дий.

Дун рорхатал хьулазул
ГIищкъудул сарин хъвалей,
Сардил макьуги билун,
Вокьулев, дуй хIелулей.

Дур макьабалъ дун йигищ?
Макьилъ дунан угьдаяв.
Къасдазул хьулалъ йигищ?
Къойил дун хиралъаяв.

## БАКЪГИ МОЦIГИ

Къалмиде гуронани,
Дица ургъел бикьичIев,
Бокьула дур хIакъалъулъ
Къойил шигIрабалъ хъвазе.

Чидар вукIинги лъалев,
ХIалхьи дие толарев,
РахIатхвараб дир рекIей
РакI чучизе ватулев.

КIарчамаб доб гьимигун
Макьабазулъ вачIунев,
Макьидаса йорчIиндал,
ВорчIами кьезе щолев.

Огь гьайбатлъи, берцинлъи
Къаси моцIрол, къад бакъул ,
Амма цоцай гьимичIел
Пашманлъи щиб ракIазул.

* * *

Валагьуге, гьудул, гьединан мун дихъ,
Дур берзул чIораца чIван лъолей йигин.
РечIчIуге, хазина, каранда гулла,
Гормендо жемизе хIал гIолеб гьечIин.

ХIасратго щуруге дий дол рагIаби,
ГIенеккидал, дие дунял гвангъулел.
Гъварилъуде рекIел асар битIуге,
БитIун дилъ рекъедал, къо-лъикI гьабулеб.



ХIайдар ХIАЖИЕВ

# ХАРБАЛ

## ХIИКМАТ

Арнольд Геррит Хенке гьавун вуго 1912-абилеб соналъул 6 августалда Роттердамалда – Голландия. Гьесие бокьулаанила суратал рахъи. Гьесул кIодо-эбел йикIун йиго югалъулаб Африкаялда. Гьей гьесда киданиги йихьун гьечIо. Цо пуланаб къоялъ гьес гьелъул сурат бахъун буго, гьелда релълъараб. Бусада кьижизе вегарав чи, къаси макьилъ вукIаго хъвараб портрет-сурат батулаанила радалалде гъоркь гъулбас гьабураб, амма гьасда лъалеб букIинчIила, кида ва кин жинца гьеб хIалтIи гьабурабали.

Цо къоялъ, цо пуланаб хIалтIи гьабулаго, гьасул квералда щун буго кIудияб ругъун. Би бачIинчIила, гьебго параялъ ругъунги сахлъун буго. Гьас, хIалбихьиялъе, жинцаго жиндаго ругъун лъун буго, ругънадаса би баккун гьечIо, гьеб параялъго ругъунги сахлъун буго.

Гьев вилълъун вуго кафеялде ва абун буго: «Нужеца мухь кьуни, дица нужер бокьарасе, гьаб нус дидаго къазабизе ихтияр кьела» - абун. Амма кафеялда рукIарал гIадамазда кIвечIила нус, ханжар, рапира гьасда къазабизе, гьасие зарал ккелилан хIинкъун.

Гьеб хIикматаб иш киса-кибего Европаялда тIибитIанила. Гьас жиндаго лъунила цIияб цIар – Мирин Джо. Гьес валагьула жиндиего кумекчи. Кумекчиясда цIар букIуна Ян де Гроот. Гьевгун цадахъ гьав щола 1947-абилеб маялъ Цюрихалда бугеб госпиталалде. Тохтурал, студентал, профессорал данделъараб залалда рентгеналда гъоркь хIалтIизе риччарал съемочнияб аппаратазда гъоркь рахъулел суратталгун, журналисталгун, гьас тIаса гурдеги бахъун, гьасул гьалмагъасул черхалда къазе гьарула хунжрул, рапираби, нусал. Мирин Джое расги лъугьунаро. Гьасда журналистаз гьикъула: «Кин дуда гьеб бажарулеб?» - абун. Мирин Джоца жаваб кьола: «Дун актер гуро. Нуж, дун гIадин Аллагьасда божани, гьеб нужедаги кIвезе букIана», - ян. Гьединал хIалбихьиял гьарула Базелалда, Берналда. ХIасил цого букIуна. Балагьун халкъгун, цо къоялъ гьасул ассистентас гьасда къазабула 50 ханжар, рапираби, нусал. Мирин Джое щибгIаги зарал лъугьунаро.

26-абилеб маялъ Мирин Джо вегун вуго бусада. Гьесул гьалмагъ ун вуго аэропорталде жиндирго чIужугун дандчIвазе. ТIадвуссарав гьесда Мирин Джо вегаралъувго ватун вуго. хал гьабидал пульс

лъикIаб батанила. Гьев кьижаралъуса вахъинчIого бан буго лъабго къо. Ункъабилеб къоялъ ахIун руго тохтурал, тохтураз чIезабун буго гьесул рухI босун бугилан.

Щай Мирин Джо гьединав лъугьарав?

1950-абилеб соналъ Американялъул гIалимчи Л.Фон-Хаббарадица хъвана тIехь «Дианетика», гьеб тIехь Россиялда къватIибе биччана 1993-абилеб соналъ. Гьеб тIехьалъул 274 абилеб страницаялда хъвалеб буго абортазул хIакъалъулъ. Гьес абулеб буго: «ЧIужугIадан аборт гьабизе лъугьани, гьелъул жийго жиндаго кIалъани, ургьиб бугеб лъимералъ гьеб магнитофоналъ гIадин хъвалила ва гьеб лъимер чIаго гьавуни, эбелалъул рагIаби гьесул къисматлъун лъугьинила. Мирин Джол эбелалъ гьев рехизе гьарун ратила гIмерал хIалбихьиял, амма гьезул пайда ккечIеб мехалъ гьелъ абулеб букIана: «Гьасие зарал гьабизе сундаго кIвезе гьечIо гьав гьавун хадувги, гьасие зарал лъицаго гьабизе гьечIо» - абун.

Гьев авторас абулеб буго лъимералъе ургьиб ккараб жагьаллъи гьебго къоялъго букIахъего лъугьунилан. Лъимералъ кинабго хъвалеб буго ургьив гьев вугеб мехалъ. Мисал, эбелалъул ва инсул кIалъай, гьел бусатIа ругелъул. Эбелалъулги цоги гьелда кIалъалезулги хабар.

Гьелда бан абизе бегьула эбелалъул рес бугин лъимадуе гIакълу кьезе, гьев ургьив вукIаго.

А.Македонскиясул эбел йикIуна жрица. Македонский ургьив вугеб мехалъ, гьелъ жиндирго чехьалда хъаталги кьабгIун, абулеб букIун буго: «Гьав дир васас киналго ракьал рахъизе руго. Гьав вукIине вуго жинда къей лъаларев рагъул цевехъан».

Александр Македонскияс эбелалъул программа тIубана. Гьеб киназдаго лъала. Щиб ккелеб букIараб Александрил эбелалъ яс гьаюн йикIарайани? Гьелъ гьабилаан, Александрица гьабураб. Щай магIарул руччаби киналго рагъазда жилерго умумулгун, вацалгун, росалгун хьолбохъ чIун рагъарал? Щайгурелъул, магIарул чIужугIан жинца лъимер гьабизе йигей, кидаго ургъулей йикIана вас гьавизе. МагIарул чIужугIаданалда лъалеб букIана кинан гьелъ росги гIагарлъиги рохизарилел васги гьавун. Гьеб пикругун яс гьаюни, гьей яс лъугьуней йикIана васасул хасият бугей.

Шейх Имангъазалил тIехьалда хъвалеб буго росги лъадиги дандчIвалелъул, чIужуялъ росасул сипат цебечIезабуни, лъимер инсуда релълъинила.

Мисал, лъимер ургьиб бугеб мехалъ росас чIужуялда квешаб рагIи абуни, гьеб лъимералъ гьеб жиндирго инсуда бецIила. БатIалъи букIине гьечIо, лъица щиб гьабуниги лъимаде йигей гIаданалда гьеб мехалъ ургьиб бугеб лъимер гьабила, балугълъиялде вахина яги яхина, амма рецIел босичIого тезе гьечIо. Гьелда бан абизе бегьула цойги нухалъ: эбелалъе рес буго лъимадул лъикIаб дугIа гьабизе, гIемерго-гIемер ва гьелдаса жиндиего пайда щвезе.

## ДУГIА

Лъимаде йигей эбел егила бусада. Лъела квегIаб квер цIинуялда тIад, бугеб къуваталъ цула гьеб квер тIад ва абила: «Дир гьаб лъимер букIина эбел-инсул къимат бугеб, гIакълу-лъай жиндилъ цIикIкIараб. Гьаб лъимералъе зарал гьабизе кIвезе гьечIо: нусалда, ханжаралда, гуллида. Гьасие зарал гьабиларо унтиялъ. Гаьсул бекараб бакI сахлъила хехго, цIалдезе махщел бкIина цIикIкIараб, гьасда лъазе руго киналго халкъазул мацIал. Гьасул букIина кIалъазе махщел. Дир лъимер букIина Аллагьасе лагълъи гьабулев, как-кIалалъе лъикIав. Гьаб абила гьоркьохъеб гIодобиччараб гьаракьалъ.

Амин! Амин! Амин!

## МАГIАРУЛ МАЦI

Дида ракIалде ккун букIинчIо магIарул мацI гьадигIан бечедаб мацI батилилан. Гьелъул хIисаб гьабизе ккана 1969-абилеб соналъ. 1969 соналъ дун лъай цIубазабизе ана Тифлисалде. Нижер общежитие букIана институталдаса гIемерго рикIкIад. Гьединлъидал, рекIине кколел рукIана автобусалда. Дида рагIулеб букIана автобус чIолеб бакIалде щведал, гуржияс яги гуржиялъ абулеб «гагье» абун. Гьелъул магIна кколеб букIана магIарул мацIалда «рагье» абураб.

Дида ракIалде ккана цадахъ цIалул тохтурзабазе суалал кьезе. Масала: «къалам», «кагъат», «чакар» - гьел рагIаби гуржияз магIарул мацIалда релълъун абулел ругоан. Дун вукIана цIалулев рентгеналъе. Рентгеналда рахъула суратал. Преподавателал жалго жидедаго кIалъалел ругони абулеб букIана «марцIлъена суралти», «сурат» абураб рагIи щибго хиси гьечIого магIарулаз гIадин абула гуржияз. Цо пуланаб сордоялъ дун валагьун вукIана Индиялъул киноялъухъ. Ясалъ вас ахIулев вукIана кьурдизе. Гьелъ абулеб букIана: «ача-ача» - ян. Дида гьеб бичIчIичIого хутIизе бегьулаан, ясалъ кверзул ишан гьабичIебани, «ача» - гьелъул магIна кколеб буго «вачIа».

Ингилисазул мацI лъазе гьабулаго дандчIвана рагIи «накл». Гьеб рагIул магIна магIарулазул «наку» абулеб рагIи ккола. Аби буго магIарулазул: «Наку чIван хIалтIана» абураб. Ингилисаз гьеб кици абула магIарулаз гIадин: «наке давун тю вёк» - магIна цо ккола. МагIарулаз абула «ингилисаб», ингилисаз абулеб буго «энгель»; магIарулаз абула «тайпа», ингилисаз абулеб буго «тейт».

Киналго Кавказалъул мацIал хъирщани, щибаб мацIалда гьоркьоб нужеда ратила къо-лъеберго рагIи магIарул мацIалъул. РакIалде ккола гьел мацIазда гьоркьор жеги цIикIкIун рукIине бегьулин магIарул рагIаби.

МахIачхъалаялъул университеталъул библиотекаялда дида батана тIехь «Цахурал». Дица гьеб тIехь гьезда гьарана, гьез гьеб дие кьуна. Гьеб тIехь гьариялъул магIна букIана «Цахурал» абулеб ва гьезда сверухъ ругел гIадамаз магIарул мацIалъул кинал рагIаби жидерго мацIал-

да гьоркьоре рачуе ругелали хал гьабизе. Гьеб тIехь хъван буго Мусал ХIамзат абулев чияс, гьев ккола цIахуразул чи.

Гьес босун буго 27 рагIи гIурус мацIалъул, гьелъул магIна кколеб буго лезги, табасаран, агульский, цахурский, рутульский мацIазда. Гьел мацIазда гьоркьор руго магIарул рагIабиги, жиделъ хиси гьечIел. Агулаз, рутулаз магIарул рагIи абулеб буго, масала: «дада», агулаз абулеб буго «дад», рутулаз абулеб буго «дид». МагIарул рагIи «цIе» гьезул мацIалда, ай лезгияз, табасараназ, агулаз, цахураз, рутулаз абулеб буго магIарулазго гIадин: «цIегь», «цIигь», «цIегь», «цIеэ», «цIигь». Гьел халкъаз магIарул рагIи «цIа» абулеб буго хичи гьечIого, магIарулаз гIадин «цIай», «цIа», «цIай, «цIа», «цIай». Гьелго халкъаз магIарулаз гIадин абулеб буго «нисо» магIарул мацI. Гьел цере рехсарал халкъаз абулеб буго «ниси», «нис», «нис», «нисе», «нисе». Гьелго халкъаз магIарулаз гIадин абулеб буго: «са», лезгияз «сос», табасараназ «сили», агулаз «силе», цахураз «сили», рутулаз «сьес».

Цахуразул гIадамаз, магIарулазго гIадин, абулеб буго «йоргъа», ай «юргъа» - юргъа чу.

Аваро-азербайджаналъул гIалимчи Т.М.Айтберовас чIезабулеб буго аваралги, цахуралги рукIанила цо халкъ, гьезул букIанила гIаммаб мацI, гIаммаб культура, гIамал-гIадатал. МагIарулав, учитель, гIалимчи, хъвадарухъан ЧIиркъатIаса Рамазан МухIамадовас росулел руго Африкаялъул «сухаили» жидеде абулел гIадамазул мацIалда, магIарулазго гIадин, абулел рагIаби. Гьениб буго щуго рагIи: «зарал», «хъегIизе», «моцI, «хьит», «гьалмагъ». Сухаилазул мацIалда гьел рагIаби абулел руго магIарулазго гIадин.

МагIарулазул цо гIалимчияс босун буго кIикъого япониялъул рагIи магIарулазго гIадин абулел. Балагьараб мехалъ магIарул мацI халкъалда гьоркьоб цIакъго машгьураб букIун буго цебе замнаялда.

Цоги мисал: буго римлязазул мацIалда гьадинаб рагIи «эргастул». Гьелъул магIна гладиаторал аренаялде рачиналде, гьел чIолеб бакI. «Эргастул» магIарул мацIалда «эрга», гьелда гIажаиблъи гьабизе кколаро, щайгурелъул, Апенинский полуостровалъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа букIун буго Албаниялъул халкъ.

Гьеб материал дида батана «Наука и религия» абураб, 1990-абилеб соналъ къватIибе бачIараб журналалъул №10 номералда 20 гьумералда. Дица хъвалеб буго гьеб щаклъи дир рекIелъе бачIана гьеб журнал цIаларабго.

Нилъеда лъала старо-русский язык букIин, старо-арабский язык букIин, амма старо-аварский язык гьечIо. МагIарул мацI, чанго гIасру тун, цебехун ана щибго хиси жиндилъ ккечIого. Гьеб буго мацIалъул къуват, халкъалъул къуват. Дица цебехунги, 2020-абилеб соналъги, дирго макъалаялда хъвана гьал рагIаби, амма гьедин букIаниги, дица гьанжелъизегIан хIужжаби ралагьулел рукIана.

«Армяназул биограф-хъвадарухъан Корюница хъвалеб буго: «V-абилеб гIасруялда Месроп Моштоц вачIана Албаниялъул бетIерлъуде ва

гьес цIияб алфавитги чIезабуна». Амма, хал гьабураб мехалда, нилъеда бихьулеб буго алфавит тIубан хисун гьечIеблъи, гьеб цодагьабго тIаде-гъоркье жубан, хиса-басун букIин, цIубазабун букIин. *(ХI.ГIабдурахIимов, тIехьалъул 30 гьумер).*

Дица абулеб буго, тIадчIун дица материал балагьулеб букIанилан, щайгурелъул, Моштац вуго армянав, гьесда кIвезе букIинчIо рагIул магIна гьабизе, данде кквезе, магIарул рагIийищ гьеб яги гуребищали. Гьаниб роль хIала «рагIухъ гIенеккизе лъай». Гьелда цадахъго бокьун буго абизе магIарул мацIалъул хIакъалъулъ Докторскияб защита гьабун буго Саймон Криси абулев чияс. Цо нухалда гьесул интервью босулаго, мухбирас гьесие кьун буго суал, кинаб мацIан бищунго тамашаяб бугеб дунялалда тIад абун, Саймон Крисица жаваб кьун буго – магIарул мацI бугилан. Гьес абун буго магIарул мацI жиндие рекIее гIунила ингилисазул мацIалдасацин абун.

Англиялъул бищунго къимат тIокIаб Оксфордалъул университеталда лъазабулеб буго магIарул мацI. МагIарул мацIалъул институт буго Тифлисалдаги; магIарул мацI лъазабулеб буго Голландиялда, Германиялда, Польшаялда. МагIарул мацIалда кIалъалел рукIун руго шумерал, хеттал, этрусал.

Абизе бегьула, тIоцебесеб алфавит букIараб батани «Латын», кIиабилеб алфавит букIана – магIарул алфавит. Дун гьелдаса цIакъ вохарав вуго. РакIалде ккола магIарулал дидасаги цIикIкIун рази рукIинилан.

## КЪАБУЛАБ ДУГIА

ЦIакъго цебего заманаялда, цо эбелалъул цого-цо вугев вас унтун вуго. Гьеб унти букIун буго захIматаб. Унтиялда цIар «дефтерия» букIун буго. Гьев васасул гIумруялъул букIун буго щуго сон. ХIухьел цIазе кIоларого вугев васги бусада лъун, эбел гьесда цее накабазда чIун, гIоданила, гьарданила Аллагьасда цо тIубараб цордо-къоялъ; кIиго сордо-къоялъ; лъабго сордо-къоялъ. Ункъабилеб сордо байбихьанила, тIаде щванила боголил гIуж. Гьеб заманалда вачIун цеве чIанила борхатаб черхалъул, халатаб хъахIаб мегежалъул чи ва абунила: «Дуца дурго дугIа нахъе босе, дуе гьедин лъикI букIине буго» - абун. Гьей гIаданалъ абунила: «Дир дугIа къабул гьабе!» - илан. Гьев чияс лъабго нухалда такрар гьабунила: «ДугIаялдаса инкар гьабе!» - илан. Амма гьей гIадан тIирун чIанила жиндир дугIа къабул гьабеян. Гьеб мехалъ гьев чияс абунила: «Йилълъа дида хадуй». Гьей тIаде яхъанила, йилълъанила гьесда хадуй. Лъугьанила цо рокъоре. Вугила гьалъул вас цIалдохъанасул партаялда нахъа гIодов чIун. Ячанила цоги рокъое – вугила гьалъул вас институталда цIалулев. Цинги ячанила цогиги рокъое, вугила гьалъул вас, кваридаги ван, далдалун. Гьев чи гьалъухъ валагьун чIанила ва нахъойги абунила: «Дуца дурго дугIа нахъе босе!» - абун. Гьей гIадан жеги цIакъ тIирун чIанила – дугIа къабул гьабеян.

Гьев чи циндаго цевеса тIагIанила. Гьеб параялъ васа хIухьел лъикI цIазе байбихьанила. ХъахIлъун, кьербосун букIараб гьумералда багIарлъи реханила. Цо анкьидаса вас бусадаса тIаде вахъанила. Хадув цIаланила школалда, анила армиялде. Лъугьанила институталде. Хадув гьев кваридаги ван, хун вуго.

Къисматалдаса рорчIизе бакI гьечIо. Кидаго гуро БетIергьанас дугIа къабул гьабулеб -гьелъул магIна ккола, хадув кIудияв гIурав гIолохъанчи гьев вас хвани, эбелалда жеги цIакъ захIмалъизе букIин, вас гьавунго вукIиндалха гIумру къокъав, къисмат къваридав.

1943-абилеб яги 1944-абилеб соналъ Украина немцазда кодоб бугеб мехалъ, немцаз партизаналиланги абун, цо росулъа анцIгогIанасев гIолилал жанирги тIамун, гьел кварида разе хIукмуялда рукIанила. Гьезда гьоркьой йикIун йиго эбелалъул цохIого-цо йигей яс. Эбел Аллагьасда гьардон йиго жиндир яс хвасар гьайеян. Гьедин гьарделаго ун буго лъабго-сордо-къо. Цо пуланаб къоялъ жанир рукIарал гIолохъаби немцаз къватIире рачанила, кварида ралеб бакIалда гъоркь эхетизарунила. Цо заманалдаса бачIанила боржун чIегIерал гъудузул тIел, гьел хурханила немцазда тIад, бахъанила кутакаб гьури, бецIлъанила дуниял, байбихьанила чвахун цIад базе. ТIурун немцалги анила, кварида разе рукIарал гIолилалги лъутун рохьорехун рорчIанила ва партизаналъул къукъаялда гъорлъ журанила…

Нужеда рагIун ватила Абархан абулев полководцасе щиб лъугьарабали? Гьев вачIунев вукIана Макка бахъизе, гьесул букIана 74 азарго чиясдаса гIуцIараб армия. Маккаялде гьев гIагарлъулаго, гьесухъе вачIуна АбутIалиб ва абула жиндир 200 варани нахъе кьейилан. Абарханица абула: «Мун Маккаялъул хан, вачIун вуго дихъе 200 варанИялъул бицун, амма дица щущахъ биххизабила нужер шагьар, дуца щай хIежалъул рукъалъул хIакъалъулъ щибго абулареб?»

АбутIалибица абула: «Дун вуго 200 варанИялъул бетIергьан, гьадаб хIежрукъ буго Аллагьасул рукъ, гьеб жинцаго Аллагьас цIунила» - ян.

Нужеда рагIун батила Абархание ва гьесул аскаралъе лъугьараб?

Дица гьал мисалал рачунел руго инсанасул къисмат кьури гьечIеб, къадалъ чIвараб магI гIадинаб жо букIин бичIчIизе.

Гьединго дица абулеб буго ТIадегIанав Аллагьасухъе щолин ракI-ракIалъ гьабураб дугIа ва Аллагьас гьелъие жавабги гьабулин.

## КЪИСМАТ

Италиялъул цо пуланав чи поездалдаги рекIун унев вукIанила жиндирго къваригIелалъ.

Гьеб поезд ун буго кьурулъа гъоркье гебегун. Киналго поездалда рекIарал гIадамал хун руго, цо гьев чи хутIизегIан. Гьеб къоялъ чIаго хутIарав чи гьев вукIун вуго. Унев вукIанила машинаялдаги рекIун цоги къваригIелалъ. Цо пуланаб кьодухъе щолаго, гьеб машинаги ун буго кьурулъа гъоркье гIурулъе бортун. Гьев чи ватун вуго гьеб машина

гъоркье араб кьурул хъинсалда тІад гІодов чІун, цогидал машинаялда рукІаралщинал хун руго.

Машина гъоркье бортун унаго, рагьизе ккола машинаялъул нуцІа ва кІанцІизе ккола нахъехун. Гьеб гьабун бажаризе гьечІо лъидаго, амма гьев кьурул хъинсида тІад гІодов чІун ватун вуго. Гьесда гьикъидал, гьес абуна буго, жинда щибго бичІчІулеб гьечІин, кин-щиб ккарабан. Заман арабго гьевго чи рекІун вуго самолеталда ва унев вукІун вуго цо жиндирго къваригІелалъ. Самолет зодоб кьвагьун буго ва гьеб самолеталда рукІарал киналго хун руго. Гьев ракьалде вортун унаго, авлахъалда букІараб ххарил гІарахъалде тІаде вортанила, ва щибго ккечІого, чІаго-сахго хутІанила.

Хванила гьев херлъун, жиндирго рокъов, жиндирго боснов, Аллагьасул хІукму щварабго.

ТІоцебе гІадамал гьаваялде рахине лъугьараб мехалъ, цояс гьабун буго самолет. Вахун вуго зодове. Борхалъи – 1500 метра бугеб зодоб гьеб самолет щущан буго. Гьев чи вортун вуго цо гІазул гІансиялде. ХутІун вуго чІаго. Аллагьасул къо тІаде гІунтІидал, жиндирго боснов унтун хванилан гьев чи.

1981-абилеб соналъул 24 августалда цо Лариса Савицкая абулей гІадан самолеталда йоржун уней йикІанила. 5220 метраялъул борхалъиялда гьей тІад йигеб самолет речІчІун буго гьебго борхалъиялдасан боржунеб букІараб цойги самолетгун. Самолет щущан ун буго, тІад рукІарал гІадамалги хун руго. Амма Лариса Савицкая абулей гІолохъанай яс чІаго хутІун йиго. Гьей гІадан хун йиго 2013 абилеб соналъ, 52 сонги гьаб дунялалда тІад бан, Аллагьас рикІкІун кьурал къоял лъугІун хадуса.

1971-абилеб соналъ цо гІолохъанай яс самолеталда рекІун уней йикІанила. ЦІар гьелда Джулиана Маргарет Кепке букІанила. ХІукумат – Перу. Самолет гьаваялда бихханила. Гьеб самолеталда тІад рукІарал 92 чи хванила. Амма гьей яс чІаго хутІанила. Аллагьасул къо тІаде гІунтІидал гьейги хванила жиндирго бусада. Гьалдаго релълъараб иш ккун букІун буго Болгариялда. Самолет кьвагьун буго зодоб гьелда тІад йикІарай яс чІаго хутІун йиго, цогидал абуни хун руго. Аллагьасул къо тІаде гІунтІидал, заман арабго, гьей хун йиго.

Киналго нилъ руго Аллагьасул лагъзал. Нилъее щивасе рикІкІун кьурал къоялги руго. Гьел къоял гьезухъа рахъизе кІолев чиги гьечІо. Буго Аллагьасул хІукму, гьелда рекъон уна гІадамасул гІумруги.

1968 абилеб соналъ дир эмен захІматго унтун вугилан, дун рокъове ахІана. Гьеб мехалда дун вукІана гІолохъанав тохтур. Дир инсуда аскІов гІодов чІун ватана дир инсул вацгІал, кІудияв гІалимчи. Дица инсуда уколал гьаруна. Цо къоялъ гьаруна, кІиго къоялъ, лъабго къоялъ. Дир инсул вацгІалас дида абуна: «ХІайдар, Аллагьасул хІукму буго къадалъ чІвараб магІ гІадаб жо. Гьеб гьаниса бахъун добегІан чІван бажаруларо…» - ян.

Дир эмен хвана. Буго Аллагьасул хІукму. Гьеб кІоларо лъиданиги хисизабизе кІвечІо.

Дида кIвелаан гьанир рачине гIемерал мисалал, амма дица гьеб гьабулеб гьечIо. БичIчIулесе гьал мисалал гIола. БичIчIулаpесда гьеб бичIчIизабизе захIматаб жо буго.

## АПОСТОЛ ПАВЕЛ

ТIоцебе гIурус дин баккараб мехалъ, гьеб диналде данде чIарав, гьеб дин гьабулезе гIакъуба кьолев чиясда цIар букIун буго Савел. Цо пуланаб къоялъ гьев унев вукIун вуго Шамалде. Гьесда цадахъ щивго вукIун гьечIо. Унаго, гьесда рагIун буго гьаракь: «Савел, Савел, Савел!» - илан. Савелица гьикъун буго: «Мун щив?» - абун. Жаваб щун буго гьадинаб: «Дун вуго дур аллагь. Щай дуца дие гIакъуба кьолеб? Жакъа къоялдаса нахъе дуда цIар буго «Павел». Гьеб бакIалда хабарги лъугIун буго.

Дица христианазул диналъулъ хIакъалъулъ гIемер цIалана. Дир буго Англиялдаса бачIараб «Сертификат», дир лъугIанин школа «soon» - «скоро». Дихъе рачIунел рукIана контрольниял хIалтIаби. АнцIго суал ингилисазул мацIалда. БачIана анцI-анцI суал лъеберго нухалда, ай лъабнусго суал. Гьеб лъабнусго суалалъул кIинусиялда лъабкъоялда анцIгоялъе дица битIараб жаваб кьуни, дие кьезе кколаан диплом. Дир лъабнусго суалалъе кьураб жавабазул кIинусиялдаункъоялда анцIила лъабго суалалъе битIараб жаваб кьун батана, анкьго суалалъе мекъи ккун ватана. Гьединлъидал, дие диплом щвана «щуйилаб» къиматалда.

Дица цIалана Павелил хIакъалъулъ. Нужедаги рагIун батила апостол Павел абурав чиясул хIакъалъулъ. Амма бичIчIизе кIолеб букIинчIо, щай диналде данде чIарав христианасул цо хIарп хисараб? КIиазаралда къоло цоабилеб соналъ дица босана кIиго тIехь: «Имя, характер, судьба» ва «Характер и имя». Гьезда тIад хIалтIун руго Борис Хигер, П.А.Флоренский, Ф.Величко, В.Яблоков, С.П.Кирсанов, С.Р.Минцлав, П.Руже, Ю.Р.Васильев.

Гьел гIалимзабаз чIезабулеб буго цIар букIин гIадамасул гIумруялъе пайда кьолеблъун, яги гьесул гIамал-хасият квешаб рахъалде цIалеблъун. Гьез абулеб буго лъимералъе цIар кьезе кколила эбелалъ. Гьез абулеб буго лъимералъе цIар кьуни кIудияв инсуца яги кIудияй эбелалъ, гьеб лъимералъе ва хъизаналъе битIккечIеблъун букIинилан.

ЦIаралъул букIунеб буго жиндирго гIамал-хасият-вибрация. Лъимералъе данде кколареб цIар кьуни гьесул вибрация букIунеб буго гьитIинаб. ГьитIинаб вибрациялъ кьолеб буго мекъаб гIамал, унти ва гь.ц. ЦIикIкIараб вибрация бугони, кьолеб буго сахлъи, бажари букIин, ритIухълъи.

Борис Хиггер вукIун вуго циркалъул хIалтIухъан – дрессировщик. Гьес ругьун гьабулеб цIиркъалда цIар букIун буго «Эльза». Гьелъул букIанила берцинаб гIамал, хIеренлъи, мукIурлъи. Гьес Эльза абураб гьелъул цIар хисун буго. ЦIиркъ лъугьун буго гIамал мекъаб, квешаб.

Масала: дида лъала хIадис МухIаммад аварагасул (гI.с.с.): «Дир цIар кьолеб бугони абе: дица кьолеб буго МухIаммад аварагасул цIар

МухIаммад абун хъван тани гьелъ гIей гьабулеб гьечIо. Хъвазе кколеб буго МухIаммад абун кIиго «мм» хъван.

ПатIимат абураб цIар кьезе кколеб буго: «Нижеца гьай нижер ясалъе кьолеб буго МухIаммад аварагасул (гI.с.с.) ясалъул цIар – ПатIимат.

Масала: ПатIиматил цIар хъвазе лъикIаб гьечIо «ПатIимат» абун. ЦIаралъул вибрация хисулеб буго.

Цоги мисал: МагIарулазул поэтесса Малачиева ГIайшатил цIар хисани, гьелъул бетIералъул унти къотIизе буго. Гьелъие лъикIаб букIина цIар Каримат, Калимат, Кавсарат яги «Кали».

ЦIаралъул байбихьуда «К» хIарп бугони вибрация цIикIкIунеб буго.

Цоги мисал: ЦIар хисизе бокьун гьечIони, тIокIцIар босани, гьелъул гIей гьабулеб буго.

Абулеб буго тIахьаз: цIаралда гьоркьоб бугони «**й**, **ь**-знак» цIаралъул бетIергьанасе квеш букIинила.

Цоги мисал. Цо пуланав чи вугони цIогьодулев, хIалалаб гурелде квер битIулев, гьесда цIар бугони «ГIиса» - цIар хисани, гьев чи лъикIавлъун лъугьинила.

Мисал: «ГIиса – Муса». Дун гьелда божулев вугев щай? МухIаммад аварагас (гI.с.с.) жиндирго вярагиялъе кьуна цIар; жиндирго хвалченалъе кьуна цIар; жиндирго чIорбутIалъе кьуна цIар; ГIалил хвалченалъе кьуна цIар.

Гьединал ишал МухIамад аварагас (гI.с.с.) чIалгIаде гьаричIо.

Дида лъала, гьитIинаб лъимер унтани, гIемер унтулеб бугони – гьесул цIар хиси ва гьелдаса хадуб лъимер лъикIлъи.

Дун микьго сонал хIалтIана лъималазул тохтурлъун. Дида лъала гIемерал мисалал гьелъул хIакъалъулъ.

## КЬИЖИ ВА МАКЬУ

Дун, врач хIисабалда, гIемерав чиясул рокъове лъугьана. Бицунаан, кибехун бетIер буссинабун кьижизе лъикIаб бугеб, макьу лъикIаб щвезе ккани. Ратулаан къаси макьу щоларого сордо рогьанин абулелги.

Гьезда дица бицунаан кибехун бетIер буссинабун кьижани, макьу лъикIаб букIунебали. Масала, бакъбаккудехун бетIер балагьизабун кьижани, макьу щола, гIакълу цIикIкIуна, радал тIаде рахьине захIмалъуларо.

Рес бугони квартираялда лъикIаб буго бетIер севералдехун буссинабун кьижизе. БетIер севералде буссинабун кьижани, гIакълу цIубараб лъугьина, гьесул интуиция цIикIкIина, радалиде черх тIадагьго батила. Югалде бетIер гьабун кьижарасул рикъзиялъул азбар гIатIилъила, амма гьеб рикъзи хехго кодоса ина. БакътIерхьуде бетIер гьабун кьижани, гIакълу къойидаса къойиде дагьлъила, бетIер унтила, ай мигреналъ кIвекIила.







Индекс годовой - ПС807 - 0
Индекс полугодовой - ПМ962 - 0

# Гьудуллъи



